Dikisahkah pula di Negara Tunjungbang sedang diadakan sayembara, yaitu siapa orang yang bisa menyembuhkan putri cantik akan dijadikan menantu raja. Putri Tunjungbang sedang sakit, dan bisa sembuh lagi hanya oleh air mata buaya putih. Banyak pimpinan negara yang tertarik oleh kecantikan putri, tetapi mereka tidak bisa mendapatkan air mata buaya putih karena dimakan buaya.

Kakek Boja memberi tahu dan mendesak Jayalalana untuk ikut sayembara di Negara tunjungbang. Mendengar cerita dari kakek Boja tentang kecantikan putri, Jayalalana menyanggupi untuk menyembuhkan putri Tunjungbang.

Jayalalana dan kakek Boja pergi ke sungai, lalu permukaan air ditepuk tiga kali sambil membaca mantra. Tak lama kemudian dari dalam sungai muncul buaya putih yang amat besar sekali. Buaya putih itu adalah pamannya Jayalalana. Kemudian Jayalalana menyampaikan tujuannya meminta air mata pamannya untuk menyembuhkan putri Tunungbang yang sakit. Buaya putih berpura-pura menangis, keluarlah air matanya yang harum semerbak. Tak lama kemudian buaya putih hilang menyelam ke dalam sungai.

Kakek Boja disuruh Jayalalana untuk pergi ke negara Tunjungbang sambil membawa airmata buaya putih. Raja Tunjungbang tidak percaya bahwa kakek-kakek bisa mendapatkan air mata buaya putih, sedangkan para raja juga banyak yang tidak bisa. Dihadapan putri yang sedang sakit, kakek Boja berpura-pura mengobatinya sambil membaca-baca mantra. Air mata buaya diteteskan pada putri dan sebagian diminumkan.

Karena kodratnya, kemudian putri bangun perlahan-lahan seperti baru bangun dari tidur.

Hati Raja Tunjungbang dan prameswari merasa gembira sekali, karena putrinya sudah sembuh. Kakek Boja oleh raja dihormat serta disuguhkan segala macam makanan. Oleh karena kakek Boja hanya mewakili cucunya, Raja Tunjungbang mengizinkan kakek Boja untuk segera pulang dan mempersiapkan acara perkawinan.

Putri Tunjungbang menolak untuk dikawinkan kepada cucu kakek Boja, karena merasa hina dan jelek rupa. Akan tetapi setelah putri melihat ketampanan Jayalalana ia sangat terkejut dan merasa malu sudah menolak cintanya. Akhirnya karena ketampanan Jayalalana Putri Tunjungbang dapat bersatu dengan Jayalalana, yang disaksikan oleh Raja Tunjungbang dan Tungjungsari saudara Raja Tunjungbang.

Raja Angun-angun amat marah mendengar putri Tunjungbang sudah dinikahi Raden Jayalalana. Ia mengutus patihnya untuk mengirimkan surat pernyataan perang pada Raja Tunjungbang. Surat dari negeri Angun-angun dibalas oleh ratu tua, isinya perang ditunggu siang maupun malam.

Dikisahkan prajurit Negeri Angun-angun menjarah daerah pesisir. Rakyat Tunjungbang yang tidak berdoa menderita kerugian jiwa maupun harta benda. Orang-orang yang selamat berlarian ke dalam negeri. Raden patih melapor pada Raden muda, bahwa rakyat beserta hartanya hancur diserang oleh pasukan dari Negeri Angun-angun.

Pasukan dari Tunjungbang hanya sedikit, perang berkecamuk banyak prajurit dari kedua belah pihak mati, terkena tombak, pedang, dan bedil. Mayat-mayat bergelimpangan. Patih Gagahi dari negeri Tunjungbang maju ke medan perang, ia menggunakan pedang saktinya. Banyak musuh yang tak mempan melawan kesaktian patih Gagahi, serta banyak yang mati ditangannya. Ratu tua hatinya gembira melihat musuhnya banyak yang mati.

Gandulaya anak raja negeri Angun-angun maju ke medan perang. Dengan gayanya yang penuh keberanian, ia memanggil-manggil Raden Jayalalana meminta dilayani perang. Kedua jago muda tersebut bertemu di tengah medan perang. Dengan menggunakan kuda Sembrani Jayalalana dapat melumpuhkan Gandulaya, serta para prajuritnya. Para tawanan perang dimasukan ke dalam penjara.

Kembali ke masa lalu, dikisahkan setan yang jatuh di tengah Jaladri yang pada waktu itu di Tunjungpuri meresap pada putri Ayu. Dipanah oleh Raden Jayalalana, saat itu sudah sadar kembali. Setan tersebut ingin membalas dendam kepada Raden Jayalalana. Dicarinya akal untuk bisa membalas. Kebetulan waktu itu jam dua malam Raden Jayalalana sedang tidur nyenyak, diambilnya Jayalalana, dibawa ke atas langit. Jayalalana tetap tidur walau ada dalam pangkuan setan.

Ketika tiba di tengah hutan belantara Jayalalana dijatuhkan, kemudian ia sadar dan merasa kaget mengapa ia ada di tengah hutan. Hatinya amat sedih. Namun tak lama kemudian datang kakek-kakek, eyang Jayalalana. Oleh eyangnya diberi pertolongan dan diceritakan bahwa yang menghianati itu adalah setan. Kemudian Eyangnya berkata, Raden masih bisa dicuri, tandanya ilmu Raden belum sempurna dan masih bodoh. Oleh karena itu sekarang raden harus pergi ke Ngeri Centakapuri yang ratunya terkenal sakti, tetapi ratunya sudah mati. Kesaktiannya turun kepada anaknya. Negeri Centakapuri sekarang sedang mengalami kesusahan dan Raden Jayalalana harus menolong pasti ilmu Raden tambah sakti. Sang resi menghilang, Raden Jayalalana pergi menuju negeri Centakapuri.

Jayalalana pergi meninggalkan istri dan kerajaan Tunjungbang untuk berangkat ke negeri Centakapuri, sebagaimana petuah kakeknya. Dia pergi dengan menggunakan cincin pusakanya, sehingga tak diketahui oleh siapapun termasuk oleh istrinya sendiri. Hal itu menimbulkan kegaduhan di dalam istana. Akan tetapi kemudian setelah istrinya membaca surat yang ditinggalkan suaminya yang menerangkan bahwa dia akan pergi berkelana selama dua bulan, sadarlah istrinya akan takdir yang harus diterimanya.

Dalam perjalanannya, Jayalalana ditemani oleh dua raksasa bawahannya yang bernama Denawa dan Denewi. Ketika di tengah hutan mereka bertemu dengan Milamanu, putra patih dari negeri Centakapuri. Milamanu meminta tolong kepada Jayalalana untuk menumpas dua raksasa yang menyerbu negerinya dan telah banyak memakan korban, bahkan ayahnya pun mati ditangan kedua raksasa itu. Jayalalana menyanggupinya. Pergilah mereka bersama menuju kota Centakapuri.

Kedua raksasa yang mengamuk di kota Centakapuri akhirnya dapat dikalahkan oleh Jayalalana dengan bantuan kedua raksasa bawahannya.

Raja beserta sebuah isi negeri Centakapuri bersukacita, karena raksasa yang menggangu negerinya telah mati. Kemudian sesuai dengan janji sang raja, Jayalalana dinikahkan putrinya.

### *2.3 Alih Aksara*

**Pupuh Asmarandana**

001. Karmaran panglipur galih, panghegar panglipur manah, malan mandar janten pareh, nyingkahan lampah nu salah, ingkar tina kasusah, nundung napsu nu teu puguh, kapegat polah panyegah.

002. Tibatan ngalaman cicing, mending mukaan dalung, ngaheluang tamba gapong, kurah koreh kana layang, sugan jadi manfaat, rurudet kapegat luput, sumangga hatur lumayan.

003. Bismillah awit ditulis, aya sahji nagara, nagri gede turta rame, nelahan Nagri Cempala, nu ngaheuyeuk nagara, kamashur digjaya punjul, kakasih Jayasumerat.

004. Titih rintih ratu adil, ke somah kalangkung nyaah, ratu keur sumedeng anom, kagungan garwana dua, putri geulis kacida, alus semu lungguh timpuh, teu aya cawadeunana.

005. Ka maru sami rarapaih, tara pisan pancengkadan, mustika wanita tulen, lucu mana sapanjangna, saroleh tur satia, kakasihna anu sepuh, kamashurna Sariratna.

006. Nu anom Neng Wulansari, tedak hing terah kajinan, teureuh hu nyepeng kadaton, papaku Nagri Cempala, kocap sahiji mangsa, ratu ka garwa ngadawuh, dibarung miri cisoca.

007. Duh dunungaan anu geulis, nyawa engkang salamina, akang keukeuh dina hate, tetep bayang boga anak, nu kasep tur digjaya, garwana ngawalon imut, abdi ge nya kitu pisan.

008. Abdi muntang siang wengi, neda-neda ka Pangeran, sok hoyong geura kalakon, sakapeung abdi ka anak, puasa ngisat awak, mugia kadar dikabul, saban Jumaah ge nadar.

009. Bakti kanu Maha Suci, hajat ka pakir sadaya, mung keukeuh mo weleh satunglung tacan laksana, enggal nu kapirwarta, ti harita garwa ratu, dimakbul sapanejana.

010. Hanteu lami dua Putri, nuju nyiram salirana leuleus lesu anu bobot, langkung bingah manah raja, dipusti didadama, diasuh ku dukun lepus, ku ajar gunawisesa.

011. Urang gancangkeun digurit, duanana garwa raja, tujuh bulan anu bobot, sang raja kebat nimbalan, ka mantri anu perceka, ngumpulkeun dukun nu luhung, paraji nu bijaksana.

012. Dikelun ka jero nagri, di paseban anggeus hempak, paraji ngajajar beres, di payunan ku sang raja, marando langkung hormat, jejeg aya genep puluh, galindeng ratu ngandika.

013. He kabeh dukun paraji, anjeun kudu ngajaraga, beurang peuting di kaputren, omat ulah pisan elat, jampe make tumbal, tali paranti karuhun, walonna unjuk sumangga.

014. Urang tunda raja Putri, kocapkeun sahiji setan, jin Suruluk ngaranna teh, ahli nenung kaniaya, geus nyaho eun harita, ti mega malang geus turun, moro Putri pang anomna.

**Pupuh Sinom**

015. Kacatur Neng Sariwulan, sanggeus diasupkeun ku jin, taya tangan pagawasa, tuluy lesu liwat saking, siang wengi mung nagis, sabab ku setan ditenung, jabang bayi salin rupa, nu bakal kasep raspati, geus dilampud ku setan di patuangan.

016. Kauninga ku Sang Raja, ningal garwa gulang guling, nangis teu aya kendatana, sumpeg manah Kangjeng Gusti, ka nu jaga ngalhir, he sakabeh dukun-dukun, manch kurang ariatna, ngajaga ka Agan Putri, da buktosna teu aya tumbal nu mental.

017. Hayoh geura tarekahan, piraku taya nu matih, dukun paraji rareuwas, ngadangu dawuh jeung gusti, pak pik pek taki-taki,

metakeun jampe nu luhung, Gan Putri diparancahan, teu lami Gan Putri lilir, setan panas nu aya di patuangan.

018. Rajah pamunah ngaheab, asa direrab ku jin, ti patuangan ka luar, tuluy kabur ka wiati, kocap ayeuna Putri, harita keneh ge emut, damang teu sakara-kara, Kangjeng Gusti bingah galih, he paraji ayeuna kula saksian.

019. Lantaran Gan Putri damang, kami rek ngabagi duit, tapi semet ayana, kudu leuwih ati-ati, ngajaga beurang peuting, nepi ka waktuna ngajuru, omat ulah lalawora, bok bisi katerap duei, para dukun ngawalon hatur sumangga.

020. Dukun paraji walatra, nampi hadiah ti gusti, sadayana suka bungah, atuh beuki ati-ati, ngajaga garwa gusti, siang wengi sami tugur, giliran taya kendatna, tepung minggu bulan ganti, cunduk wuku nu bobot salapan bulan.

021. Dukun ajar geus ngajajar, ma paraji ati-ati, sadaya sasadiaan, panglay koneng cikur deui, nyadiakeun keur bayi, papak popok sareng pupuk, nilih wanci, datang mangsa, bade, babar Agan Putri, ma paraji geus monyong rek mura panglay.

022. Tungtungna mah silih bura, jeung batur pada paraji, calipruk barau panglay, nyambuang lebeting puri, jeng Gusti bulak balik, ka nu anom ka nu sepuh, babarna teh bareng pisan, putrana pameget sami, sesek jejeg pinuh ku anu ngalayad.

023. Sami nanggeuy baki perak, eusina pangganggo duit, kangjeng raja bingah manah, anu mangkon pilih genti, sawareh heran galih, nyalaur lebeting kalbu, naha ieu putra raja, nu hiji mah beda teuing, rupina teh bosongot badag barongkal.

024. Putra ti tedak kajian, nyeta nu ditenung ku jin, bedana kabina-bina, kasep leungit ngajalitir, kawas bumi jeung langit, rupi murangkalih jauh, tapi taya anu lisan, hemang manah kangjeng gusti suka duka ningali rupi putrana.

025. Suka pedah hasil maksad, diijabah ku Yang Widih, dukana dumeh hanjakal, ninggal putra Wulansari, komona lami-lami, ngageungan beuki badegul, teu pati dipikanyaah, manah raja rada sedih, kebat bae ke raden patih nimbalan.

026. He patih kudu sadia, kaolahan warna-warni, kelun kabeh tatabeuhan ulah aya anukari, kumpukeun sing sayagi, bederet di alun-alun, kula maksud salametan, patih ngawalon sayagi, jisim abdi parantos sasadiaan.

027. Enggal tarapti keur pesta, buburonan wargi-wargi, bareres korsi jeung meja, kacaturkeun dina wengi, kumpul pangkal ngabaris, dina korsi meres diuk, sora degung panghormatan, sulingna semu ngalengis, ngiring sedih reh ratu rada tunggara.

028. Ger pesta balakecrakan, sora sinden narik resmi, dibarung barangtuang, sawareh mah anu ngibing, nu nopeng nu serimpi, aya loge anu nayub, para menak sukan-sukan, ngiring bingah Kangjeng Gusti, Kangjeng Raja ngadeg bade biantara.

029. He sadaya menak-menak, jeung sakabeh abdi-abdi, ayeuna kula saksian, rek ngalungsur waris nami, ka anak ti anu sepuh, nya ti Sariratna, ti ayeuna masing harti, sing tumuluy nelah Raden Jayabrahma.

030. Ger surak rame kacida, sorang asa kaindit, ngaguruh sora gamelan, Sang Ratu ngadawuh deui, sorana semu rintih, he kabeh mangka maralum, nu hiji anak kaula, nu ti Dewi Wulansari, sing katelah namina Jayalalana.

031. Ger surak ambal-ambalan, nguping dawuhan Jeng Gusti, sadaya sami nyaksian, menak kuring bingah galih, wasta na murangkalih, sadaya sami jumungjung, lambat-lambat nu nampina, sing tumeras adil wening, abdi-abdi sing narampi mamanisna.

**Pupuh Dangdanggula**

032. Nu maranis dangdan pesta ngiring, sukan-sukan opat puluh dingna, beurang peuting hanteu towong, nayaga sami tarunduh, tina kesel lami teuing, loba nu kasalahan salah nakol hulu,

panyangka kana goongna, nu kata kol, ngagurubug lilir, nayaga sami gundam.

033. Kacaturkeun pesta lastari, opat puluh dinten geus laksana, rehe cobrek di babancong, tilas tadina ngaguruh, kakarenna mung tiis jempling, namung tetep santosa, aman sepi kecu, sanajan teu aya ronda, tina mabok, kapaksa sasare jempling, ingkar tina kawajiban.

034. Kakocapkeun eta murangkalih, wuwuh lami wuwuh ngageungan, diiring demang kaliwon, diasuh ku menak wungkul, anu matuh panakawan, nelah Cendala nami, ngiring ka Den Bagus, murangkalih, estuning layeut pisan.

035. Namung ratu rada mindel galih, reha ningal putra dan Lalana, rupina kalangkung awon, kirang dipangku dirawu, mung Barahma nu di asih, saban dinten ditimang, ku rama diugung, Lalana teu di rosea, sakapueng mah, sok rada diapilaian, tara pisan mariksa.

036. Rada ningnang terahing narapti, pamor surem teu aya cahyaan, kulit hideung semu hejo, lir redak putra jin, sepi terahing bopati, henteu miasih ramana, pedah putra kitu, sarta dina waktu tuang, tara sareng, dipisahkeun rada tebih, bareng jeung Ki Cendala.

037. Den Lalana sakapeung sok nangis, tina margi nalangsa manahna, boga rupa hanetu parok, hanteu sarua jeung batur, ka ibu sering unjukan, ibuna nalangsa galih, ningal putra ngangluh, ku ibuna diparksa, aduh kasep putra ibu buah ati naha kunaon Agan.

038. Den Lalana sumungkem jeung nangis, ku ibuna raden diusapan, bari hanteu weleh nyombo, den putra unjuk hatur, kaulanun mugi kersa, ibu sing paos tingali, abdi putra ibu, aneh ku kangjeng rama, ka abdi mah, benten hanteu mikaasih, benten sareng ka Barahma.

039. Tuang ge jeung pangiring, saalasna sareng panakawan ampun abdi sanes heroy, Barahma mah diugung-ugung, abong kena kasep campernik, kulit hejo cacarulang, abdi mah beleg diu,

numawi ama teu nyaah, tara nguping, ibuna kumejot galih, kasuat ku putrana.

040. Putra ibu aduh deudeuh teuing, megeus ulah pati dipikiran, keun bae dihina oge, sing sabar bae agus, nampi kersaning Yang Sukma, gusti mah sipat adil, ngaganjar ngahukum, nu ngamurka ngawisesa, sing percaya, saha anu teguh ati, tan wande meunang mulya.

041. Ibuna ngahujanan citangis, atuh saha pijalmaeunana, nu ka putra hanteu abot, salapan bulan dikandung, hese namung tetep mikanyaah, mikaasih, abotna kaliwat saking, puguh hiji-hijina.

042. Kacaturkeun dina hiji wanci, Den Barahma sareng Den Lalana, ka pasar amengan nongton urang pasar galujrud, barang ninggal putra raja, kaget kaliwat saking, ningal bedegul, boa lain putra raja, Den Barahma, ti pasar ninggalkeun ngacir, ngantunkeun Den Lalana.

043. Ki Cendala teu ngadangu tadi, jalma-jalma sami ngupat Agan, Den Lalana jalmi awon, walon Den Barahma puguh, mana embung bareng ulin, dipiluan ku si eta, barang keur sumaur, karasa ku Den Lalana, dongkapna teh gasik-gasik teuing, tapi barang jol dongkap.

044. Dipapagkeun ku batu karikil, diperekpek meneran tarang, getihna ge ucar-acer, Den Lalana ngudupung, nu dosana tuluy ngacir, barang jol ge ka latar, ku ratu diburu, dipangkon langkung nyaah, Den Barahma, unjukan dibarung nangis, ama abdi teu suka.

045. Gaduh dulur si Lalana jurig, jalmi-jalmi ka abdi moyokan, di pasar guguyon rame, abdi isin kalangkung, najan kasep dulurna jurig, mani teu dihargaan, najan terah ratu, hemeng galih Kangjeng Raja, najan awon, da puguh anak pribadi, naon leungit komara.

046. Tunda heula anu eukeur istori, Den Lalana harita geus gugah mulih ka ibuna kaget, ibuna reuwas kalangkung, barang ningal pinuh ku getih diboro diusapan, tarangna teratu, na kunaon ieu Agan mani raca, tarang baloboran getih, Den Lalana balaka.

047. Teru terang ka ibuna pupulih, ti kawitan amengan ka pasar,

dugi ka harita jonghok hiji ge hanteu kalarung, ibuna gogodeg nguping, teu sangka kitu peta, wekasan ngadawuh, keun bae Agan sing sabar, tong kapalang, pasrah ka Gusti Yang Widi, keunna keur saanjeunna.

048. Tunda heula anu runtik galih, kacaturkeun setan tadi tea, anu nenung waktos bobot, sumeredet jeung ngaranjug, inget nenung putra gusti, harita hayang neang, panasaran tangtu, ku rupa nu ditenungna, siga naon, naha kasep naha geulis, setan geus salin rupa.

049. Harita ge jadi manuk Nori, ules alus nu matak kagiwang, buluna lir sutra hejo sukuna emas ngagebur pamatukna nya kitu duei, tuluy moro paseban, meneran kumpul, manuk euntreup kana meja pada kaget, sadaya anu ningali, dikepung ku sadaya.

050. Henteu beunang dirontok ku mantri, lila pisan manuk pipindahan, sadayana pada kaget, tapi henteu hiber jauh ngapungna teh bet lindeuk japati, den patih tuluy dangdan rikat, tuluy nubruk, manukna lindeuk kacida, enggeus kenging ku raden patih kasangking, mungkur angkatna gancang.

## Pupuh Pangkur

051. Lajeng ngadeuheus ka raja, hanteu lami den patih lebat sumping, dongkap ka payuneun ratu, sang raja kaget pisan, ningal patih mawa manuk alus semu, tuluy ka petih mariksa, manuk naon alus teuing.

052. Patih nyemban jeung unjukan, henteu terang namina mah abdi gusti, ditewakna di kadatun, waktos nuju kempelan, ku sadaya ieu manuk dikarepung, namung weleh hanteu beunang, milikna ku jisim abdi.

053. Disanggakeun ku Den Patya, kangjeng gusti nampi manuk bingah galih, ka upas nimbalan rusuh, upas saur Raden Barahma, pek bejakeun kami meunang manuk alus, upas leumpang gagancangan, di alun-alun kapanggih.

054. Nuju amengan tiluan, Den Barahma Lalana Cendala ngiring,

upas gancangna miunjak, Agan disaur ku rama, mangga enggal rama kenging manuk alus, enggal lumpat Den Barahmak, Lalana nya kitu deui.

055. Teu kacatur di jalanna, kakocapkeun geus darongkap murangkaih, ku rama lajeng dirawu, Den Barahma dicandak, Den Lalana teu di leret teu dirawu, bet pilih kasih ka putra, nu awon kaluli-luli.

056. Teu ditaros taros acan, ngan Barahma nu di ugung liwat saking, kawantu rupuna mulus, ngandika ieu ujang, geura mama meunang manuk alus langkung, tuh ayeuna dikurungan, beunang newak uwa patih.

057. Ku Barahma ditingalan, ama eta naon manuk alus teuing, ramana lajeng ngadawuh, duka asep ngaranna mah, ama oge hanteu terang ngaranna manuk, eta manuk teh nembalan, kuring ngaran manuk Nori.

058. Langkung bingah manah raja, nguping manuk bisa ngomong kawas jalmi, harita kebat ngadawuh, he manuk anyar, naon maneh kahakanan keur di gunung, manuk ka ratu ngajawab, anu di dahar ku kuring.

059. Nu matuh mah hanteu loba, geus maranti kahakanan awak kuring, isuk-isuk kulub jantung, dibungkusan daun laja, kangjeng ratu heran barang ngadang, he upas maneh pek ngala, daun laja nu beresih.

060. Serta jantung kudu meunang, keur parabna nya eta ieu manuk Nori, cek manuk bodo kalngkung, boro bae pangkat raja, teu harti di bere sindir sakitu, siga mah da lain enya, sihoreng teh kieu geuning.

061. Kuring neang anak raja, anu meunang nenung estu moal lali, aya laja sindir wungkul, jantung tenung nyatana, beu cilaka tanwande wirang na wuku, engke di ahir kasorang, geus tangtu bakal pinanggih.

062. Kacaturkeun Den Lalana, seug unjukan ka rama neda permisi, hotong ningal rupa manuk, namung teu widian, saur ratu maneh mah montong culangung, lain manuk enkeur sia, bagean Brahma Raspati.

063. Raden Lalana ngalenyap, nguping saur ramana ku matak nyeri, abong kanu goreng patut, estu dibeda-beda, hate sedih tugenah kaliwat langkung, ti batan nandang nalangsa, luas rek ngahuang diri.

064. Teu siga ka Den Barahma, dipiasih ku rama dipusti-pusti, salamina mung diugung, Lalana nangis nalangsa, ngangres ngenes jadi jalma goreng patut, ku ramana di carekan, ku batur taya pangaji.

065. Rampohpoy angkat ka latar, melas-melis sasambat lebeting galih, bari dina tembok nyuuh, harianeun kangjeng rama, boro bae ama teh ratu linuhung, kocap adil palamantra, ka abdi mah nganyenyeri.

066. Sihoreng teh ari dunya, hanteu langgeng kawasna ganti ganti, teu sapertos robul gapur, duh gusti nu murbengrat, pasrah sadrah abdi nyanggakeun nya umur, hirup ge taya gunana, loba kanyeri kapeurih.

067. Waktu Lalana sasambat, kabeneran Den Brahma ka dinya sumping, nyampeurkeun bari ngadawuh, ku naon maneh Lalana, make ceurik na tembok bari nyuuh, ngawaloh Raden Lalana, duh engkang dulur sim abdi.

068. Abdi banget panasaran, hoyong ningal manuk alus tadi, mung kangjeng rama teu rujuk, saurna kangge engkang bisi leupas tinangtos abdi digantung, duh engkang abdi tulungan, mugi diparin ningali.

069. Raden Barahma pok nyentak, kurang ajar sia make wani-wani, nyebut engkang ngaku dulur, aing teu sudi pisan, da seia mah umat goreng patut, da sia lain jalma, sia lain dulur aing.

070. Beuki ngenes Den Lalana, nguping saur Den Barahma ngahina teuing, awak lesu nguyung alum, lajeng angkat ti dinya, sajalan teu weleh nangis sumengruk, nalangsa ku kadar awak, nampi takdir Yang Widi.

071. Barang dongkap ka ibuna, jol dirontok ku ibuna bari nangis, aduh Agan putra ibu, puputon jimat ningwang, na ku naon unggal datang ngadon nyegruk, bet taya pisan beragna, cing atuh ku naon deui.

072. Den Lalana ngawalonan, ka ibuna bari nyuuh nyegruk nangis, duh ibu abdi mah ampun, teu disangka kadar awak, tutulisan paparin Gusti Yang Agung, kutan kieu karasana, ari jalmi anu laip.

073. Saumur nandang nalangsa, nadah sedih ngan ririwit ku kanyeri, tuluy keneh rodek hulu, ti batan cacad awak mah, beuki nyeri nadah panghina ti sepuh, buktina ama teu nyaah, abdi mah diapilain.

074. Sagala rupi kahayang, teu laksana kalah siga beuki ijid, abong kena goreng patut, teu sapartos ka Barahma, sagala ge mung kangge puputon wungkul, da abdi mah anak saha, mana dibedakeun teuing.

075. Ibuna sanajan sabar, hanteu kiat nguping murangkalih, manahna katarik ngangluh, munggah cipruk sirah putra, dihujannan cipanon nalangsa kalbu, ngenes taya keur bandingna, ngusapan bari ngalahir.

076. Duh anak ibu sing pasrah, sing tarima kana kudrat sukma jati, manusa mah hamo unggul, aing alih nu kawasa, nga saratna kudu teguhsabar jujur, nampi papasten ajeun Na, sing percaya serta tohid.

077. Ibu oge katempuhan, hate asa digerihan make hinis, ngingat-keun ka kadar agus, tapi dalah dikumaha, da papasten tutulisan ti Lohmahpud, ngan taya deui jalan na, ibu amanat saeutik.

078. Ti wates ayeuna Agan, masing eling ulah hayang bareng deui, jeung ahli anu takabur sabab mun dideukeutan, geus pinasti nyerina leuwih ti kitu, tangtu leuwih ti ayeuna, anti pitulung ti Gusti.

## Pupuh Kinanti

079. Nu ngangluh hanteu dicatur, dipapaler siang wengi, dinasehat ku ibuna, Den Lalana eunggeus lali, ku panghina saderekna, geus hanteu diemut deui.

080. Kocap dina waktu. Dan Lalana nyampuer deui, geus pupuilah ka ibunda, yen anjeunna bade ulin nyampeur ka Raden Barahman, barang parantos kenging widi.

081. Geus dangdan laju lumaku, dumugi ka Srimanganti, paam prok reujeung Cendala, Den Brahma masih di bumi, keur ngomong jeung manuk tea, kameumeutna siang wengi.

082. Manuk Nori dina kurung, kurung emas cahya kuning, barang ningal Ka Lalana, kurung dipindahkeun deui, disumputkeun, ku Barahma, geus kitu teras ka bumi.

083. Brahma bangun embung tepung, ngantun Den Lalana tadi, kalah lebet ka bumina, kacaturkeun manuk Nori, barang ningal Den Lalana, uluk salam bari seuri.

084. Haturan teuing Den Bagus, naha mana lami teuing, ayeuna nembe pateupang, hanteu panasaran ati, bet geuning kitu rupana, nampa cocobi ti kami.

085. Anjeun teh terahing ratu, tedaking andanawari, naha geuning kitu rupa, kapan ibu tedaking jin, nepi ka mana ajalna, bayang nyaho awak kami.

086. Awak manch teh badegul, kulit hideung mani lucir, semu hejo watak ngewa, buuk beureum semu galing, jeung bolotot gede mata, biwir kandel serta jeding.

087. Hantu segede nya tihul, hideung seperti damangsi, mun sato upama hayam, teu beda kawas camani, putra puputon cempala, heuheuy deuh ku alus teuing.

088. Ayeuna kami geus maphum, sidik ka rupa silaing, enggeus heunteu panasaran, pileuleuyan arek indit, saenggeus ngomong namuk musna, ilang teungit tampa lebih.

089. Nganjentl mung kantun kurung, keur ngagantung guwang-gawing, manuk nori heunteu aya, Den Lalana tuluy nangis, emut kasaur ramana, mun leupas tangtu dipeuncit.

090. Kaniaya teuing manuk, naha manch make leungit, tangtu urang katempuhan, ku kangjeng rama dipeuncit, duh ibu abdi cilaka, wande nandang balai.

091. Pileuleuyan nyawa ingsun, meureun teu betah di kuring, he manuk maneh hianat, mitenah ke awak aing, geus moal meung hampura, pinasti diri dipeuncit.

092. Den Barahman barang jebul, bade nyandak manuk Nori, barang sidik hanteu aya, tuluy nangis jerit-jerit, ka Lalana jeung nyarekan, lumpat nguninga ka gusti.

093. Barang dongkap pok miunjuk, aduh ama manuk Nori, dileupaskeun ku Lalana, pedah ka abdi teh sirik, manehna teu dipiasih, goreng rupi sulit ati.

094. Eukeur ratu rada giruk, katambih nampa istrori, ti putra nu dipipinta, ngangsonan nu lain lain, wekasan mah luas iklas, he cendala maneh indit.

095. Lalana ka dieu gusur, tuman kurang ajar teuing, ki Cendala tuluy lumpat, teu talangke nu kuer nangis, Den Lalana teh ditongkat, digusur kalangkung tarik.

096. Raden Lalana cumeluk, nangis bari jerit-jeritan, duh ampun teuing Cendala, ulah kieu-kieu teuing, sot lesotkeun arek leumpang, ulah digusur nyeri.

097. Ceuk Cendala tong nyampeluk, modar oge kajeun teuing, aing mah utusan raja, gancangan bae geus nepi, ku ramana dipariksa, Den Lalana bari nangis.

098. Cengkat bari tuluy diuk, awakna pinuh ku getih, tilas digusur Cendala, panganggena mani husik, duh ama abdi hampura, naon dosa awak abdi.

099. Den Barahma nempas nyeur, ngawonkeun dibarung nangis, sia buta kurang ajar, dileupaskeun manuk aing, moal saha nu dosana, api-api mah ka ceurik.

100. Dimana nu maling ngaku, sia jalma sulit ati, hanteu beda kana rupa, sirik pedah teu diasih, buta hejo buta rata, buta wereng buta tuli.

101. Ramana kalungkung bendu, abong geus kersaning gusti, hanteu panjang dimanahan, los lumebet kena puri, teras nepangan meswara, ibu Lalana nu rintih.

102. Barang jol lajeng ngadawuh, garwa engkang anu geulis, engkang bade neda suka, sinarangan neda widi, anak urang Den Lalana, campelak kaliwat saking.

103. Kawas lain terah ratu, tetesan papayung nagri, ka kolot ngapeskeun pisan, komo dibaring supagi, kawas anak beunang muja, ayeuna arek dipeuncit.

104. Putri Wulansari gugup, barang nguping saur saur gusti, geblug niba kapiuhan, reh putra bade dipeuncit, mangkangan hiji-hijina, manah ngangres sedih kingkin.

105. Ratu harita geus mungkur, ngantunkeun ka prameswari, nyandak pedang nu dilugas, Den Lalana nu keur nangis, geus dijambak mastakana, kabujeng dongkap den patih.

106. Dicepang panangan ratu, bari nyaur semu ajrih, aduh gusti abdi tobat, sanes bade nyaram namsir, mung engke heula sing sabar, kapan gusti teh Bopati.

107. Kaceluk ratu pinunjul, koncara adil linuwih, naha ayeuna bet nista, bade meuncit murangkalih, isin temen ku sadaya, mangga gusti geura galih.

108. Gampil kajurung ku napsu, komo ieu putra gusti, najan awon puguh putra, pilari hukum nu adil, ulah waka samagaha, nyanggakeun bebendon gusti.

109. Saur ratu anu bendu, bari ngeleret ka patih, bongan nista si Lalana, ngaleupaskeun manuk Nori, sabab geus dibere beja, mun leupas bakal dipeuncit.

110. Patih nyembah bari nyaur, duh gusti junjungan abdi, umpami kitu mahiwal, sanes kedah hukum pati, kedahna mah katempuhan, sina milarian Nori.

111. Pami teu digentoa hukum, tetap putra dipateni, abdi-abadi sadayana, tinangtos ngaraos risi, cenah wungkul kasalahan, pilakadar manuk hiji.

112. Nepi ka tega ka umur, katurug putra pituin, komo meu reun ka rakyat mah, tah kitu mugi kagalih, namung jisim abdi tobat, sanes bade mapadani.

113. Sang ratu ngadangu mesum, ka patih lajeng ngalahir, teyangan bae ayeuna bawa, sing nengan manuk Nori,di tempoan genep bulan, kudu bukti manuk deui.

114. Mun heunteu panggih dihukum, hayoh maneh geura indit, ku raden patih dicandak, Den Lalana nu keur nangis, di bumina diwurunkan, duh Agan ua mepeling.

115. Raden kedah buru buru, ulah aya di negeri, ua lain hanteu nyaah, wantu adat rama bengis, den Lalana nyembah hormat, kumambang cisoca mili.

**Pupuh kumandang**

116. Den Lalana pamit di payuneun patih, lajeng kebat angkat, lalewang pikir ngalingling, liliwung raosna lewang.

117. Kakocapkeun harita parantos sumping, ngadeuheus ka ibuna, barang ret ge katingali, diboro diceungceungrikan.

118. Aduh ampun teu nyana papangih deui, panyana geus wapat, ku rama dihukum mati, kulantaran boga dosa.

119. Ibu putra sami nalangsa nangis, ngemutkeun tutulisan, saumur nandangan berangati, raden ka ibu unjukan.

120. Kaulanun ibu ayeuna sim abdi, diutus ka ama, kedah nyusul manuk Nori, ku abdi kedah kacandak.

121. Abdi pamit mugia ibu teh widi, sareng neda dihampura.

122. Tilas ibu kahesean ku sim abdi, mugi jembar manah, ngahapunten lahir batin, teu kabujeng mulang tamba.

123. Ibu raden ngusapan dibarung nangis, nyaur dumaregda, aduh agan buah ati, ingsaaloh rido pisan.

124. Didoakeun ku ibu sing mulus diri, bral geura angkat, jeung ieu ibu maparin, sabiji ali wasiat.

125. Kasiatna mun jaga baringsukpagi, manggih kakeueungan, pek susutkeun ieu ali, kana duanna.

126. Geus tinangtu aya patih jin nu bijil, tah eta anu ngajaga, wakil ibu anu pasti, tah ieu geura tampanan.

127. Lajang nyembah Den Lalana hormat tadim, nampi jimat tea, sareng dipasihan duit, keur bekel engke di jalan.

128. Ieu Agan duit tilu ratus ringgit, keur bekel di jalan, ke Den Lalana ditampi, bari nyembah Raden angkat.

129. Lajeng mios ngantunkeun ibu nu nangis, murubut cisoca, wantu masih murangkalih, diajar titah lalana.

130. Tibelatna geus lain caturkeun deui, harita geus dongkap, lebah alun-alun panggih, sareng Den Brahma Cendala.

131. Den Brahmana panakawan ngalahir, tenjo si Lalana, sakeundeung deui lastari, ditundung ku kangjeng rama.

132. Mun ka leuweung tangtu dihakan dedemit, di kota kalapanran, ceuk Cendala mawa duit, diberean ku ibuna.

133. Seueur pisan bekel keur lunta ti nagri, malum anu nyaah, wantu anu dipiasih, goreng rupa alus bagja.

134. Den Barahma nyentak nyengor semu pusing, mun kitu percumah, tangtu gagal moal mati, pek pagat rebut duitna.

## Pupuh Magatru

135. Lamun beunang ku maneh duitna untung, ki Cendala atoh teuing, lumpat tarik buru-buru, geus ngujubkeun loba duit, lumpatna teh puratperot.

136. Barang dongkap ka palebah, alun-alun, Cendala ngagero tarik, he Lalana maneh tunggu, dago handapeun caringin lajeng liren Raden Anom.

137. Ki Cendala runghap-renghap ngomong seru, kadieukeun eta duit, mun teu mikeun ke ditumbuk, ku aing rek ditampiling, sia kojor, ngomongna bari molorot.

138. Walon Raden mangga atuh kaulanun, Cendala nampanan duit, bari ngomong ieu alus, tah ieu mere tampiling, pibekeun sia kojor.

139. Den Lalana ditampiling geblung nyuuh, ku ki Cendala diirik, aya hiji jalam muru, pangsiunan palajurit, ka Cendala tuluy naros.

140. Bagaimana kamu suka orang mukul, apa kamu gila hati, apa dosanya dipukul, hayo lekas jawab lagi, Cendala mungkin olobok.

141. Ngomong gugup kuring mah teu boga udud, sumawona kayu api, ngawalonna bari binggung, kana malayu teu ngarti, marukanna menta roko.

142. Ki Cendala molotot bari rek numbuk, make nyarekan ka aing, sia sia oge, anu burung, naha burung, naha make murang-maring, sia oge jalma oblo.

143. Naha sia nyarekan teu puguh-puguh, na teu nyaho adat aing, pangsiunan ngomong puguh, gelut mah paranti aing, ki Cendala momonjok.

144. Seung dibuang peureupna Cendala rubuh, hudang bari cungar-cengir, sirahna mani bancunur, ngingsreuk,bari jeba-jebi, tapi sigana teu kapok.

145. Singkir deui karepna mah arek numbuk, dikelid jungkel jumpalit, bari nangtung rada lanjung,luak-lieuk alak - alik, tuluy lumpat purat-perot.

146. Barang datang hareupeun Barahma sunu, ki Cendala ngomong nyendir, aduh ampun abdi labuh, tigurawil kana gawir, ieu tarang ge jantowor.

147. Siku gugus sirah ge mani bancunur, si Lalana lumpat ngacir, daek medu sanes wadul, kitu Cendala wawarti, eleh gelut kantun ngobral.

148. Kacaturkeun ayeuna teh Raden Bagus, Jaya Lalana Raspati, ti alun-alun geus mungkur, badarat angkatna runtik, hanteu puguh nu di boro.

149. Kebat mapay ka jalan nu rada singkur, bras ka kampung anu suni, bus ka reuma upruk-aprak, manggih hiji aki aki, raden ka aki teh naros.

150. Kebat mapay ka jalan nu rada singkur, bras ka kampung anu suni, bus ka reuma upruk-aprak, manggih hiji aki-aki, raden ka aki teh naros.

151. Aeh aki ieu teh jalan ka gunung, aki-aki lumpat ngacir, teu ngajab Ka Den Sunu, anggur kalah jerat-jerit, ka anak incu ngagero.

152. Aduh-aduh incu ieu aing tulung, aing dipegat ku jurig, ku anak buta ti gunung, Den Lalana kaget nguping, jeung manahna tampi raos.

153. Anu anom nalangsa kaliwat langkung, duh paingan kieu teuing, ku ama dipikagiruk, matak gila aki-aki, na kasaha atuh naros.

154. Ankat deui geus dongkap ka sisi gunung, kira-kira wanci Magrib, tapi Raden angkat laju, lumebet ka leuweung suni, rumpa-rampa anu anom.

## Pupuh Sinom

155. Leuweung ganggong rembet pisan, bangun enggonna dedemit, ting haraung oray kuda, badak maung nu kakuping, manahna Raden ketir nangis cipanonna ngucur, nete akar ngeumbing jangkar, poek medem buta rajin, pangganggona tikakarait mung rangsak.

156. Nyemblak imut ka ibuna, duh ibu jisim abdi, geus aya di tengah alas, mugi salamet nya diri, sinareng beuteung peurih, nga-linggit kurubuk, taya cai-cai acan, duh tobat kumaha teuing, Den lalalana taya tangan pangawasa.

157. Nalangsa kabina-bina, nangkod dina dahan kai, katiisan kai-bunan, sangsara siang jeung wengi, tuanna pucuk kai, atanapi nguah sentul, naon bae nu kapendak, bongborosna nu laleutik, Raden Putra di alas katalangsara.

158. Kira wanci haneut moyan, calikna handapeun kai, ningali ka beulah wetan, beh gunung gede nggadingding, punckna hanteu sidik, ari ngaranna kamashur,katelahna gunung Jahat, mun jalma ngalantung pasti, balik ngaran moal bisa deui mulang.

159. Di dinya teh enggon begal, tempat kecu tukang meuncit, ngarampas taya ras-rasan, tong boro nu mawa duit, najan teu mawa pasti, umurna tinangtos lapur, Den Lalana langkung susah, aya pikeun jalan deui, geus kahapit ku gunung palebah dinya.

160. Manahna Raden Lalana, harita ngaraos sabil, iklas luas bibilasan, najan hirp tukang nyeri, nalangsa nadah sedih, saumur-umur mung bingung, tibatan maot di kota, mending dihakan dedemit, kebat Raden ti dinya parantos angkat.

161. Nyorang tempat begal tega, kabeneran nuju sepi, waktu liwat ka dinya, begalna eukeur baralik, mung kari bangke jalmi, sisi jalan mani numpuk, bauna kabina-bina, salamet nu manah sabil, Raden jongjon geus jauh ti tempat eta.

162. Mapay lebak nyorang jungkrang, mipir-mipir sisi pasir, mendak legok lega pisan, sisi gunung nu ngajegir, manggih sayuran resik, bubuahan lubak-libuk, lobak balatak di lebak, kacapiring sisi pasir, jeruk cikaman dawa jeung mandalika.

163. Kadu kadongdong jeung gedang, kaweni buah kacapi, manggu munggah ngarangkadak, tangkal puri tanah miring, Raden teh hemar-hemir, miring puncak asa paur, anu saha nu bogana, babahan di sisi bukit, manah nekad lajeng bae ngadeuheusan.

164. Lebet ka jero sayuran, Den Lalana alak-alik, ningalan anu bogana, bet taya jalma sahiji, taya geusan pasini, teras bae mipit jeruk, dituang seger kacida, jagjag saperti sasari, tuluy bae bubuahan teh diranjah, aya sahiji kiara.

165. Gedena kaliwat saking, gorowong beulah tengahna, di sisina ge lalening, Den Lalana seug calik, handapeun kiara iuh, geus wareg nuang buahna, sarta aya batu hiji, herang lucir edena kabina-bina.

166. Den Lalana rada senang, teu aya manah karisi, emutannan lunta, rek di dinya bae cicing, betahna leat saking, snaajan teu aya

batur, kadaharan kari ngala, sarta tempat sisi cai, ngamandian wahangan gede kacida.

167. Enjing-enjing ka wahangan ngebak suka ati, laukna areuy-areuy, bangun rek manggih jalmi, ngadupak kana pingping, lalawak pating suruwuk, sepat pating karocepat, julung-julung ngajalingjing, barang hanjat ti walungan tuluy moyan.

168. Nuus dina batu tea, siang mipit buah deui, wengi mondok na kiara, kitu damel siang wengi, geus teu aya karisi, sanajan aya di gunung, kota mah ngan pangbibita, hanteu bisa ngsat diri, Den Lalana geus tetep bari tatapa.

169. Kaselang heula carita, ayeuna kacatur deui, anu di Nagri Cempala, Kangjeng Raja nyaur patih, kumaha paman patih, Si Lalana boa tuluy moal mulang.

170. Ayeuna kudu nitahan, ka mantri anu warani, nu kat ngajaga baha, kira tujuhan ge mahi, tatapi nu heunang milih, sakirana anu sanggup, newak si Jayalalana, mun baha mah hade peuncit, Raden patih mungkur ti payuncun raja.

## Pupuh Pangkur

171. Den patih kebat nimbalan, tujuh mantri harita anggeus sayagi, rek nyusul putra ratu, nya eta Jayalalana, geus darangdan eta mantri anu tujuh, sadia tumbak jeung pedang, panah tameng katutu bedil.

172. Geus iang mantri tujuhan, gadag-gidig nyoren edang manggul bedil, leumpangna pasegut-segut, geus liwat hulu nagara, nya hiji mantri ka baturna nyaur, urang teh nyusul ka mana, teu puguh ka mana nyungsi.

173. Nu disusul teh di mana, kudu pikir urang ulah gugup areureun di jalna, eukeur datang aki-aki muru, tukang ngangon munding tea, anu bareto ngabecir.

174. Sicuneun ku Den Lalana, harita teh ngaliwat ka hareupeun mantri, aki-aki teh disaur, barang geus adu hareupan, saur

mantri, cing aki sugan kapungkur, manggih budah goreng rupa, teu beda bae jeung jurig.

175. Aki-aki ngawalonan, kaulanun kantos, pendak jisim abdi, budak hideung jeung bedegul, kapungkur genep bulan, moal lepat sakitu anu kaemut, ka lebah ditu jalanna, asup kana leuweung kai.

176. Tujuh mantri pada bungah, hayu batur ayeuna mah indit deui, da geus puguh nu dituju, moal ka mana leosna, ayeuna mah ku urang tangtu karingkus, harita tuluy arangkat, lumebet ka leuweung kai.

177. Di leuweung ditareangan, tapi weleh Den Lalana teu kapanggih, mantri tujuh pada bingung, seepeun bebekelan, mangka-mangka hanteu acan hasil, maksud rek balik sieun ku raja, pasti dihukum pati.

178. Tunda mantri nu tujuhan, kacaturkeun aya sahiji Nagari, Tunjung Biru anu mashur, keur ubyag pangkat-pangkat nareangan sakita mantri nu kabur, ngaranna Andayasura, ngaheureuyan garwa patih.

179. Sakitan kabur ka alas, teu kapanggih diubek ka jero nagri, geus teus ka puncak gunung, barang dina hiji mangsa, kabeneran jeung Den Lalana patepung, pada reuwas duanana, nu kabur jeung nu diusir.

180. Barang gok ge pada ngejat, marukanana nu nyusul ti jero nagri, mantri ngaler raden ngidul, malik deui Den Lalana, rada jauh nyidikeun lain nu nyusul, teger deui Den Lalana, mondokna kiara nguni.

181. Mantri sakitan mah kebat, kabeneran di puncak gunung gok panggih, sareng mantri anu tujuh, nu kabur reuwas pisan, ditegeskeun sihoreng lain nu nyusul, kunu tujuh digupayan, nyampeurkeun hatena risi.

182. Kasieun mah tetep aya, puguh dosa sanajan hanteu kaciri, nu dirasa mah geus ngaku, saperti mantri tea, najan sidik eta teh lain nu nyusul, hatena mah gegebegan, sidik teu benang dipaling.

183. Nu tujuh mantri mariksa, urang mana aya di leuwung silaing, nu kabur tuluy wawangsul, kula jalma kakaburan, asal urang

Nagri Tunjung Sari estu, tujuh mantri atoh pisan, cing silaing sugan panggih.

184. Jeung budak hideung rupana, nu ditanya ngawalonan puguh panggih, tatapi ti dieu jauh, kira lalakon sabulan, pernahna teh dina legok sisi gunung, eta di dinya matuhna, mantri tujuh suka ati.

185. Harita keneh darangdan, pada bungah reh geus meunang beja pasti, dangdanan mani saregut, bral sadayana marangkat, nutur galur mapay-mapay sapituduh, teu dicatur di jalanna, ayeuna diselang deui.

186. Catur deui Den Lalana, enggeus genah dina tangkal kai dina kiara ngaringkung, taya deui karingrang, pasosore ngalantung di kebon sayur, dahareun taya kakurang, bungbuahan nu aramis.

187. Harita keur di wahangan, kokojoyan senang-senang anu mandi, taya nu ngaharu biru, kocapkeun nu tujuhan, harita teh geus nepi ka kebon sayur, bookeun anu tujuhan, ningal patempatan resmi.

188. Kituna teh bakating lapar, ningal buah meuhpeuy bangun nu aramis, naraek paburu-buru, mahmah-mihmih taruang, ponyo naker saperti anu mamayu, sadaya kamerekaan dariuk handapun kai.

189. Mantri saurang carita, betah temen saumur di dieu cicing, taya kasusah kabingung, mun teu aya utusan, keur neangan budak hideung nu bedegul, sigana teh moal mulang, ceu baturna puguh teuing.

190. Najan sakumaha senang, mo sampurna lubak-libuk nu aramis, inget ka nu di lembur, tinangtu ngadagoan, ngarep-ngarep indung siteueul tinangtu, cek baturna bener pisan, ayeuna mah hayu indit.

191. Urang neangan Lalana, moal salah di dieu matuhna cicing, sapanuduh jalma hatur, tuluy ditareangan, geus narepi kana kiara nu baku, katembong lidig urutna, cek mantri tetela sidik.

192. Na kai ieu matuhna, tuh kaciri aya anggel daun eurih, tap ayeuna bet suwung, meureun ulin ka luar, ayeuna, tapi ayeuna bet suwung, meureun ulin ka luar, ayeuna mah leuwih hade

bet suwung, meureun ulin ka luar, ayeuna mah leuwih hade urang tunggu, da tangtu aya balikna, urang intip ti nu buni.

193. Mantri tujuhan nyararingkah arindit neangan tempat nu buni, handapeun kai nu singkur, seja ngintip Den Putra, hanteu lami raden ti cai geus cunduk, ngajugjug kana kiara, nu ngintip mundu saeutik.

**Pupuh Durma**

194. Den Lalana salinna sisi kiara, teu terang keur diintip, mantri tujuha, pada ngalaugas pedang batur sing arati-ati masing iyatna, urang kepung budak leutik.

195. Geus dilikung Rahaden Jayalalana, Raden harita ningali kaget lebet manah, ngajerit bari ngejat, dirarontok ku mantri, Raden Lalana weleh hanteu kacangking.

196. Anu ngepng ambekna kabina-bina, montong lumpat sia iblis, moal burung beunang, masing rek ngapak ka mana, leuwih hade sia cicing mending ge pasrah, mun baha tangtu dipeucit.

197. Den Lalana barang nguping nu susumbar, ngajerit maratan langit, nyambat ka ibuna, aduh ibu abdi tobat, iteu abdi dibeberik utusan ama, neda rahmat sim abdi.

198. Aduh ibu samar teuing bisa pendak, mun kaya kieu mah diri duh ibu tulungan, sareng neda dihampra, dosa ageung dosa alit, eh pileuleuyan, dinten teu abdi mati.

199. Mantri-mantri anu tujuh ambek kacida,pada narik pedang tamsir, batur tong dihirupan, urang peuncit ayeuna, eta geus idin Jeng Gusti, urang tarigas, dapon kabawa ceuli.

200. Den Lalana salirana mani ruksak, beureum pinuh ku getih urut labuh nagkarak, cucuk canir ngaitan, lir peucang diudag anjing, Raden Lalana, lumpat teh bari nangis.

201. Urang tunda nu dikepung Den Lalana, aya anu kocap deui pandita nu keur tapa, dina uncak gunung et, ramana Neng Wulansari, eyang Lalana, harita waspada galih.

202. Lajeng mios pandita ti patapan, geus dongkap ka sisi cai, wahangan di tepak, ujug jol buaya datang, lajeng pandita ngalahir, he buaya ayeuna nepi ka pasti.

203. Nu ditunggu ku urnag ayeuna datang, mani kesel nganti-nganti geus nepi ka kadar, sugan bae saenyana, norah teu sulaya deui, kitu implengan, hempik geura arindit.

204. Tereh panggih incu kami Den Lalana, nu ku maneh keur dijagi, ayeuna iyatna, sing hade ngajagana, ayeuna eukeur prihatin, pada ngarudak, ku mantri Cendala Nagri.

205. Sang buaya ngawalonan nuhun pisan, abdi di dieu geus lami ngantos putu gamparan, hanteu geura enggal dongkap, saratus tahun ge leuwih, abdi ngantosa, ayeuna nuhun rek sumping.

206. Tong salempang manahan gampara mah, upami dongkap ka ai ku abdi disanggap, dihanjatkeun ka darat, pandita ngalahir manis, mihape pisan geus nyaur tuluy ngaleungit.

207. Sang buaya mapay-mapay di wahannga, tunda ki buaya putih, catur Den Lalana nu keur dikepung tea, harita bongoh saeutik, ti nu ngarudag, Den Lalana ngabecir.

208. Lumpatna teh meneran kana wahangan, ngahuleng kapegat cai, mun balik ka tukang, tinangtu nya tiwas, maju kapegat ku cai, kitu tarikna, mundutr maju balai.

209. Tatapina tibatan ku mantri beunang, tinangtu bakal dipeuncit, mending ka wahangan, harita tuluy luncat, malidkeun manch ka hilir, tapi teu lila, disanggap ku buaya putih.

210. Pek dihcumeheu Den Lalana ku buaya, Raden nyaur bari nagis, he jurig sagara, kami tng dilila-lila, geura teureuy sing lastari, jawab buaya, abdi teu seja mateni.

211. Jisim abdi ka Agan bade nulungan, jawab Raden bagja diri, atuh ulah lila eungap, enggal dibawa ka darat, buaya nyurungkuy tarik, nepi ka peuntas, ngarandegna sisi cai.

212. Diejagkeun Den Lalana ku buaya, geus ngadeg di sisi cai, bari ngadika, nuhun pitulung bapak, abdi teh bisa walagri, teu ditulungan, tanwanda abdi balai.

213. Naon atuh abi pamulang tarima, da puguh ge jalmi laip, hina taya kaboga, buaya putih ngajawab, duh Agan sembaheun abdi, teu mamrih bapa, pamulang tarima deui.

214. Margi bapa ka Agan kawajiban, ti kapungkur dianti-anti, ayeuna nembe pendak malahan bapa wasiat, mugi Agan kersa nampa, bade bumela, bapa sambat tangtos dugi.

215. Saratna mah cai tilu kali nepak, mun nandang kasesah ati, tangtu bapa atang, sanajan aya di mana, pamugi agan sing eling, wasiat bapa, jawab Den Lalana nampi.

216. Nuhun Agan ayeuna bapa rek mulang, buaya putih ngaleungit, teu puguh leosna, kantun den Jayalalana, keur ngadeg sisi cai, nu ngudag kocap, di peutas keura alak-ilik.

217. Katingali ku Raden pek digupayan, geura susul, ieu kami mantri nu tujuhan, kaget ningal budak meuntas sakitu tarikna cai, jalan ka mana, cai gede matak palid.

218. Pada bingung kabeh mantri teu untupan, paur ningal cai tarik, ngan aya saurang, nu haten ujub bisa, ka baturna nyaur tarik, tong susah-susah, bet eleh ku bebenjit.

219. Bet piraku Si Lalana bisa meuntas, urang mah komo mantri, gagah di urang, weduk sakti mandraguna, ulah mandeg hayu berik, ka mana lumpat, bras-brus laluncat mantri.

220. Kerelep les mantri-mantri nu tujuhan, ka hilir paralid, teu daya upaya, ku cai tarik kabawa, roroesan ge muhadir teu walakaya, kalem hanteu tembong deui.

221. Catur deui ayeuna Jayalalana, ningal mantri kabeh palid, manahna rada lega, laejgn ti dinya ge angkat, mapay-mapay sisi cai, kantun leulusna, samar raos Den Raspati.

## Pupuh Asmarandana

222. Angin leutik ngadalingding neakan dangdaunan, raos raden nu nyarande, kana tangkal kai gordah, nyecep tiis raosna, Raden teu aya kaparu, geus lasatari anu ngudag.

223. Kacatur anu paralid, mantri-mantri anu tujuhan, can nepi kana papasten, kabeneran kabeh nyangsang, kana areuy maruntang, haranjat naek ka luhur, salamet bisa ka darat.

224. Harita tuluy badami, ayeuna kumaha peta, aka mana urang nya leos, puguh udagan geus musna, rek balik urang kapalang, cek baturna atuh puguh, urang susah lalampahan.

225. Urang mapay sisi cai, ka mana be nepina, geus rempug tuluy marios, mapay di sisi wahangan, teu lami beh kapendak, handapeun gordah nu diuk, tetela Raden Lalana.

226. Nyarande sare ngajempling, tujuh mantri bungah manah, lakadalah bagja gede, ayeuna mah tangtu beunang, rek ka mana nya lumpat, hayu batur urang kepung, lalunan bisi ngejat.

227. Anu keur sare ngajempling, teu lilir ngarande tibra, ku sadaya didodoho, direjengan rek dibanda, Den Jayalalana reuwas, lilir bari budag-badug, jol lesot pananganana.

228. Nu di hareup ditampiling, anu di tukang disepak, anu di gigir ditonjok, mantri tujuh tingjarengkang, rikat Raden Lalana ngejat bari tuluy mabur, ninggalkeun anu nangkarak.

229. Den Lalana lumpat tarik, luhur gunung na puncakna, karepna rek nyumput bae, tatpi barang jol datang, heran kabina-bina, heran dibarung jeung atoh, keur kitu aya nu dongkap, aki-aki janggota, ngagupayan bari nyaur, he Raden ka dieu hiap.

230. Den Lalana hemar-hemir ningal nu janggotan panjang, padahal lain sabrongbrong, eta aki-aki tea, nyatana mah pandiita, nu matuh di luhur gunung, tetesing payung nagara.

231. Kebon sayur tadi, eta kabeh ciptaan, nyayagikeun anu anom, kocap harita pandita, nuyun ka Raden Lalana, geus calik papayun-payun, galindeng resi ngadika.

232. Raden ulah reuwas galih, saenyana ieu eyang, rama ibu raden tulen, Wulansari anak eyang, taedaking ti kajinan, eyang ka Raden geus maphum, sanajan hanteu balaka.

233. Sing sabar sing pasrah diri, tumarima kana kadar nampi papasten Yang Manon, ingkeun sakitu mah jamak, adatna hiji satria, kudu heula ngandung bingung, ngambah alam pangalaman.

234. Eyang sukur liwat saking, Raden ka dieu ayeuna, didago ti bareto, saenya rek wasiat, rek ngawaris pra jimat, hiji pedang dua baju, katilu rukmin beulitan.

235. Pek kasep ayeuna tampi, hiji deui ieu jimat, panah nu kalangkung aheng, ditampi sadaya jimat, nyembah Raden Lalana, kieu saur maha siku, ieu panah mun dipentang.

236. Najan Alas Banaspati, ngemplong jadi jalan besar, suma-wonna mun dipake, manah musuh nu digjaya, nu teu teurak pakarang katibanan pasti ajur,taya barang kinasihan.

237. Kasiatna jumat rukmin, upama dimake perang, dikebutkeun ka musuh teh, geus tangtu lesu awakna, mo aya pangawasa, ngalumbruk kawas kapuk, eta kitu kasiatna.

238. Ari ieu baju deui, ieu pasti kasiatna, upami lamun dipake, Raden weduk ngadak-ngadak, moalterurak pakarang, tumbak bedil tangtu ngeluk, teu raja ora kang tumama.

239. Den Lalana bingah galih, ngupingkeun saur eyangna, jimat disimpen sakabeh, eyangna deui ngandika, tatapi Raden omat, ka nagara ulah wangsul, montong hayang ka Cempala.

240. Pek gugu tuduh aki, ayeuna leumpang ngetan, di jalan tong pungkal-pengkol, omat ulah sumpang-simpang, ti dinya mangke mendak, pasantren rame kalangkung, ka dinya ge tunggal eyang.

241. Dulur eyang eta sidik, nu jadi kiayi di dinya, kumpulan putra Bupatos, pada guru dialajar, kagagahan karongkahan, weduk ngaleungit jeung ngapung, di dinya sagala aya.

242. Di dinya pandita Ajar Sakti, geura bralayeuna angkat, nyembah hormat Raden Anom, geus munjungan ka eyangna, pandita ilang musna, heran manah Raden Bagus, da puguh masih nonoman.

**Pupuh Sinom**

243. Geus ka luar ti patapan, Den Lalana bingah galih, kocap mantri tujuhan, anu ngudag-ngudag tadi, harita alak-ilik, laleumpang ka luhur gunung, kabeneran gok pependak, di jalan pasangrok deui, nu tujuhan harita bungaheun pisan.

244. Jol ngarontok teu tatanya, dipapag belitan rukmin, nu tujuhan tinggolepak, asa ajur tulang sandi, teu bisa usik-mail, lalumpuh kabeh ngaringkuk, taya tangan pangawasa, sasambat tobat gusti, ua ampun ayeuna seja ngawula.

245. Ku Den Lalana disentak, naha bosen ngabeberik, kamari mah rek meuncit, mawa tambanag rek nalikung, ayeuna mah mending perang, sapira kami bebenjit, mantri tujuh ka Raden tuluy nyarembah.

246. Abdi seja manakawan, siang wengi bade ngiring, walon Raden hanteu hayang teu pantes diiring-iring, taya gaew di kami, rumasa ku goreng patut, era mun mamawa gundal, mending maneh balik, mun milu kuriak nandang sangsara.

247. Duh Agan abdi kumaha, upami balik ka nagri linglung poho deui jalan, ageungna abdi risi, ama Agan tangtu meuncit, sakitu abdi kapaur, gumejang Den Lalana, naha maneh kurang lantap, atuh nyiar akal geusan kasalametan.

248. Kieu maneh nya ngajawab, lamun geus datang ka nagri, sumuhan perkawis budak, ku jisim abdi kapanggih, barang rek tuluy ngacir notogkeun maneh ka laut, titeuleum hanteu kapendak, duka dihakan dedemit, kudu kitu maneh ka raja unjukan.

249. Walon mantri nuhun Agan, namung susah jisim abdi, linglung moal bisa mulang, jalanna geus poho deui, sareng kapegat cai, pernahna nagara lapur, ti dieu kedah kamana, Den Lalana nyaur

pernahna nagara lapur, ti dieu kedah kamana, Den Lalana nyaur deui, ieu kami ayeuna rek mere jalan.

250. Panahna tuluy dipentang, ngahiung sorana paring, hookeun mantri tujuha, leuweung nu asalna rumbit, ngadak-ngadak jadi leungit, jadi jalan ngabalungbung, tina kasiatna panah, Raden ka mantri ngalahir, geura mulang ka dinya maneh jalanna.

251. Tujuh mantri tuluy iang, ngambah jalan anyar resik, batuna mani harerang, keusikna mani carentik, aspalna herang lucir, anu nincak suia kalbu, lalampuahan tilu bulan, sajam ge harita nepi, ka Cempala ki mantri harita bungah.

252. Jamparing geus digupayan, harita geus balik deui, kocap mantri tujuhan, di alun-alun agalintrik, sh, raden patih nyaur gugup, he mantri kuma bejana, mantri tujuh ngawalonan tadim, kaulanun perkawis Raden Lalana.

253. Ku jisim abdi kapendak, ngejat ngoccak ngajerit, ku abdi tuluy diudag, ninggangkeun maneh ka cai, weleh teu pendak deui, duka mun dihakan cucut, atanapi ku buaya, saur patih kajeun teuing, keun ku kami rek diunjukeun ka raja.

254. Patih ngadeuheusn ka raja, mando di payeuneun gusti, ngunjukkeun yen mantri tea, harita parantos dugi, sadayana diwarti, Raden Lalana ka laut, dipilari teu kapendak, kitu piunjukna patih, saur raja keun bae ari kitu mah.

255. Moal jadi kacapangan, lamun puguh geus lastari, lajeng raden patih mulang, tunda heula raden patih, ayeuna kocap deui, malikan anu kapungkur, nya Raden Jayalalana, geus angkat ti tempat tadi, mapay reuma mipir pasir nyorang lebak.

256. Barang nuju jongjon angkat, Raden harita teh nguping, kongkorongok hayam cur, ngarandeg bari ningali, nyaur lebeting galih, boa tempat nu dituju, Raden angkat beuki ganjang, ka luar ti leuwung suni, harita teh geus nyorang jalan satapak.

257. Beuki deukeut beuki nyata, katingal sanajan tebih, ngarunggunuk pilemburan, di jalan Raden papangih, barudak

gede letuik, barang ningal ka Den Bagus, barudak teh lalumpatan, sarieueunan tingjarerit, ningal rupi Raden ku matak hanjakal.

258. Singhoreng teh eta budak, keur guru ka maha resi, harita ge ngadeuheusan, walon saur maha resi, kunaon maneh ceurik, lukpat ka dieu rarusuh, walon santri aduh eyang, sisi leuwung aya jurig, ayeuna ge keur ngabedega di jalan.

259. Pandita mesem ngandika kasep eta lain jurig, sakedap deui ge datang, ka dieu jeung urang panggih, maha wiku tingali, ka raden nu bade rawuh, abong pandita waspada, terang kanu bakal jadi, harita ge raden geus dongkap ka latar.

260. Ku pandita geus dipapag duh raden bagea teuing, anu kasep incu eyang, mangga anggur geura calik, Lalana nyembah tadim, budak santri pabaliut, ampar-ampar pikeun semah, maha wiku nyaur deui, he barudak jurig teh nya ieu pisan.

261. Anu matak maneh lalumpat, barudak santri muringis, ku pandita disindiran, pada heran hanteu muni, ningali Den Raspati satata calik jeung wiku, ajrih tawis hormat, budak santri heran galih, sang pandita naha calik satata.

262. Jeung jalma kitu rupana, naha bet dihormat teuing, ceuk baturna bari nepak, eta jurig panas tiris, nu matak ku kiai, ayeuna ge sina hatur, hormat ka jurig muriang, bisi matak hiri dengki,enggeus tantu pikeun mihapekeun urang.

263. Santri-santri pada heran, gumujeng pandita resi, nyaur ka Raden Lalana, Asep teh anu ti mendi, lembur matuh nya ngancik, sareng saha nama ibu, Den Lalana ngawalon, teu langkung eyang nu wacis, sae awon eyang nu langkung uninga.

264. Duh bener saur pandita, Agan estu incu aing, ibu Agan Sariwulan, rama nu jeneng Narpati, di Cempala Nagari, nu nyepeng papayung agung, tah kitu lamun teu salah, nu matak ka dieu sumping, dipiwarangan ti elmu kagagahan.

**Pupuh Kinanti**

265. Den Pandita maha wiku, nu tapa gunung Candani, ata teh nya dulur eyang, mun teu salah pernah adi, Raden oge pernah eyang, ka eyang aki ti gigir.

266. Tong asa-asa guguru, da eyang ge tunggal wajib, tuh tingali barudak, eta oge kabeh santri, di dieu keur diajar, kebeh ge putra Bopati.

267. Maharesi lajeng nyaur, he kabeh barudak santri, ka dieu kumpul sadaya, maneh bisi hanteu harti, ieu anu anyar datang, saenyana incu kami.

268. Terah tetesing ratu, nu wasta Cempala Nagri, nu matak ka dieu datang, maksudna rek ngalap ilmu, jagana lalanang jagat, santri andeling jurit.

269. Pek ayeuna geura munjung, tuluy kabeh santri-santri, marunjung ka Den Lalana, Raden di dinya geus mukim, bareng pada diajar, elmu kasantrian budi.

270. Siang wengi hanteu kantun, diwuwuhan ku kiai, Den Lalana pada manah, paham sakabehna ilmu, kagagahan karongkahan, sumawona ngapung ngaleungit.

271. Guguruna enggeus tutug, elmu maharesi sisip, enggeus hanteu diwurukan, elmulahir elmu batin, santri anu loba heran, pantes keur lalanang langit.

272. Diwiridna opat isuk, tamplok kabeh elmu resi, eyangna bingah kacida, ningal putu pada galih, tetela hanteu sulaya, tawis andelan ning jurit.

273. Barang dina hiji waktu, sang pandita nyaur lirih, Agan ayeuna meujeuhna, elmu wyang enggeus sisip, kadigjaya karosaan, Raden hese nyiar tanding.

274. Nyembah hormat Raden Bagus, manawi jeung eyang widi, abdi bade ngalalana, walon pandita samawi, eyang saestuna ngidinan, Raden masing lulus diri.

275. Da elmu mah enggeus cukup, ngan ieu eyang wawaris, jimat kaos anu mulya, ari kasiatna sidik, lamun dipake ku urang, bisa ngapung jeung ngaleungit.

276. Ieu jimat nu saestu, turun ti nini aki, tedak terahing kajinan, th ayeuna tampi, sabab hidep anu geusan ngabasmi rurudet nagri.

277. Raden nyembah bingah kalbu, nampi wasiat ti aki, jimat kaos tuturunan, sang resi ngalahir deui, lamun ti dieu geus angkat, ku Raden kudu pilari.

278. Teangan sahiji kayu, kiara gede jungkiring, aya batu di handapna, sarta sakuriling bungking, lalenang lir disapuan, gorowong tengahna kai.

279. Di dinya kudu tapakur, tilu poe tilu peuting, engke tngtu datang setan, anu ahli hiridengki, malah anu boga dosa, nenung ka Raden keur alit.

280. Raden kudu dipundut, rupa nu tpaa ti Kodim, da manehna nu hianat, nu ngajadi manuk Nori, bral ayeuna geura angkat, Den Lalana nyembah tadim.

281. Geus munjung ka maha wiku, Raden langkung bingah galih, ti Pasantren geus ka luar, ngajajapkeun santri-santri,sosonoan rek papisah, dmugi ka sisi jami.

282. Teu galider nu lumaku,da dibeulit ku pangarti, ngawadahan kagagahan, kasipuh ku wening galih, teu sieun siga ka tukang, eukeur waktu sisip harti.

283. Geus asup ka leuweung singkur, kakaianana rumbit, tara kasorang ku jalma, enggon sagala dedemit, angkatna enggeus sabulan, Raden bari ngisat diri.

284. Puasa bari lumaku, hayang buru-buru hasil, tapi tetep bae jagjag, da kasipuh ku pangarti, barang dina wanci Asar, Raden ningal hiji kai.

285. Di handapna aya batu, lalening mani baresih, tangkal kiara ngayapak, boa ieu saur resi, tetela teu kasalahan, Raden di dinya geus calik.

286. Raden di dinya tapakur, handapeun kiara calik, iuh sarta tumaninah, angin leutik ngadalingding,tunda anu keur tatapa, kacatur setan keur ulin.

287. Ngalayang di mega mundung, pelesir tengah wiati, salaki jeung awewena, salakina pok ngalahir, jikan kami ku hareudang, jeung paranas daun ceuli.

288. Hayu anggur buru-buru, ayeuna mah urang balik, tuluy turun duanana, geus daratang kana kai, barang ret nenjo ka handap, duh paingan itu nini.

289. Tuh jelema eukeur diuk, mun teu nyaho maneh nini, ku aki nu diheureuyan, ditenung keur jabang bayi, anakna Ringaja Cempala, geuwat nini deudeuh teuing.

290. Nu matak ka dieu cunduk, meureun menta rupa asli, nam nini ka ditu bawa, ku cai panyipuh mandi, geus lila teuing karunya, gugu bae nini indit.

291. Raden ku nini ditungtun, dibawa mandi ka cai, bari tuluy disiraman, burinyay cahyana bijil, nya cadas-cadas harerang, keusik-keusik bararentik.

292. Salira mulus ngagebur, lir emas anyar disangling, kasep lain kaulinan, estu mustika lalaki, dewata turun ka dunya, alit lenggik ngajalentir.

293. Geus tutug mandi diruru, ku nini dibawa balik, dibikeun ka salakina, barang ret Raden ningali, gila ningal rupa setan, bulu gimbal biwir jeding.

294. Setan ngomong anak bedul, ambu-ambu kasep teuing, matak guyur nu ningalan, matak gujrud eusi puri, hanteu siga memeh datang, kulit hideung mani lucir.

295. Bapa pangling nenjo Agus, panyana hanteu rasapati, ayeuna mah meureun punah, moal aya nu nagih, anu ditenung ku bapa, hutang punah ulah nagih.

296. Buruhna tah icu cupu, jimat mujijat linuwih, gede pisan hasiatna, sanajan sapuluh nagri, diasupkeun kana jimat, eta tangtu moal heurin.

297. Ditampi ku Raden Sunu, bingah lebeting panggalaih, nuhun pasihan ti bapa, ayeuna mah abdi pamit, setan teh gancang nambalang, engke ulah rusuh teuing.

298. Aya hiji deui Agus, bapa ayeuna wawarti, teangan hiji kiara, anu gede liwat saking, aya batu di handapna, ku Agan kudu pilari.

299. Saenyana eta batu lamun ku urang diangkat, tangtu tembong lawang guha, enggon kuda Sambarani, sakitu bapa wasiat, nam Raden geura pilari.

300. Den bingah kalbu, nguping setan nu wawangsit, harita enggeus pamitan, lajeng Raden mios deui, ngangtunkeun anu wasiat, kasmaran lebet panggalih.

**Pupuh Asmarandana**

301. Angkatna Raden Raspati, gandang teu aya karingrang, kacumponan ku pasemon, hibarna ku pangawasa, sila cahya gubebyar, matak guyur urang lembur, matak ear sanagara.

302. Rintih lantip hade budi, jatnika lucu paningkah, pasemon lir tanjung anom, gandangna lir Arjuna,bungah manah teu rempan, jatnika tetsing ratu, wantu rembesing kusumah.

303. Lumebet ka leuweung rumbit, aya tengah-tengah alas, dina leuweung simagonggong, sakitu eunggeus lamina, tacan ngambah nagara, jangkep lima belas tahun, masih kench leuleuweungan.

304. Katunda Raden Raspati, aya deui nu kakocap, pandita kalangkung kahot, ramana raja Cempala, nya eta eyang Den Lalana, tapi puluh-puluh taun ngantosan sumping putuna.

305. Hanteu kabujeng kapanggih, kabujeng yuswana pegat, namung samemeh maot, amanat ka panakawan, buta Renis ngarana, Renis ieu maneh kudu, jimat aing kudu bawa.

306. Maneh kudu ati-ati, mamawa nepi kajaga, mun manggih satria anom, nami Den Jayalalana, putrana Sariwulan, ku maneh teh jimat kudu, sanggakeun ka Raden Putra.

307. Tah eta teh putu kami, barang parantos amanat, sang pandita lajeng maot, ayeuna caturkeun buta, geus boga anak dua, Denawa Denewi masyur, ngaran anak buta tea.

308. Duanana ge lalaki, kacaturkeun nya bapana, buta Renis arek naon, seug anakna dicalukan, harita keneh datang tuluy ka anakna nyaur, ayeuna bapa nyarita.

309. Ka maneh rek mere jangji, sabab ieu aya jimat, kagungan pandita kahot, ku maneh kudu ampihan, dimana engke jaga, lamun pareng bisa tepung, jeung santri ngalalana.

310. Teureuh Cempala Nagari, geuwat bikeun ieu jimat, maneh manakawan bae, mun ditanya hasiatna, ieu ali mujijat, bisa nyaho kana lembut, ka jin setan marakayangan.

311. Geus ditampi eta ali, buta Renis tuluy wafat, Denawa Denewi atoh, dumeh ngabogaan jimat, harita banda direcah, hakaneun geus megah meguh, gawena ngan barang hakan.

312. Barang hiji wanci, ki Denewi teh nyarita, kuring ngilikan jimat teh, ku kuring urang ampihan, Denawa ngomong nyentak, moal dibikeun ka batur, ieu mah aing nu boga.

313. Molotot mata Denewi, bari ngomong kurang ajar, akang kawas anu gelo, ngeukeuweuk waris nu lian, pilakadar ngilkan, hawek teuing tah si burung, adi lanceuk ger amarah.

314. Denewi ngarantok tarik, digegel pingping lanceukna, ku Denawa pek dicabok, tungtungna mah ger galungan, silih sered jeung dupak, silih balang silih alung, sarua pada kuatna.

315. Taya eleh sahiji, bedasna sarua pisan, gagahna nya kitu keneh, taya unggul saurang, beurang peuting nu perang, cadas rempag batu remuk, dipake nojer ku buta.

316. Perangna sabulan leuwih, leuweung rumbit jadi lenang, ku dipake silih sered, tatangkalan bungbang, hunyur pasir geus rata, tapi taya nu kasambut, sarua pada kuatna.

317. Tunda heula nu keur jurit, catur deui Den Lalana, harita kadinya anjog, ningal kanu peperangan, manahna heran pisan, nu perang sora ngaguruh, silih rebut pegat nyawa.

**Pupuh Magatru**

318. Den Lalana handapeun kai ngajentul, lalajo nu perang tanding, tinggalero tinggalerung, ngageder sorana tarik, Raden gogodeg olohok.

319. Jelemana teu katembong banget ngebul, taneuh mulek nganan ngiri, dipake nojer ku diu, gawir rempag hanteuu kari, sakolepat geus katembong.

320. Raden nyaur dina salebeling kalbu, euleuh singhoreng teh jurig, buta gede jangkung luhur, kunaraon make jurit, naha keur parebut naon.

321. Den Lalana sabot keur ngamanah kitu, kocap Denawa Denewi, ka raden Lalana muru, aduh adi bagja teuing, aya nu ngirim lelebok.

322. Na ti mana aya jalma luntang-lantung, milik hakaneun dikirim, hayu heula urang tarung, sabeulah sewang pek bagi urang gok jeung Raden Anom.

323. Cek Denewi engke heula ulah rusuh, ieu siga urang nagri, kasep semu anak ratu, rupana mani raspati, hayu urang pada naros.

324. Pagimana urang kecil tapi bagus, berani jalan sendiri, apa kamu tida tau, yang mempunyai ini bukit, lekas bilang jangan hinon.

325. Den Lalana tuluy ngawalon ka diu, bener kami urang nagri, naon sabab nanya kitu, empok maneh ngomong deui, ka urang ulah ngabohong.

326. Ki Denewa bari molotot jeung nyaur, sukur kami eunggeus panggih ayeuna menta diputus, reh boga sahiji ali, ku duaan rek diparo.

327. Tah ayeuna ka maneh rek menta tulung, kudu kumahakeun ali, ieu teh wasiat estu, ari ieu adi kami, tetap bae hayang moro.

328. Eta kitu asalna nu matak tarung, mana menta hukum adil, Den Lalana walon imut, kadieukeun eta ali, kami nu ngahukum tangtos.

329. Tapi ali naon hasiatna tangtu, cek buta kana ngaleungit, moal aya nu weruh, sanajan setan reujeung jin, ka nu nganggo hamo tembong.

330. Saur Raden mun enya mah eta kitu, sok atuh kadieu ali, ku buta dibikeun tuluy, geus nampi Raden ngalahir, ayeuna paboro-boro.

331. Ieu panah lamun dilepas ka luhur, saha heula anu nyangking kami milik ali geus tangtu, nu meunang eta jamparing, nu teu meunang tangtu gapong.

332. Seug dilepas jamparing mani ngahiung, buta anu moro gasik lumpatna paburu-buru, katincak teu ditingali, tatangkalan tingdorokdok.

333. Nu ngalayang didupak mani nalambru, kocapkeun eta jamparing, digupayan ku Den Sunu, harita geus balik deui, buta malik deui moro.

334. Barang datang ka payuneun, Raden Sunu, harita keneh ngaleungit, buta dua kantun napsu, ambek nyedek hanteu hasil, bati gogodeg olohok.

335. Aduh adi ayeuna urang katipu, kasep-kasep jadi culik, mun panggih sia diremus, buta dua bulak-balik, keur neangan Raden Anom.

336. Den Lalana ninggalkeun polah diu gumujeng lebeting galih, si buta lieureun nyusud, tumpa-tempo alak-ilik, molotot jeung tinggalero.

337. Eta ali ku Raden tuluy dicabut, harita ge katingali, ku dua buta diburu, geus hanteu ditanya deui, Raden ku buta dirontok.

338. Bari ngomong kadieukeun sia palung, ali nu aing dipaling, Raden Lalana ngawangsul, dibikeun deui ku kami, lamun beuheung eunggeus potong.

339. Eta buta mololot bakating napsu, ngagerem sihung pasalit, ngagila ka Den Bagus, kenca katuhu ngabiti, dicingcetkeun ku Den Anom.

340. Atuh poos hanteu keuna tuluy ngepung, Raden rancingas teu gimir, leueur lir upama belut, buta bongoh ditampiling, huntuna munggah arompong.

341. Utah getih sosongkolan gerang-gerung tapi da bubuhan sakti, hudang deui bari muru, karep males rek nampiling, Raden luncat kana tonggong.

342. Ceuli buta diciwit pating gurubug, asa dilerab ku geni, gabrag-gibrig, nyekel hulu, rek ditewak ngejat deui, cukang irungna ditajong.

343. Luluncatan kaditu-kadieu, kawas monyet dina kai, taya karisi kapaur, heureuy lir ucing kumincir, si buta nangkarak be-ngong.

344. Hudang deui buta ka Raden milari, najan mindeng ngajumpalik, beuki wani rasa nguntup, da puguh ka budak leutik, piraku nepi ka poos.

345. Den Lalana ka buta lajeng cumeluk, beakeun karep silaing, pek urang geura karepuk, bisi maneh hayang nguji, ka kami terah narpati.

346. Enya ieu terahing Cempala Ratu, putrana Wulansari jin, kami Lalana nu mashur, lamun maneh meunang jurit, tanwande sia kasohor.

347. Eta buta barang ngadenge Sang Sunu, Hookeun bari muringis, duanana tuluy diuk, ka Raden teh ngomong lirih, duh aduh Raden nu anom.

348. Naha leres Raden tuh putrana ratu, putra gusti Wulansari, pami kitu abdi ampun panakawan gusti, bujang turunan nu kahot.

349. Kapan abdi panakawan maha wiku, cyang gamparan sayakti, eta oge ali mashur, yaktosna sanes nu abdi, kedah ka gamparan langtos.

350. Ayeuna mah mangga nyanggakeun kula nun, bujeng-bujeng sipat ali, alah nyawa abdi hatur, ka gamparan bade ngiring, siang wengi bade ngesto.

351. Walon Raden sukur maneh arek milu, hayu atuh urang indit, Denewa Denewi nangtung, ka Raden Lalana ngiring, binggah manah anu anom.

352. Eungkur gagah tambah panakawan segut, Raden angkatna diiring, Denewa anu ti payun, anu ti pungkur Denewi, nu angkat manahna jongjon.

353. Raden ngemut ti salebeting kalbu, mun kieu mah salah teuing lain Lalana saestu, da ngadanding jeung diaping, tangku jalma sieun buron.

354. Nenjo buta gedena kaliwat langkung, moal deukeut jalmi jalmi, mending asupkeun ka cupu, tuluy Denewa Denewi, lebet karna cupu ngenggon.

355. Kawas nagri di jerona eta cupu, lalega buta arulin. hakaneun ge medah-meduh, dua buta bungah ati, cutur deui anu anom.

**Pupuh Sinom**

356. Barang dina hiji mangsa, aya anu katingali, tangkal kiara mayekpak, handapeunna lening beresih, Raden emut ka wangsit, yen dina handapeun batu, tuduhna teh lawang guha, tempat kuda sebrani, nu jagana sahiji manuk galudra.

357. Barang joi Raden ka dinya, kabeneran engkuer sapi, galudra anu tungguna, keur nyaraba ka basisir, ku Raden katingali, tetela yen batu, rubakna kabina-bina, pernah sahandapeun kai, lajeng Raden nyalindung kana kiara.

358. Tunda heula Den Lalana, kacatur galudra paksi, nu ulin sisi sagara, jeung bojona hanteu rapih, pasea sisi cai, sabab hanteu manggih lauk, taya bangke-bangke acan, bojona kaliwat pusing, tuluy mulang harita ka pamondokan.

359. Areunteup dina kiara, galudra bikang ngacewis, kanu jaluna nyarekan, ngangelendeng ka salaksi, ngabelaan naon aki, hanteu manggih lauk cai, menta terang cik naon nu ditungguan.

360. Salakina pok ngajawab, naha maneh comel teuing, nungguan hanteu percumah, sabab tugas ti sang aji, kudu didango ku aki, cek bojona naon atuh, salakina teu ngajawab, bojona pok ngomong deui, mun kitu mah teu nyaah ka pamajikan.

361. Buktina teu mere terang, salingkuh kaliwat saking, jeung bojona teu rusiah, mun kitu nini rek balik, teu guna ku salaksi, sarta menta talak tilu, hiji-hiji mah ngagokan, pek tetep dideui aki, salakina binggungeun kabina-bina.

362. Ari nyerahkeun kumaha, da puguh duriat meulit, lamun hanteu terus terang, aki-aki lages deui, dibejekeun ku risi, puguh ge amanat ge amanat ratu, kitu serba salah, tapi kulantaran asih, bojona teh nu sakitu satiana.

363. Wekasen tuluy carita, heung dibejakeun ku aki, asal nini ulah mulang, tapi ulah tarik teuing, bisi aya nu ngintip, manusa tukang culudur, saenyana tah di handap, moal aya nu tingkali, salianna aya eta dunungan urang.

364. Aki disumpah baheul, ku sang wiku terahing jin, teu meunang aya nu terang, iwal ti putuna hiji, anu bakal ngamilik, tuh itu handapeun batu, saeyana lawang guha, tempat kuda sabrani, kuda gagah nu bisa ngawang-ngawang.

365. Eta kitu saeyana, lamun nini tacan harti, caturkeun anu hiuhan, handapeun kiara calik, harita enggeus nguping bingah salebeting kalbu, nguliat tuluy cengkat, ngadehem kalangkung tarik, eta manuk ngagebeg bakating reuwas.

366. Duh aduh nini cilaka, tuh ieu manusa ngintip, da maneh mah lalawora, biwir teh hayang ngecewis, tong sipating istri, loba biwir bari manyun, geus kitu urang kumaha, bocor rusiah sang resi, geus tinangtua urang teh meunang hukuman.

367. Bojona tuluy nambalang, ngomong nyetak bari seuri, aki-aki humayua, bodo teh kaliwat saking, enya puguh rejeki manusa urang campluk, leutik geus sabeulah sewang, tamba peurih teuing peujit, enya bener kitu jawab salakina.

368. Tuluy talurun ka handap, ka Raden nanyana bengis, maneh manusa ti mana, mana make wani-wani, handapeun kiara ngintip, naha enggeus bosen hirup, ceuk bikangna tong ditanya, peujit ge kaburu peurih, ngomongna teh bari muriding buluna.

369. Galudra tuluy narajang, nyabet ka Raden Raspati, Den Lalana geus iatna, barang hiuk nyambar tarik, Raden ngelok saeutik, bari newek kana, tuluy ditongtak ka handap, hiji-hiji ditampiling, galudra teh gerang-gerung, kokosehan.

370. Mani muih kapiuhan, lieur matihna tampiling, sajongjongan taya daya, lalesu satulang sandi, gawena taya deui, malencrong ka Raden Bagus, Jayalalana ngandika, he maneh galudra paksi, mun can nyaho nya kami incu pandit.

371. Terah nagera cempala, teureuh terah ratuning jin, galudra teh ngawalon, aduh-aduh kangjeng gusti, haturan Agan sumping, teu sangka ayeuna, tepung, namung pami leres Agan, putuna sang maha resi, sing kaangkat itu batu tutup guha.

372. Eta sayaktosna lawang, ka gedogan sambrani, tah eta batu tutupna, beuratna kaliwat saking, Raden teh taki-taki batu diangkat kajungjung, da puguh ge nu gaduhna, warisan ti eyang resi, geus molongo harita ge lawang guha.

373. Kakuping kuda hohoang, handurun matak resi, sigana boga wirasat, ahrita kaneh ge bijil, totoker bari muni, sabrani hejo mancur, silo ramgkeun gumebyar, sela sebrak jeung kadali, ting guriyap emas inten bolongkotan.

374. Matak silo nu ningalan, sesepek teu daek cicing, kai nu deukeut rarebah, bumi eundeur gunjang-ganjing, sadaya matak gimir, manuk galudra mah kabur, lampahna teu kacarita, catur kuda sambrani, geus sesegor, sabab ngambeu bau jalma.

375. Ungas-ungus jeung hohong, nyampeurkeun Raden Raspati, kuda melotot matana lulunjuk jeung bari nyiring, polahna matak gimar, ceulina ge mani kucup, gigideung bari calagap, Den Lalana taki-taki, geus iatna jeung nyepeng rukmin beulitan.

376. Tetela kuda narajang, nubruka kalangkung tarik, rikat nyingcet Den Lalana, bari dikebut ku rukmin, ngagebut sambarani,

ngagoler dipupul bayu, ngaringkik teu wala kaya, lesu lungse, tulang sendi, disampeurkeun ku Raden Jayalalana.

377. Ka kuda Raden ngandika, he maneh teh sambarani, naha geuning kitu peta, kapan saeyana kami, ngbogaan hak waris, sabab putu maha wiku, tekad terahing Cempala, nu matak ka dieu kami, saeyana manah arek dibawa.

378. Sambarani bisa ngucap, harita ge barang nguping, ka Raden tuluy ngajawab, Agen hantau nyana teuning, ayeuna geuning sumping, abdi ngantos siang dalu, ka Agen bade bumela, siang wangi seja ngiring, Den Lalana bungahna kabina-bina.

379. Mun kitu mah sukur pisan, maneh seja bela pati, harita keneh dibuka, pileumpeuheun anu matih, kuda geus jagjag deui, seger tibatan kapungkur, ku Raden seung ditumpakan, sambarani malang nyiring, sikep pisan kuda sareng nu tunggangna.

380. Sisirang taya karingring, Den Lalana bingah galih, tidinya parantos angkat, taya kabingbang karisi, badarat siang wengi, turun gunung unggah gunung, Den Lalana tunggang kuda, mipir-mipir sisi pasir, nyukang lebak ngaliwat kana bubulak.

381. Sakapeung mah angkat nyacat, hanteu nunggang sambarani, malah ari tungtungna mah, diteundeun di cupumatik, ngalahir ka Denewi, sambarani kudu urus, ku maneh kudu piara, omat asak ngaloris, mangkade bisi kurang pariksaan.

382. Katunda Jayalalana, aya anu kocap deui, aya sahiji nagara, kacaturkeun ratu adil, pegat asih ka abdi, nagri Tungpura mashur, harita kagungan putra, pamegat kasep raspati, kakasihna rahaden Aryakanta.

383. Yuswa sumedeng nonoman, semu lunggah budi manis, salira sedeng jangkungna, gaduh papasangan putri, nimana Ratna Ningsih, putri geulis lungguh timpuh, putrana rahaden Patya, sederek sabrayna sidik, kapirayi putrina rahaden putra.

384. Malah tuluy ngababakan, ku seueurna abdi-abdi, ngababad ieu nagara, ti Tunjungpura teu tebih, raden patih geus ngalih, ti dinya geus jadi ratu, ramena kabina-bina, katelahna Tanjung Puri, geus kaceluk ka nagri manca nagara.

385. Harita teh bade pesta, bade nikah putra-putri, balandongan geus sayangi, kumaha tali paranti, gamelan sakabeh muni, sorana mani ngaguruh, pamegaten nitih kareta, di alun-alun nguriling, anu ngiring lobana kabina-bina.

386. Harita tas dirapalan, nembe mulih ti masigit, pelesir nguriling kota, siang kaganti ku wengi, paseban heurin usik, pangkat-pangkat ngibing nayub, ngaguruh saruka bungah, sorana asa kaindit, nganti-anganti panganten teu acan dongkap.

**Pupuh Kinanti**

387. Teu lami panganten rawuh, mariem diseungeut muni, ger surak ambal-ambalan, nu nongton geus heurin usik, bade ningal nu nayuban, biasa pangaten ngibing.

388. Aryakantan ngibing natub, diiring ku mantri-mantri, nu kaleprok mani seah, geus wengi nembe marulih.

389. Kitu pesta kocap lekasan, rama Aryakanta mulih, diiring ku balad-balad, ngantun Nagri Tanjung Puri.

390. Kacatur anu dikantun, panganten putra-putri, barang saparantos nikah, gan putri teh jadi ijid, ninggal ka rupi rakana, ngewana geus taya tanding.

391. Aryakanta gegetun siang wengi mung prihatin, hate asa diduruk, ngarakacak lir bubutin, ku ngamanahan panutan, hemeng manah nu prihatin.

392. Beuki lila beuki matuh, dilelejer hanteu matih, gan putri teh tambah motah, teu kenging dilarah-lirih, siang wengi oge pesta, ka caroge hanteu nolih.

393. Harita jengkep satuan, gan putri teu lilir galih, geuleuhna kabina-bina, Aryakanta jadi pusing, siang wengi ngan pasea, dordar taya euih-euih.

394. Barang hiji waktu, benduna kawanti-wanti,Aryakanta tuluy nyeuseul, ka putri nu lain-lain, garwana ngejat ngoceak, nguninga ka rama aji.

395. Nangisna mani ngagukguk, hemeng manah sang narpati, lantaran nyaah ka putra, ilari jalan nu rapih, matak bosen nganasehat, wekasan nyaur den patih.

396. Saur den patih geus rawuh, galindeng ratu ngalahir, cing patih kumaha peta, putra-putri hanteu rapih, enggeus sataun nu pesta, kuma akalna nu rapih.

397. Teangan jalan nu mulus, sangkan taya nu balai, jeung baraya ulah benghal, cek-cok jeng dulur pamali, den patih ngawalon nyembah, kaula nun kangjeng gusti.

398. Saena mah sina wangsul, tong aya di Tanjung puri, keur naon da matak sangar, pangantennan hanteu rapih, pami raka gusti were, keun abdi nu jadi ganti.

399. Sanaos ditebus umur, begang lara ucung pati, teu aya pamenganana, da ngabelaan narpati, upami kaya kitu mah, Aryakanta sae usir.

400. Henteu panjang kangjeng ratu, ngamanahan anu lantip, engke piahireunana, wekasan lisan ka patih, mangsa bodo Den Patya, kami nyaho rapih deui.

401. Lajeng angkat patih rusuh, ka kabupaten geus nepi cek patih raden ayeuna, ku rama teu kenging calik, wartosna kedah mulang, tong aya di Tanjung Puri.

402. Arayakanta mindel kalbu, barang nguping saur patih, harita keneh ge dangdaan, beberes seja rek mulih, ka patih hanteu pamitan, gejling turun angkat gasik.

403. Di jalanna teu kacatur, ka kocep tos dugi, lumebet ngadeuheus rama, unjukan wireh diusir, geus teu meunang cai atah, ku papatih Tanjung Puri.

404. Sareng sadaya diujuk, lalampahanana putri, mani geus sataun pesta, ramana hookeun galih, ku teu sangka titadina, marukan panganten rapih.

405. Jeung dulur rek silih asuh, silih asah silih asih, tungtungna kitu bultina, siga anu salah harti, bet wani ngusir ka suan, teu ka asal tadi.

406. Gogodeg bawaning bendu, asa diunghak ku adi, wekasan nyaur den Arya, harita keneh ge sumping, cedok nyembah tawis hormat, nganti dawuha narpati.

407. He mang patih buru-buru, nyieun surat masing gasik, adi kami bisi tuman, jeung menular jaram dengki, wani ngusir anak kula, padahal anak pribadi.

408. Ka manehna paman estu, teu kaharti wani ngusir, padahal salah anakna, mun teu sudi atuh miwir, tiwu mawa ka puhun, urang warah bet kumaki.

409. Rasa maneh jeneng ratu, adatna henteu make adil, matak naon perdamaian, ayeuna mah kieu patih, urang ge ulah kapalang hade tangtu ngadu jurit.

410. Den patih ti dinya mungkur, nyieun serat geus tarapti, hiji mantri enggus iang, utusan ka Tanjung Puri, di jalanna teu kakocap, caturkeun bae geus nepi.

411. Sor surat payuneun rtu, diaos ku raden patih, kieu unggelna surat, sumping raja Tanjung Puri, satampana pek sadia, bebekelan pikeun jurit.

412. Ayeuna eungggeus ditunggu, bongan maneh wani ngusir, da lain ngusir ka budak, tapi ngunghak kumawani, abong eunggeus jadi raja, geus lali ka purwadaksi.

413. Kumaki adingung luhur, reueus dumeh aing sakti,naha maneh hayang mecak, coba-coba mecak, coba-coba lamun wani, mun teu datang dilurungan, negara diburak-barik.

414. Ratu Tanjung Puri Bendu, ka patih tuluy ngalahir, tah patih kieu ahirna, ayeuna ditangtang jurit, kumaha pikiran Patya, raden patih nyembah tadim.

415. Kange tarung moal mundur, mangga jisim abdi ngiring, saur raja pek sadia, urang ontrog ngadu jurit, hayang nyaho rek kumaha, cedok nyembah patih indit.

416. Patih nakol bende ngungkung, ngagender jero nagari, pada kaget balad-balad, den patih nimbalan gasik, hayoh kabeh saradia, parabot tumbak jeung bedil.

417. Geus pinuh di alun-alun, rebu laksa palajurit, kuda gajah disarada, ratu geus dangdos sayagi.

418. Ka Tunjung Pura geus cunduk, ka tapel wates nagari, tuluy nyieun pasangrahan, pribumi ge geus tingali, musuh geus wates nagara, harita mapag rek jurit.

419. Bandera heureum ngagebur, ngelebet katebak angin, tanda anu nangtang perang, talo, pret tabur geus muni, palajurit geus ngajajar, harita beres baris.

420. Sora meriem ngajegur, tandana mimiti jurit, paharcup musuh jeung lawan, ger surak asa kaindit, harita geus maju rampak, silih tumbak silih bedil.

421. Nu tatu pating haregung, nu mati patumpang tindih, bangke kuda reujeung gajah, pacampur jeung palajurit, nu potong geus pabalatak, perang kasapih ku wengi.

422. Ratu Tanjung seung ngadawuh, isukan ma raden patih, tong ngadukeun wajabalad, kami anu maju jurit, pasang bendera tanggara, tanda ngajak ijen jurit.

423. Caturkeun bae geus isuk, tanggara dipasang deui, bandera perang tandingan, ti musuh nya kitu deui, Tanjung Puri, geus mungkur ti pasanggrahan.

## Pupuh Pangkur

424. Pada maraju ka medan, eta raja rayi raka pada wani, ger balad surak ngaguruh, jeung saderek hanteu tata, raka rayi weduk sami pada weduk, silih tonjok silih dupak, silih serang jeung tampiling.

425. Tuluy pada nyabut pedang, bukbek pada silih tarok silih tengkas, pupuh sami pada pupuh, pedangna tayu nu teurak, saturunan kulit weduk sami teu bura, pakarang taya gunana, perang kasapih ku burit.

426. Geus kaluar tina medan, pada mulang ngaso heula ngadu jurit, di pasanggrahan geus kumpul, ngajajar pangkat-pangkat, tararung saruka mani ngaguruh, lubak-lubik lauk loba, daging sapi daging munding.

427. Sumawona bangsa inumeun, warna-warna anggur ngopi jeung harengi, soldah arak jeung limun, peutingna tuluy nayuban, nu ngaribing sawareh nepi ka isuk, kocapkeun bae geus terang, dangdan deui palajurit.

428. Tamburna geus ngabarangbangan, larompetna geus disada melas-melis, Raja Tanjungpuri maju, ka medan nyungkelang ladrang, kitu deui Raja Tanjungpuri maju, di medan adu hareupan, prajurit ger surak tarik.

429. Mimitina silih gada, ting jalegur sorana bawaning tarik, diperekpek batu tunjung, gebut niba kapiuhan, hanteu lami geus ngorejat deui nangtung, bari gancang ngangkat gada, neunggeul Raja Tanjungpuri.

430. Raja Tanjung tuluy niba, kokosodan di lemah hanteu eling, nu surak mani ngaguruh, kadenge ambal-ambalan, topina dialung-alung nu nongton saruka bungah, anu asor pili genti.

431. Tunda heula nu keur perang, kacarita ayeuna malikan deui, Den Lalana nu kacatur, anu nuju leuleumpangan, kacarios cyangna pandita wiku, megat payuneun Lalana, ngagebeg raden Raspati.

432. Den Lalana lajeng nyembah, ngeluk tungkul calik bari semu ajrih, nyium kana dampal wiku, sang bangawan bingah manah, ningal putu sakitu hormat ka sepuh, he Agan Eyang rek nitah, ka raden rek meripati.

434. Rehna aya nu perang, adi lanceuk ayeuna keur perang tanding, taya nu eleh nu unggul, Tanjungpuri Tanjungpura, keur garelut jeung dulur kawas nu burung, ku Raden teh kudu pisah, duanana anak aki.

435. Raden mah ka pernah ua eta kitu panca kakina sidik, nu matak kudu ditulung, sabab mo aya nu meunang, saruana nu gagah lawan nu wduk, najan sataun lilana, moal aya anu mati.

436. Den Lalana lajeng nyembah, abdi ngiring kana dawuh eyang resi, ilang musnah maha wiku, nyandak ali Den Lalana, nu kapungkur wasiat pasihan ibu, sakedap netra jol datang, ngadeg dua papatih jin.

437. Dua patih geus munjungan, dihaturan bari nyaur nembe sumping, naha lami hanteu nyaur, pun emang kesel pisan, ngantos-ngantos dawuhan ti Raden bagus, naon margi nyaur emang, na aya karepot deui.

438. Den Lalana ngawalon, leres pisan aya karerepet deui, dipiwarang maha wiku, ku eyang ti patapaan, jisim abdi nyuhunkeun pakean alus, arek ngajajah nagara, jawab jin agan sayagi.

439. Teu lami panganggo aya, harita ge ditampi ku Den Raspati, patih jin harita suwung, catur Raden Lalana, harita ge salin panganggo nu mancur, panganggo kasatriaan, diraksukan gilang kuning.

440. Kancing emas dua jajar, ditaretes ku inten sareng biduri, bendo buleud langkung lucu, sinjang songket ting burinyay. Den Lalana estuning kasep pinunjul, sanes toeleun nyi randa, anu sok ngaranggo poni.

441. Den Lalana nedal lemah, biur mubul ka awang-awang, nyiripit, kaungkulan gunung-gunung, ngambah hing madia ganta, geus ngalayang dina luhur mega paul, angkat gandang ngadaleungdang, taya karempan nu ginding.

442. Kumelab panganggo mubyar, tingburinyay sorotna katebak angin, katingalna hurung mancur, nyepeng bendo diraramat, milih anjeun Den Lalana matak lucu, lir putra banjar patroma, kewes pantes hing wiati.

443. Harita enggeus ngungkulan, lapat-lapat naga geus katingali, Rahaden nyawang ti luhur, riam loba jalma-jalma, sarta teges kakuping sora ngaguruh, nu angkat nyeot ka handap, sumiriwik kadya walil.

444. Barang beh ningal nu perang, rap Rahaden nganggo ali les ngaleungit, sakedapp netra geus turun, di payuneun nu perang, teu

katawis kurai anu keur pupuh, jongjon bae silih gada, den putra geus taki-taki.

445. Tuluh direbut gadana, ngadak-ngadak gada leungit tampa leuwih, atuh olohok nu gaduh, rehna hanteu kanyahoan, hanteu, kapok tuluy pada nyabut duhung, barang breh kerisna musna, ngan gadana nu dicangking.

446. Raja tuluy maut pedang, barang heat pedangna leungit deui, arolohok dua ratu, pakarang jimatna musna, teu kaharti heraneun kaliwat langkung, gogodeg geus samar polah, andelanana geus leungit.

447. Tungtungna maha silih dupak, silih jambak silih sered jeung tampiling, tapi hanteu daek maju, nyeredna teh hanteu kebat, sabab beurat teu beda nyenyered gunung, dua raja pada heran, beurat beda ti sasari.

448. Keur ngitung-ngitung bangka piarsa, asa sora tatapi teu katingali, sidik sadaya di payun, he perang kudu eureunan, mangke heula ua ulah gurung gusuh, jeung dulur teu meunang perang, basana oge pamali.

449. Aduh mah wungkul utusan, embah dawuh eyang ti gunung candani, nu ayeuna jadi wiku, karek sakitu soara, nu keur perang eureun bari tuluy diuk, reh nguping nami ramana, kaget salebeting galih.

450. Wekasan tuluy ngandika, he sora naha saha menta bukti, mun jalma ti mana lembur, banjar karang panglayungan, lamun setan kaditu indit, sing jauh, ulah ngagokan nu perang, menta jawab anu yakin.

451. Uwa pami can uninga, sayaktosna ieu abdi sanes jurig, satuhu rama nu saestu, malahmah suan uwa, teges pisan ka pun biang kapan dulur, abdi adak sawulan, wedalan Cempala Nagri.

452. Harita katembong jentul, teu tata dua raja, barang tembong Jayalalana dirangkul, ku dua ditangisan, duh raden bagea sumping.

453. Teu sangka kabina-bina, horeng Raden putra rayi Wulansari, uwa teu ngarti sarambut, panyana teu boga anak, taya beja ka dieu mah ti kapungkur, sarosonoan tiluan, amarahna enggeus leungit.

454. Napsu tilem timbul bingah, sarta emut jeung dulur mah sing ngahiji, ti medan tiluan mundur, marulang ka pasanggrahan, dua ratu sabalad-balad ngadawuh, he sakabeh waja balad, maneh ayeuna baralik.

455. Ger surak wadia balad, suka bungah reh perang geus lastari, galecok jeung pada batur, kieu omong nu saurang, aduh untung kami rek paeh teu tulus, mangkaning tas jujuanyar, malikan ka tilu kali.

456. Cek baturna puguh pisan, kula oge kapan anyar keneh kawin, meunangkeun nu tas ngajuru, bongan bayang boga anak, bet ngarasa eta enggeus taun-taun, cacah jiwa ti tentara, bet ngasupkeun jiwa ucing.

457. Kacaturkuen Jayalalana, harita ge ngiring ka Tunjung Nagari, nu ngiring ponggawa ngabrut, di jalan salusurakan kadatun teu lami parantos rawuh, lajeng lumebet, sadaya caralik na korsi gading.

458. Geus sor pamasangan tuang, jagjag jaga meja ngaladenan pabuis, di lebet mani ngaguruh, ratu teu weleh mariksa, ka rahaden sonona kaliwat langkung, mariksakeun tikawitna, pangna nilarkeun nagari.

459. Dicarios ku den putra, ti kawitna dugi kaharita sumping, hiji taya nu kalangkung, gogodeg manah raja, sareng bendu nguping ratu luas kitu, bet pilih kasih ka anak, tilar ti adat bopati.

460. Wekasan lajeng ngandika, lamun kitu raden mah di dieu calik malah kedah jadi ratu, uwa teh bet watir pisan, nyaah teuing ku ramah teh dipisatru, taya ras-rasan kacida, omat raden ulah mulih.

461. Den Lalana ngawalonan, hatur nuhun sanes nampik kapangasih, mung abdi teu acan wantun, margi tacan aya luang, ratu Tun-

jung Puri milu deui nyaur, mun di dieu hanteu kersa, atuh di Tanjung Nagara.

462. Saur raja Tunjung Pura, eta sae nanging akang anu rugi, den Lalana nyaur imut, ke uwa tong parasea, kapan nembe abdi parantos mihatur, ayeuna mah kieu geura, bade naros anak sidik.

463. Naon kawit uwa perang, sareng wargi tangtos aya pasal tadi, duwa ratu diunjuk, ti kawit pangantenan tug dugi kajadian perang pupuh, nya eta pasalna pesta, putra-putri hanteu rapih.

464. Cing Raden kuma petana, uwa tuluy supaya panganten rapih, walon Raden sanes dukun, abdi mah hanteu tiasa, namung cobi para-putra kedah saur, manawi aya tumbalna, kebat mareuntas jeng gusti.

465. Anu nyusul Aryakanta, hiji deui nyusulan ka Agan Putri, enggal parantos rawuh, sami marunjung ka rama, Aryakanta ditepangkeun ku sang ratu, kapirayi ka Lalana, sami munjung rakarayi.

464. Kakocapkeun Gan Putri tea, barang ningal ka Den Lalana raspati, manahna mani dag-dig-dug, ngucap salebeting manah, aduh tobat ieu mah kasep jeung lucu, ka dinya mah moal nolak, sugan bae jadi ganti.

467. Ditukeuran ku ieu mah, sukalilah dikumaha moal mungkir, sanajan ka alakpaul, carek wiwilanganana, moal baha teu siga ka jalma itu, Aryakanta matak cua, teu uyuhan matak ijid.

468. Tah kitu lebet manahna, Agan Putri lir katarik purasani, ningal Raden matak lucu, galindeng ratu ngandika, leleb manis, sumaur dibarung imut, geulis bisi tacan terang, ka dieu perenah adi.

469. Empek ulah asa-asa, sabab dulur saenyana anak bibi, ti Nagri Cempala ratu, Raden ka Putri munjungan, sanggeus kitu dipelong ku Raden Sunu, Putri mah mani latlatan, ningal soca anu manis.

470. Surser hareudang bayeungyang, puyeng rada panas tiris jeung kataji, ngalenyap manah gegetun, bari nyaur dumareuda, aduh rayi sugan teh moal patepung, ngan bae rada hanjakal elat teuing pancakaki.

471. Teu nyana boga baraya, anu kitu puputon Cempala Nagri, mun terang mah tikapungkur, aceuk ka ditu ngabaja, ngadon ulin miŋari boneka hirup, nembean aya boneka, ati aceuk lir digerih.

472. Den Lalana geus waspada, nganggo ali jimat anu langkung wacis, ka uwana lajeng nyaur, mangga geura ieu uwa, geura anggo ali abdi ngarah maphum, rap dianggo ku sang raja, barang ret ka putri.

473. Ngagebeg kaget kacida, rehna putri kabingahna enggeus salin, lir upama rupa diu, andihi buukna gimbal, atuh kaget ngabirigidig, sang ratu, istigpar jeung ngusap raray, lelepen dibikeun deui.

474. Duh Raden geuning paingan, hanteu nyana bopeng sinalingan kelir, sumangga nyanggakeun atuh, Den Lalana nyandak jimat, panah luhung bari mundur mentang rusuh, Putri keuna kapidara, nu ngandihna tuluy bijil.

475. Putri teh kaandih setan, nu miceuceup miijid ka anu suci, ka roh anu teu puguh, karesepna mawa sasar, sangakan hirup di dunya jadi kasarung, calon pibatureunana, mun lawas mawa balai.

476. Nu ngandihna rupa setan, bisa wujud Putri harita geus bijil, kabawa jamparing mangprung, kumaleang di angkasa, tuluy mabur lagrag satengahing laut, jamparingna enggeus mulang, ka Raden geus balik deui.

477. Kacaturkeun nu kapidara, Agan Putri harita geus emut deui lilir karana nyaur, nangis bari midangdam, aduh ama abdi lalesu kalangkung, taya tangan pangawasa, ngeleper siga kabadi.

478. Anu ningal sami beran, Agan Putri anu keuna ku jamparing, taya tapakna sarambut, malah beuki cahayaan, Den Lalana ka Aryakanta ngadawuh, sumangga nyangakeun kakang, ayeuna aceuk mo ijid.

479. Margi panyawatna musnah, nu miijid sayaktosna setan, Putri mung setan anu sumurup, Aryakanta ngadeukeutan, bari nyaur ka Putri kumaha Enung, naha ayeuna tos damang, Putri ngawalonan tadim.

480. Duh engkang jungjunan ningwang, jisim abdi mugi neda pasihan sami, kalepatan nu kapungkur, nyanggakeun sadaya-sadaya, nu ngadangu sadayana bingah kalbu, reh Putri parantos damang, nyuuh ka caroge nangis.

481. Asal cua jadi cinta, asal ngewa ayeuna babalik pikir, galih pulih sakapungkur, dua ratu sami bingah, sasalaman rayi raka sami imut, kayungyun ningali putra, nu manis parantos rapih.

## Pupuh Dangdanggula

482. Ratu Pura rawuh Raja Puri, harita teh sami bingah manah, dipaksa Rahaden Anom, dijenengkeun jadi ratu, Rahaden geus teu meunang mungkir, basana mulang tarima, nya kapaksa nurut, Ratu Anom Tunjung Pura ngageledug, ciciren parantos muni, tangara pangangkatan.

483. Abdi-abdi bungih, liwat saking, boga ratu sakitu lucuna, keur kasep sakti tur anom, nu surak mani ngaguruh, bari ngalung-ngalung topi, geus tetep Jayalalana, di Tunjung ngaratu, ku uwa didama-dama, di kaputren dikemitan siang wengi, giliran nu ngajaga.

484. Hiji mangsa sang ratu ngalahir, bok bilih Raden hoyong garwaan, milih ka putra anu denok, nu kamashur putra ratu, keun uwa ngalamar pasti, mo beak sarebu laksa, gedong uwa pinuh, Den Lalana ngawalonan aduh uwa, tacan maksad jisim abdi, resep mun lelengohan.

485. Den Lalana jeneng Kabopati, lamina teh aya dua bulan, sareng mikir anu anom, hayang leos deui ngapruk, kocap dina hiji wengi, dikira pukul sabelas, Raden dangdan segut, nu ngajaga disirepan, jempe kabeh sahiji taya nu nyaring, anjing ge mani gempar.

486. Tina sabab biasa saari, pukul lima gusti geus ka luar, teras ka masigit bae, ayeuna pukul sapuluh, naha taya bae bijil, nu jaraga tuluy lumpat, ka ratu miunjuk, ku ratu sepuh ditanya aya naon, maneh siga anu gasik, nu jaga cedok nyembah.

487. Kaula nun mugia tingali, rehna gusti anom henteu aya, kawitna anu parantos, dina tabuh lima lungsur, dinten ieu teu ningali, midanget sang ratu reuwas, harita ge lungsur, teras lebet ka kaputren, dipilari di gedong parantos sepi, weleh henteu kapendak.

488. Na kamana atuh Den Rasparati, kebat ratu harita nimbalan, upas saur patih lenges teu lami den patih rawuh, sang raut marentah gasik, he patih geuwat ayeuna, anak kami susul, teu nyaho ka mana losna, sugan aya, pek susul ka Tanjung Puri, sing taliti di jalan.

489. Tatanyakeun ka rayat nagari, sugan aya di dinya nu terang, pek patih ayeuna mios, patih nyembah kebat mundur, mungkir ti payuneun gusti, ngebatkeun paparentahan, geus sadinya kumpul, bral ariang sadayana, nu dijugjung ka nagara Tanjung Puri, naros Den Lalana.

490. Hanteu kocap di jalana den patih, kacarios ka Tunjung geus dongkap, lajeng ngadeuheusan bae, ka tinggali ku sang ratu, kaget mariksa ka patih, aya naon Den Patya, semu anu rusuh, Raden ngawalon jisim abdi, naroskeun putra jeng gusti, Raden kondur teu aya.

**Pupuh Durma**

491. Saur ratu teu aya di dieu Patya, kumaha nu matak leungit, ngelolos ti nagara, kacida pisan heranna, nyaah teuing Den Raspati, geus teangan ku patih kudu kapanggih.

492. Nyembah pamit raden patih tuluy mulang, geus dongkap unjukan gasik, putra teh teu pendak, di rayi ge hanteu aya, ditaroskeun ku jisim abdi, bosen neangan, nyanggakeun bebendu gusti.

493. Ti harita uwa Rahadeb Lalana, kaedanan raka rayi, tibelet ku jasa, anu sakitu nulungna, kari-kari jadi leungit ayeuna tunda, kocap deui Den Raspati.

494. Harita Raden Lalana leuleuweungan, mipir-mipir sisi pasir, nyacat di bubulak, turun nyorang lebak, enggeus tebih ti nagari, mangbulan-bulan anjog ka Tunjungbang Nagari.

495. Raden Anom ka luar ti jero alas, geus nyorang ka pinggir nagri, ngamprak di tegalan, seung manggihan urut huma, sarta aya saung leutik, ngarereb heula, reureuh palay lajeng calik.

496. Henteu lila tuluy daratang barudak, budak tukang ngangon munding, arek ngiuhan, manehna kageteun pisan, naha ieu aya jalmi, kitu rupana, henteu cara urang geuning.

497. Ditenjona siga hejo siga bodas, saliwat mah siga kuning, jalma naon eta, boa-boa meureun setan, mun jalmi mo kitu teuing, bet kawenehan, barudak ngomong ngecewis.

498. Barudak teh digupay ku Den Lalana, harita nyampeurkeun gasik, datang bari nanya, duh naon akang nyalukan, jawab Raden mere duit, matak nyalukan, saur Raden bari seuri.

499. Eta budak dibagi diut geus rata, ngariung dariuk seuri, Raden guguyonan, horeng padusunan, harita ngaromong deui, basana kasar, uing tukang ngangon munding.

500. Raden Lalana gumujeng nganggap barudak, kakara saumur nguping, maneh budak mana, barudak bareng ngajawab, tuh di ditu lembur uing, lembur Padesan, na can nyaho akang uing.

501. Saur Raden jauh keneh ka nagara, barudak narembal seuri, puguh kang jauh mah, akang uing montong hayang, rea anu matak risi, saung-saung ge lumpat, digusur ku kuda tarik.

502. Ampir bae uing bareto jeung bapa, kadupak gorolong barik, wantu budak huma, can nyaho kikping kareta. Raden Lalana ngalahir, lembur nu mana, ti dieu nu hanteu tebih.

503. Walon budak alah itu geuing ngelat, geus ka jero pucuk awi, teh eta padesan, Den Lalana ngadeng angkat, jeung hartina saung leutik, ninggalkeun budak, di jalan tuluy papangih.

504. Jeung sahiji jalma nu leumpang di jalan, tembongna geus aki-aki, ku Raden digupay, geus nyapeurkeun aki-aki tea, Raden naros aeh aki, kaula nanya, reh hayang rereb sapeuting.

505. Sugan aya di dieu keur pamondokan, ngawalonan aki-aki, aya oge saung aki, ku alit pisan, mangga pami keur salinggih.

506. Saur Raden keun bae soal leutik mah, cek aki sumangga ngiring, Raden lajeng angkat, geus dongkap ka saung te, aki ngangero ka nini, he nini geuwat, palupuh serbet sing bersih.

507. Nini ngelapan palupuh gancang, aki jeung nini ngecewis, atuh nini geuwat, naheur cai teh sing asak, nini-nini capa-cipi, taya wdahna, suwung dalung sepi kendi.

508. Carek aki naba nini maneh liwar, ditilah teh naheur cai, aya gusti urang, pulang ngaleueut ciasak, naheur dina naon aki, euweuh wadahna, na teu nya ngaran, jeung kasab nu asli, keur dadaharan, sinareng ti mana kawit.

510. Aki-aki ngawalon bari nyembah, aki Boja jisim abdi, dupi pakasaban, estuning teu gaduh pisan, kawit aki teh pituin, di dieu pisan, satria Anom ngalahir.

**Pupuh Sinom**

511. Ti mana aki nya dahar, teu usaha henteu tani, aki Boja ngawalonan, kumaha parengma gusti, upami aya rejeki, yasa dahar kaulanun, upami teu pareng aya, etang ngisat kana diri, malah-malah sakapeung mah hanteu mendak.

512. Den Lalana welas manah, ninggal warugana aki, iga ragas kawas gambang, enya kitu deui nini, paken ruwang-rawing, sisi leuweung nyaung-nyaung, taya sanak taya kadang, matak watir liwat saking, Raden calik taya tempat-tempat acan.

513. Sumawonna pami samak, ngan aya palupuh hiji, mingkana kajuaran, tamba gular-goler teuing, Raden lajeng ngalahir, aki kaula seastu, di deiu arek bebetah, rek ngaku kolot ka aki, walon aki aduh lingsem teuing Agen.

514. Abdi mah jalmi teu boga, teu keur meuli-meuli, katambih lara masakat,s epi harta tuna harti, Den Anom ngawalon lirih, aki ulah nyaur kitu, keun bae najan teu aya, sarat mah wungkul pipinding, dapon budi sumeah nu matak betah.

515. Urang engggalkeun carita, Raden di dinya geus cicing, bebenah ngadon bebetah, isuk-isuk beberesih, kasehatan dipamrih, lalenang beunang sasapu, tuluy muru aki Boja, ka Raden bari ngalahir, aduh agan muha ulah kitu peta.

516. Matak lingsem ka salira sasapu keun bae ku aki, Raden gumujeng ngandika, keun bae da tamba cicing, keselna liwat saking, hanteu tiasa ngawagu, kitu baw damelna mah, Raden tukang beberesih, kacaturkeun dina hiji mangsa.

517. Aki nini sarerea, na pukul sapuluh wengi, Den Jaya lajeng ka luar, di buruan ngadeg mikir, lajeng nyandak ali, kana soca geus disusut, sakedap netra jol datang, ngadeg di payun patih jin, duanana ka Raden barina nyembah.

518. Jin dua bari ngandika, aya naon Agan gusti, numawi nyaur ka emang, mana rusuh-rusuh teuing, ngawalon Den Raspati, kula paman aya perlu, reh di dieu hayang manday, parabotna sing sayagi keur gosali ulah aya kakurangan.

519. Serta pibatureun dua, keur babantu di gosali, nu bisaeun kana manday, nyembah matur papatih jin, eta mah Agan gambil, enjing oge tangtos jentul, sinareng kangge batur mah, moal hese mun milari, paman bae duaan nu babantu mah.

520. Harita keneh dicipta, sakedap netra geus bukti, geus aya adegan panday, rupana alus teh teuing, ngahunyud bahan beusi, geus ngajajar bangku-bangku, sadiaan pancalikan, kocap harita geus enjing, Den Lalana jeung dua jin geus prak manday.

521. Kacaturkeun aki Boja, harita kakara nyaring barang ningal kaget pisan, rarasaan asa ngimpi, gawena alak-ilik, naha aya saung alus, ku Den Anom kauninga, yen aki keur heran pikir, seug ngandika ka aki jeung ngagupayan.

522. Pek ka dieu aki geuwat, aki boja lumpat tarik, dongkap payuneun Den Putra, saur Raden ieu aki, tah nya ieu gosali,

ayeuna mah hayu atuh urang nempa jeung kaula, aki Boja nanya gasik, naha Agan ieu teh saha nu boga.

523. Ceuk Raden kapan nu urang, beunang nyieun peuting tadi, naha aki teu mantuan, ki Boja olohok nguping, ngomongna di jero ati, Agan pasti terah ratu, nyata rembesing kusumah, samaksud ieu bukti, ngan gogodeg aki Bojana heran.

524. Raden singkil dilancingan, raksukan kutung purikil, nyekel palu tegep pisan, manday tiluan sareng jin, ki Boja ngacir, barang geus nepi ka saung, aki ka nini nyarekan geuwat-geuwat deuleu nini, itu tenjo pagawean awak urang.

525. Pek geura belelkeun mata, pagawean aing tadi, mana ulah lalawora, ngaladenan awak aing, teu nyaho kabeh bukti, naon bae nu dimaksud, sakitu deuleu alusna, saung beunang nyieun peuting, nini Boja nonggengan bujurna teurab.

526. Ulah kalah ku carita, teu ngandel teuing saeutik, bisa ge ti baheula, aki Boja ngejat seuri, geus nepi ka gosali, Raden Lalana sumaur, geus pek aki menta, ku kula aki dibawa, pagawean wungkul aki tukang ngasah.

527. Rarasaan aki Boja, anu aya di gosali, manehna bae dua jin, imah hanteu katingali, nu nepa langkung rajin, pakarang beunangna alus, puguh lain samanea, pagawean papatih jin, congkrang arit pacul, bedog peso parang.

528. Pakarang geus pekpek pisan, ngabugbrug, sisi gosali, parang moal matak rompang, aritna moal murilit, pagaweanana limit, nu meuli guyur salembur, ear di desa Padesaan, aya panday kasep teuing, matak gujrud geus jadi buah carita.

**Pupuh Magatru**

529. Urang desa gehger kabeh pada sujud, ngabrul awewe,lalaki, itu watek urang kampung, ka saung aki geus nepi, bangsa awewe mah komo.

530. Sanggues sidik balik deui buru-buru, pakepuk nalaheur cai, ngageduk ngadadak nipung, cuhcih anu nyieun wajit, moroyot nyieun borondong.

531. Sawareh mah aya nu ngadadak nyangu, saaya-aya sayangi, luak-lieuk taya lauk, jig ka pipir alak-ilik, dig dagdug maraok endong.

532. Kajeun teuing najin di carek ku incu, da hayang nyorong nu ginding, tuluy disalin pahibut, anu boga baju pusing, tuluy leregan dilorod.

533. Dibedahan ngadadak nyarieun baju, kajeun enggon ngabuligir, di jalan awewe ngabrul, ting hareureuy ting cikikik, geus pada datang ka kebon.

534. Pupuntenan ka nini Boja di saung cek nini sumangga nyai, tuluy dariuk ngariung, cek nini rareuwas teuing, rek naraon nu aranom.

535. Jawaban teh hayang bae, kuring tepung, lawas teu panggih jeung nini, ka nu manday ieu endog.

536. Nini Boja nonggal tetenong ngaliud, atohna kaliwat saking, kumerot uruy, saumur kakara manggih, nu kokoro manggih kejo.

537. Aeh nini saha nu manday di ditu, anu keur bareng jeung aki, walon nini kapan incu, geura mangga atuh nyai, bilih butuh ka parabot.

538. Ka laluar awewe ti jero saung, nyalampeurkeun ka Gosali, gek dina bangku dariuk, naringkah paada gemeulis, mabek bau minyak mabok.

539. Omong aki bade meser naon enung, boh bilih butuh ku kacip, paranti meulahan jebug, peso pengot gagang beusi, peso rajang sareng bedog.

540. Pada meuli awewe pada parebut, meuli peso meuli kacip, aki Boja meunang untung, cah cih cuh nampanan duit, meunang satengah boboko.

541. Tuluy mulang awewe lalaki ngabrul ti gosali rada tebih, di jalan seuri ngaguruh, parebut ngaraku istri, majer teh silaing nyaho.

542. Basa panday ngiceupan kami di ditu, baturna ngawalon jebi, ka kami mah ngajak imut, ngiceupan, nyacarek balik, ka hayangna kudu ngendong.

543. Eta kitu omong awewe ngaguruh, silih tempas pilih genti, kocap nini nu di saung, dahar gede suka ati, nu aramis dadar endog.

544. Kabeureuyan nini Boja renghaap ranjug, neleg lauk mani nyelingir, ngomong ngosom aduh bedul. lauk cucukan ti gigir, sugan tea bodas lepo.

545. Henteu lila ki Boja datang ka saung, kaget bareng katingali, lakadalah loba lauk, jeung ieu anu aramis, berkat Juragan Anom.

546. Aki Boja daharna teh mani rampus, beuteungna mani mutiktrik, geus kitu ngomong ngalenggut, walahwah- weuleuhweuh seuri, heuay kemerekaan ongkoh.

547. Saban poe nu meuli ngaguruh, aki nini loba duit, ganti sarung reujeung baju, icikibung nyoo duit, nu kapungkur mah geus poho.

**Pupuh Pangkur**

548. Aki nini suka bunguh, jero saung geus pinuh ku karung duit, di sisi saung ge numpuk, saur Raden ka ki Boja, hayang nyaho duit ku aki, harita keneh dibilang, dijajar-jajar ngabaris.

549. Saung pinuh ku jajaran, sup ka kolong tuluy deui milang duit, beak kolong tuluy turun ngajajarkeun di buruan, tina karung harita diudul-udul, geus pinuh sakuriling na, ngajajar bilangan duit.

550. Aki sabaraha pasmet, walon aki Agan duka teuing, aki lieur liwat lngkung, teu sanggup aki milang, padahal mah saumur can milang kitu, basa pasmat tacan terang, kanyahona genep duit.

551. Den Anom gumujeng ninggal, polah aki nu saumur tacan harti, milang duit rebu-rebu, wekasan seung ngandika, aeh aki urang, kudu buru-buru ngabogaan gede imah, keur wadahna gudang duit.

552. Jawab aki aduh Agan, pami kitu eta kalintang peryogi, gaduh bumi enggal atuh, keun aki meulian bahan, nyaur raden kaula mah hayang isuk, imah heunang dieusian,

553. Meulian bahan mah lila, hayang buru-buru pindah sareng aki, mun lila mah ulah tulus, sanggeus nyaur Den Lalana, nyandak jimat cingcin ti ibu kapungkur, disusutkeun kana soca, torojol dua patih jin.

554. Ku aki mah teu katinggal, malah-malah nu sumaur teu kakuping, ngeresek lir angin puyuh, gawena hookeun ninggal, kuram-kireum ngusap bungeut jeung rumahuh, sidik harita di dinya, geus jadi nagara resik.

555. Ciciptaan patih jin tea, gedong beres ngajajar maningabaris, patamahan narik semu, ngembat jalan keur kereta, pasar anyar ngarendeng jeung alun-alun, marakbak nagara anyar, rasa jaima balawiri.

556. Ayem-ayem padamelan, dieusian ku meja, ditiung korsi, ranjang beusi tempat tidur, parabot sing sarwa eemas, peso sendok jeung garpuh emas wungkul, korsi gading panglinggihan, diteretes inten rukmi.

557. Pangkuleman dua tempat, anu hiji paranti aki jeung nini, teu beda saujung rambut, aki jeung nini harita, keur beberes gawe ngurus tempat tidur, tuluy turun ngadon ngaca, luwa-lewe ngajebi.

558. Geus kitu deregdeg lumpat, tumpa-tempo nulak cangkeng ngomong tarik, jongos maneh buru-buru, menta cai gula jawa, sakalian mawa bubuy hui.

559. Kuweh kaleng anu aya, aki nini ambekuna mani buncelik, maneh ku culanggung, menta hui hanteu aya, kueh kaleng matak raheut biwir tangtu, kurang ajar ke dioslah, ka juragan sepuh wani.

560. Catur deui Den Lalana, harita teh calik dina korsi gading aki jeung nini dariuk, mando hormt kacida, saur Raden teh gedong nu alus nyieunna teu wulan-wulan, kami mah sapeuting jadi.

561. Mun nungguan aki lila tacan tangku satuan ge bisa jadi, tapi omat ulah geruh, serta tetep pegawean, urang manday, prak digawe di gosali.

562. Sinigeung anu keur nepe, nu keur getol, di jero gosali, ayeuna ganti picatur,nya eta Raja Tunjunganbang, kagumita kaceluk ka kandang ewuh, yen ratu kagungan putra, putri geulis taya tanding.

**Pupuh Dangdanggula.**

563. Saur Raden bade ulah lami, aki Boja geus indit pek dangdan, pamitan tidurnya mios, di jalan hanteu kacatur, ka alun-alun geus nepi, geus hempak wadia balad, ngaguruh tumenggung, den patih ngadeg di tengah seung ngadawuh, ka sadaya abdi-abdi kaula ngawakilan.

564. Dawuh ratu ka sadaya abdi-abdi, mere nyaho saembara raja, reh Agan Putri ayeuna teh, teu damang wales kalangkung, kasawatta matak watir, hanteu kersa sasauran, lesu tur ngabisu, ari pilandongeunana, eta kudu cimata buaya putih, saha bae nu meunang.

565. Saha anu ngadamangkeun putri, saur ratu geus tangtu diganjar, budak atawana kolot, saha bae anu sanggup, ditikateun ka Agan Putri, kajeun somah kurickan, hanteu pilih bulu, hayolah jawarab ayeuna, balad-balad, sahiji nu muni, sareiun ku buhaya.

566. Pamikirna sadayana muringgis, miceun pati manehna teu acan luas, sanes teu hayang nu denok, uruy heroy mah kalangkung, mun sieun buaya putih, na ku maha dialana, tangtuna dicapluk, leupas pusing moro julang, teu untupan lebar ka indung si kucrit, nu kumpul geus marulang.

567. Di Jalanna rayat ting kecewis, hanteu luas sieuneun baluas, buhaya tangtua ngalebok, ki Boja ge geus cunduk, ditaros ku Den Raspati, aki naon kahasilan, ku matak karumpul, aki ka Raden ngajawab, aduh Agan, ngawartoskeun Den putri, ayeuna ge teu damang.

568. Saha nu ngadangkeun deui, eta pasti didamel mantua, nikah ka putri nu denok, teu pilih ka kuricakan, saha nu sanggup, cing atuh Agan Sumangga, lebar temen heg Agan Putri teh gulis, estu beunang nagara.

569. Saur Raden mun bener mah geulis, kula sanggup ka Putri goreng patut, walon aki aduh gusti, abdi wantun disumpah, pami goreng patut, na iraha aki panggih, jeung putri disebut geulis, kula mah teu percaya.

570. Paling oge aki mah beja deui, nyiritakeun nu acan karuhan mending ge jongjon digawe, pigaweeun mani numpuk, tuh itu hanca kamari, aki henteu ngawalonan, hareneg kalangkung, tadi Raden geus nyanggupan, ngalandongan Putri Sina damang deui, karikari sulaya.

571. Aki Boja ngahuleung keur mikir, nyiar akal kumaha jalanna, tuluy ngomong ka den Anom aduh Agan aki bingung, bet kapan Agan mah sakti, na teu hayang ngalandongan pami hasil maksud Agan tangtos naek pangkat, janten raja, ditikahkeun ka nu geulis, aki ge naek harkat.

572. Anu nyebut nelah aki ganti, kasepuhan meureun disebutna, Agan naek aki naek, Raden Lalana ngadawuh, lamun keukeuh awak aki, di dieu aya walungan, kul anu sanggup yu ayeuna geura dangdan, urang ngala, cimata buhaya putih, aki ngigel jeung surak.

573. Lakadalah mangga Agan Manis, aki ngiring mangga ka wahangan, urang ka Cibondo bae, aki jeung Raden enggeus jung, teu kacatur di jalan deui, ka lebah wahangan datang, Raden ngadawuh pek aki teuleuman, sugan lindeuk, buhaya putih ka sisi, aki ngahod-hod reuwas.

574. Titah teuleum dina cai tarik, turug-turug rek ngala buhaya, kuriak matak disantok, aduh Agan abdi ampun, teu waantum ngaleuwihi, kumaha kersa gamparan, lajeng Raden Sunu, ciwahangan teh ditepk, tilu kali, mapat keun nyambat sakali, ka rama piramaan.

575. Haenteu lami cai wuduh tarik, ngaburingkal nyingraykeun ka darat, teu lami aya nu tembok, aki Boja ngaranjung, tuluy lumpat nyumput buni, tina ku bakating reuwas, ninggal nu nyurungkuy, sagede gunung anakana, mana boreng eta teh buhaya putih, bapa pulung Den Putra.

576. Barang jol ge buhaya ngalahir aduh Raden Anom anak bapa, ayeuna Raden geus kasep, aya naon matak nyaur, Den Putra ngawalon deui, anu mawi nyaur bapa, abdi neda tulung, reh putra-putra Tunjungbang, henteu damang, langongna teu aya deui, lintang cisoca bapa.

577. Ku kituna mugi maparin, sang buhaya ngawalon nyakakak, baruk kitu eta Raden, eta mah gampang kalangkung, sok atuh wadahna gasik, bapa teh rek ceuceurikan, enggeus Raden Sunu, geus ngawadahan cisoca, sanggeus beres, buhaya mah teuleum deui, merebek di wahangan.

578. Cisocana seungit ngadalingding, hanteu beda ti ratu-ning kembang, nyambuang sari wawangen, Raden ka aki sumaur eh geuwat ka dieu aki, ieu cisoca buhaya, geura bawa atuh, boh bisi kaburu beurang, lajeng Raden angkat diiring ku aki mawa cisoca tea.

579. Di Jalanana hanteu dipiwarti, kocap harita geus datang, aki ka nini molotot, kadieukeun geuwat baju, kami rek indit ka nagri mawa cisoca buhaya, deuleu nini tangtu, Agan tereh naek harkat, kami oge pasti jadi senapati, ahli dawuhan raja.

**Pupuh kinanti**

580. Raden ka aki ngadawuh, geura jung ayeuna indit, ieu gancang geura bawa, kaula mah moal ngiring, aki bae ka dituna, aki Boja tuluy indit.

580. Raden ka aki ngadawuh, geura jung ayeuna indit, ieu gancang geura bawa, kaula mah moal ngiring, aki bae ka dituna, aki Boja tuluy indit.

581. Teu dicatur nu lumaku, ka nagara sanggeus nep, lumebet ka kaca tilu, tuluy ngadeuheus ka mantri, cong nyembah bari unjukan sanggup ngala·dongan putri.

582. Aki ku matnri dituntun, dideuheuskeun ka jeng gusti, ku ratu geus digupayan aya naon maneh aki, nu matak ka dieu datang, aki Boga nyembah tadim.

583. Kaula nun dawuh ratu, manawi bahan katampi, reh jisim abdi ayeuna, sanggem ngalandongan Putri, moal enya maneh deui aki-aki.

584. Ratu ge taya nu sanggup, ngala cisoca nu matih, na ku maha maneh peta, ngala buhaya putih, aki Boja ngawalonan, kaulanun dawuh gusti.

585. Bilih gusti kirang maphum, ku jisim abdi mah gampil, buhaya teh diurekan, nyanggut teras wae kenging, geus di darat diteunggeulan, gagauk buhaya ceurik.

586. Barang keur ceurik ngaguk-guk, cisocana nu keur bijil, ku abdi teh diwsadahan, kitu ngalana mah gusti, sang raja hemeng galihna, midanget carita aki.

587. Mo enya nepi ka kitu, bet aya buhaya putih, diurekan bisa beunang, tambah make bisa ceurik, ngaguk-guk saperti jalma, pamohalan liwat saking.

588. Patih bawa buru-buru, mangsa bodo awak kami, kumaha karep Den Patya, ngalandogan Agan putri, raden patih amit nyembah aki geus dibawa indit.

589. Lebet ka Kaputren Ayu, aki geus pendak jeung Putri, teluy ngukus aki Bojak mapatkeun jampe ngecewis kunyam-kunyem siga enya, padahal mah duka teuing.

590. Nyokot cai dina sangku, campuran cisoca deui, Gan putri seug dilandongan, ditetesan soca putri, dileuleutkeun sawareh, ku kudratna bijil gusti.

591. Agan Putri cengkat nangtung, ka emban bari ngalahir, duh emban kami teunangan, mana lungse-lungse teuing, den patih anu nyaksian, jeung emban saruka ati.

592. Emban harita diutus, nguninga ka kangjeng gusti, emban lumpat gagancangan, bari rawah-riwih ceurik, datang ka payuneun raja, cong nyembah bari ngawiwiw.

593. Ratu hemeng sakalangkung, naha maneh make ceurik, emban nyembah jeung unjukan, kaulanun kangjeng gusti, ku bakating bungah, Agan Putri damang deui.

594. Saur ratu bener kitu, jeung angkat sareng meswari, muru ka gedong Kaputren, gabrug dirontok Gan Putri, ibu rama narangisan, ku bakating bingah galih.

595. Pangemut tadina buntu, mo tiasa damang deui, aki Boja geus dihormat, katuangan warna-warni teu meunang buburu mulang, diandeg geus tilu peuting.

596. Katuangan medah-meduh, kanu amis mah mih-mih, ku ki Boja geus dihanca, dipapay kabeh beresih, teurah jeung kamerekaan, heuay bari kapacirit.

597. Tuluy lumpat bus ka kakus, nyeuseuhan calana aki, kanyahoan ku sang raja, tuluy aki dipisalin, beuki ginding aki Boja, nampi waleran ti gusti.

599. Harita ratu ngadawuh,kami heran liwat saking, bet maneh bisa ngubaran, untung maneh aki-aki, kaula moal sulaya, udar sumpah jalir jangji.

600. Ayeuna kumaha maksud, rek ditikah Agan Putri, naha aki dikumaha, aki Boja nyembah tadim kaula nun gusti duka mugi henteu rengat galih.

601. Yaktosna abi diutus, ku pun incu anu ganti, ayeuna nuju ngantosan, timbalan sarira gusti, abdi darma piwarangan, ratu Tunjungbang ngalahir.

602. Lamu kitu eta atuh, aki buru-buru balik, bejakeun Gan Putri damang, tempoan sabulan deui, tangtu ku urang dipapag, sadia heula keur kawin.

603. Ki Boja amitan mundur, mungkur ti payuneun gusti, hanteu kocap di jalanna, ka imahna enggeus nepi, galecok anu bebeja, nerangkeun maksudna hasil.

604. Agan Putri parantos muĺus, damang deui sabihari, namung neda tempo raja,lamina sasasih deui, kumargi sasayagian, nikahkeun Agan ka Putri.

605. Empat waktos abdi di ditu, dihormat-hormat ku gusti, katuangan ngarareunah, anu pelem anu amis, abdi teh kamerekaan, busiat mani melenghir.

606. Nini Boja milu nyaur, nurus tunjung aki-aki, tayoh teuing kapatutna, ngerakeun kaliwat saking, jeung benema mah mun mawa kadaharan pikeun nini.

607. Tunda nu gunem catur, kocap deui Agan PUtri, harita geus damang pisan, taya panyakit ceuk lahir, tapi sapeuting manah hadeueul kaliwat saking.

608. Katingalna alum mesum, runtik lebeting panggalih, malah sok kabawa sasar, tuang leueut kitu deui, teu dileret-leret acan, hemeng manah Kangjeng Gusti.

609. Karek oge Putri Ayu, igeg-igeg damang deui, ari bet kitu ayeuna, seug ditaros Agan Putri, duh enung mustika ama, kunaon salira Eulis.

610. Bet kara ge mamayu, cing terangkeun ngarah harti, na naon atuh kahayang, ulah sok jadi berewit, Putri nyuuh bari nyembah, aduh amapun rama gusti.

611. Mugi ama ulah bendu, abdi sayaktosna alim, kawinka incu akimah, tobat abdi sanes nampik, na mama teu lingsem manah, mantuan tedak pangarit.

612. Ramana hanteu ngadawuh, ewed lebeting panggalih, ngadawuh saur putrana, mun teu tulus wirang teuing, kawas lain tata raja, tua anom pada nyaksi.

**Pupuh Sinom**

613. Kebat raja ngandika, he aycuna raden patih, dulur kula pek suratan, Tunjung Pura Tunjung PUri, rek dibawa badami, patih nyembah tuluy mungkur, suratna enggeus sadia, ki utusan enggeus indit, mawa surat pikeun ka saderek raja.

614. Hanteu kocap di jalanna, dua utusan geus nepi, ka Tunjung Puri jeung Pura, surat tadi tampi ku gusti, kahartos yen diangkir, harita ge dangdos rusuh, eusi surat penting pisan, mios ngantunkeun nagari, tunggang gajah diiring euyah-euyah-an.

615. Gancangna bae geus dongkap, Tunjung Pura Tunjung Puri, jeung Tunjungbang sasalaman, geus caralik dina korsi, sonona liwat saking, kakara tepung jeung dulur, ari eta dua raja, eta sasatna, perenah adi kaetang nu pangsepuhna.

616. Rayina sanggeus ngahormat, lajeng ka raka ngalahir, nakumaha ari kakang, anu geulis Malawati, rek kawin ka pangarit, kawas lain terah ratu, ratu Tunjungbang ngajawab, numawi rayi diangkir, rek badami kakang teh perkawis eta.

617. Tah kieu geura asalna, lajeng bae diwarti, ti kawit Putri teu damang, hanteu liwat sahiji, tah kitu eta rayi, kumaha akalna atuh, nu dipambrih salametna, walon ratu Tunjung Puri, eta gampil putrina bae gentosan.

618. Ku nu geulis jeung pereeka, ku sahiji anak mantri, be piraku daek nolak, da puguh dawuhan gusti, lamun geus jadi kawin. Panganten benum tumenggung, bet piraku hanteu kersa, piraan urang sisi, sakitu ge ngarasa eun untung pisan.

619. Bungah sang ratu Tunjungbang, ngupingkueun adpisna rayi, harita keneh nimbalan, raden patih sing sayagi, keur mapag incu aki, pakean anu aralus, omat ulah kakurangan wirang moal saha deui, jeung kareta pos isuk geura budal.

620. Den patih amitan jengkar, di alun-alun ngabaris, sayagi kareta retna, cahaya dumeling, nu nongtong heurin usik, salurak mani ngaguruh, omongan sakabah rayat, bari keprok sukasseuri, batur-batur lamun incu aki datang.

621. Ku urang kudu surakan, era-era urang sisi, arek jadi mantu raja, nyaah temen Agan Putri, luas mikeun nu geulis, kapilih ku urnag dusun, kawas taya anak raja, harianeun Kanjeng Gusti, eta kitu surakna rayat Tunjungbang.

622. Kareta harita iang, ditunggangan ku den patih, diiring ku wajabalad, surakna paling jelerit, budal kabeh nu ngiring, di jalan mani ngaguruh, ngaleut nu tarunggang kuda, sardadu ngiring pandeuri, peeut lopor kadenge bebeledagan.

623. Tunda anu nuju mapag, catur deui Deui Raspati, harita teh bade ngebak, mawa sabun sikat gigi, ka abdi teh ngalahir, aki mah diwates tunggu, poe ieu mun teu salah, mapag anu ti nagri, aki Boja dangdan ka wates rek mapag.

624. Anu beres di imah, dua jin engeus sayagi, murub mubyar cahayana, katuangan warna-warni sanggeus beres jin leungit lajeng ngebak Den Sunu, tunda anu eukeur ngebak, catur deui raden patih, harita teh dongkap ka nagara anyar.

625. Pendak sareng aki Boja, saur patih mana imah teh lebah-lebahna, walon aki raden tebih, mangga di payun gusti, raden patih enggeus lungsur, lajeng badarat angkatna, hanteu weleh alak-ilik, tina heran bet aya nagara anyar.

626. Sumaur lebeting manah enggeus lila jadi patih, hanteu manggihan nagara, naha ayeuna bet manggih, lajeng nyaru ka aki, imah aki masih jauh, aki Boja ngawalonan, itu gusti katingali babancongna anu marakbak di buruan.

627. Harita parantos dongkap, lumebet ka jero bumi, sadaya geus lalenggah caralik beres na korsi, den patih alak-ilik manahna heran kalangkung, ninggal parabot di dinya,sadaya emas biduri, ting burinyay ting gurilap matak serab.

628. Calik dina korsi emas, mantri alak-ilik sadayana sami heran, naha mana alus teuing, sanajan Kangjeng Gusti, hanteu gaduh barang kitu, boa-boa lain jalma, aki teh meureun dedemit, sabab eta parabotna hanteu layak.

629. Aki Boja ngadeuheusan,mangga tuang heula gusti,mung sakadar lumayan, beuang olah-olah nini, den patih nyaur gasik, ke heula dahar mah atuh, kula hayang heula terang, cing teang ku hayang panggih, ka nagara ayeuna arek dibawa.

630. Walon akike antosan, moal lami oge sumping, kacatur Jayalalana, harita mulih ti cai, ngajingjing sikat gigi, bari diliung ku anduk, wangsul mesek salira, di sinjangna batik manis, ting burinyay soroina gamparan emas.

631. Ngalenghoy mulih ti jamban, angkatna tea andalemi, lageday macan teunangan, sarta kalangkung ginding, di latar ka Den Putra, olohok sakabeh mantri, den patih ge henteu yasa sasauran.

632. Pada ratug manahna, saumuma karek manggih, nu kasep saperti eta sarurem panganggo mantri, ku cahaya Raden kalindih, sanajan ting raranjug, bari maluru ka latar, nyakitu deui den patih, geus munjungan Den Lalana, ka Den Patya.

633. Lajeng na korsi lalenggah, mantri mah caralik di sisi, sawareh caralaik di handap, patih nyaur lebet galih, kumaha nyebut aing, teu pantes lamun nyebut agus, na ieu teh saha, moal pantes incu aki, tangtuna ge ieu turunan kusumah.

634. Ngahulengna sajongjonan, dipikir dibulak-balik, ningal kitu sareatna, teu lami lajeng ngalahir, hormat semu nu ajrih, haturan teuing Den Bagus, ieu emang dipiwarang, ka rama agan sang aji, kedah angkat ayeuna teh, ka nagara.

635. Disaur ku kangjeng raja, mugia kedah kairing, tah ieu pasihan rama, pangganggo teh dipisalin, ku Raden geus ditampi, harita dicobi tuluy, logor ngomplok teu meujeuhna, pok unjukan Den Raspati, henteu cekap pangganggo teh kaageungan.

636. Mugi abdi diwidian, dangdan ku pangganggo doip, Den Lalana lajeng angkat, dibarung imut saeutik, lumenyap galih mantri, melong kanungajak imut, karaosna teu renangan, sangkilang pada lalaki, komo meureun ninggang ka istri mah.

637. Pikir mantri hayang datang, hayang nyaho polah putri, tukang ngahina nu nista, ka ieu mah boa teuing, piraku mun teu nyiwit, lalaki ge kalangkabut, kocapkeun Den Lalana, ti kaar parantos bijil, langkung ginding panganggona matak serab.

638. Kamejana sutra boda, kancingna ku inten rukmi, disinjang garingsing wayang, katinggalna aduh manis, udengna batik sisi, katingalna hurung mancur, enggalna barang tuang, sami ponyo mantri, naha ieu kadaharan ngeunah pisan.

639. Saumur karek manggihan, mana ngeunah-ngenah teuing, kutan kitu masakan polah nini urang sisi, teu nyana liwat saking, Raden ka aki teh nyaur, aki mah kudu nungguan kula rek nyelang ka nagri, kira-kira geus lima poe lilana.

640. Kakara aki teh datang, nini kajero nagari, bari ieu buyung bawa, sanggakeun ka Agan Putri, sumangga jawaban aki, Den Lalana lajeng lungsur, diiring ku wajablaad, dina kareta geus calik, murub mubyar panganggo anu arendah.

641. Manah raden patih suka, moal eta keur pangiring, calikna dina kareta, dikaleng ku raden patih, nya kitu tenda deui, harita dibuka terus, lantaran hayang katanggar, ngiring nu kasep raspati, sajajalan jalma-jalma, sami heran.

642. Nu tadina rek moyokan, jeung batur paheut badami, tapi barang jol datangmah, olohok teu bisa muni, pikirna lir kabadi, hanteu ngiceup-ngiceup manyun, kitu bae sajajalan geus dongkap ka jero nagri, jalma-jalma ngaberes jiga kasima.

643. Ngaguruh sora kareta, tina tebih ge kakuping, nu lalajo ting rarenghap, hayang nyaho incu aki, rupana urang oyag, patih jeung Raden Raspati, lajeng ngadeg barakbak nu katingalan.

**Pupuh Balakbak**

644. Nu rek moyok catangap teu tuluy ngomong sakabeh, euleuh-euleuh kutan lucu bet eta teh ku mones, duh paingan bisa meunagnkeun cisoca nu kasep, sami jeung mapling jalmi sisi jalna rarepeh.

645. Ting areuleuh ting araduhjalmi karaget, randa lanjang pada hayang adayana kapelet hanteu nyana incu Boja kutan lucu heg koneng, komo deui istri tukang ngoles naronggeng.

646. Garo singsat kurang-kureng, arolohok jeung getek, imut nyaur naha hanteu palay, pingping nu koneng, cek batur na lamun salaki kami ari sore, moal meunang ka mana lebar teuing ku kasep.

647. Kiihna ge kana conggang, kajeun teuing heg bae, resep temen pangantenan mun dikerem, tujuh poe, silih ciwit silih beulit matak poho pagegel, moal meunang ka mana pisan jauh ku dewek.

648. Malah lebar di tenjo ku batur oge garetek, nu daragang henteu tolih na dagangan barahe, katarincak wawadahan nana ruksak saremplak, kajeun teuing dicarekan ku salaki ngajret.

649. Budak leutik teu tolih careurikna ting darengek, nu ngarongton harita teh guyur ibur pahereng, nu kadempet nini-nini jeba-jebi merenyeng, anu suing seurina teh tembong huntu nye-rengeh.

650. Paresea istri-istri marebutkeun nu kasep, aduh ujang cing calik ka ceuceu ke sore, ku ceuceu ge dosondong keun kahoyongna nu kasep, kasur bantal sadayana haraneut dipoe.

651. Naha Agan henteu palay pingping ceuceu nu koneng, bet piraku mah henteu hoyong ka ceueu nu moher, para istri sapalih mah narapsu garetek, ka salaki ngambek, menta surat talak kekejret.

652. Margi kagok keur nongton sok calukan karenyeng, teu keur pek ningal nu kasep mani ngalenggereng, cek sawareh tada teuing kangeng raja teh, tilas sesah ayeuna mah tangtos bingah kumantu teh.

653. Nu narongton sami melong, sadayana ting taroel, hanteu bosen neuteup anu kasep janten kapelet, cahaya mubyar ngagebur matak surem sarengenge, kadeseh nyerng ting kariceup euleugeug nu apet.

**Pupuh Asmarandana**

654. Nu tunggang kareta rukmi, Raden jeung Rahaden Patya, di jalan pada ngarogrog, ka hulu dayeuh geus darongkap, pangiringna sesah surak, geus anjog ka alun-alun den patih liren sakedap.

655. Miwarang sahiji mantri, ngunjukeun parantos dongkap, di alun-alun diantos, bilih ratu kersa mapag, mantri leumpangna gancang, ka datun enggeus cunduk, Ratu Tunjungbang mariksa.

656. Aya naon maneh mantri, mantri nyembah ngawalongan, pamugi janten parios, putu Boja parantos dongkap, bok bilih bade mapag, ngantosan di alun-alun, Tunjungbang lajeng ngandika.

657. Ku nu dua rayi jeung patih, Tanjunggpuri Tanjunggpura, sumangga urang marios, rayi-rayi ngawalonan eta teh tenggelan raka, rayi mah di dieu nunggu, mangga sae bae mapag.

658. Ratu Tunjungbang lajeng indit, ka alun-alun nyalira, manahna rada hawatos, bade mantuan teu layak, sasatna ka rayat hina, urang kampung bae linglung, ka alun-alun geus dongkap.

659. Ku den patih katingali, tuh Agan ramana dongkap, Raden Lalana seug moro, lajeng ngarawu sampean, raja kaget manahna, melong ka Raden Sunu, den patih mere isarah.

660. Ratu sepuh teu ngalahir, hareneg lebeting manah, kaget ningal anu kasep, dewa turun ka dunya, cahyana mani mubyar, na aya satria lucu, na ieu teh atuh saha.

661. Raden patih hatur tadim, nyembah payuneun sang raja, galindeng ka patih naros, mana ari incu Boja, nu ku patih dipapag, raden patih nyembah matur, sumuhun dawuh timbalan.

662. Ieu payuneun jeng gusti, sang ratu bingah manahna, Raden Lalana dirontok, nyaur bari diusapan, duh Agan putra saha, hampura teu diaku, panyana teh sanes Agan.

663. Kawit sedih jadi seuri, asal duka timbul suka, ngaaremplong mung kantun bengong, malah mah hoyong katangar kunu ningal harita, yen boga minantu lucu, nu kasep teh diusapan.

664. Lajeng dikaleng ku gusti, dicandak ka padaleman, enggeus dongkap ka kaputren, diiringkeun ku Den Patya, liluan geus lalenggah, sang ratu lajeng ngadawuh, Raden teh kudu balaka.

665. Ti mana kawit bumi, sareng saha ibu rama, saha jenengan nu tulen, nagari ancik-ancikan, banjar karang pamidangan, dayeuh maneuh lembur matuh, hayang terang sayaktosna.

666. Den Lalana nyaur manis, sayaktosna henteu lepat, saemut nya dipikolot, di pun bapa aki Boja, mugi gusti uninga, abdi teh ti lelembut, ti bubudak tukang manday.

667. Ngahuleng manah Narpati, midanget saur Den Putra, anu ngangken somah tulen, namung tetep teu percaya, sanajan ngangken cacah, margi benten nu pamulu, terah teureuhing kusumah.

668. Ngabohong sarebu kali, carek wiwilanganana, ku ratu mah geus kahartos, emutan sanajan somah, nyaah moal kapalang, enggal miwarang sang ratu, he emban maneh teh geuwat.

669. Geura saur Agan putri, kudu ka dieu ayeuna, buru-buru heg diantosan, emban lumpat gagancangan, ka kaputren geus datang, Agan teh enggal disaur, diantosan ku kanjeng rama.

670. Gan putri henteu ngalahir, angur nangis jeung sasambat meubeutkeun anjeun ka enggon, nangisna kanyenyerian, aduh harianeun ama, bet dipaksa anu embung, siga teu nyaah ka anak.

671. Na teu aya kangge ganti, ulah urang pasisian, incu aki nu kokoro, Agan enggal saur emban, ku gusti diantosan, Agan putri nyentak nyaur, naha maneh bet ngeukeuhan.

672. Moal rek boga salaki, hayoh bejakeunka ama, emban teh tuluy ngaleos, ngadeuheus deui ka raja, sang ratu seug ngandika, mana emban putri tea, emban nyembah ngawalonan.

673. Kaula nun kangjeng gusti, mugi ulah bendu manah, teu kersaeun gan putri teh, saurna mo carogean, saur ratu nanya, teang deui buru-buru, ku maneh kudu kabawa.

674. Lamun teu daek dipeuncit, bejakeun ku maneh emban, emban ka Raden ngaleret, olohok kaget kacida, ieu teh incu Boja, kasepna kaliwat langkung, hanjakal putri ogoan.

675. Kitu emban jero pikir, ngupat ka dununganana, ti payun gusti mios, datang ka pangkuleman, gan putri teh kasampak, keur nangis socana cindul, huh heh hoh emban nyembah.

676. Agan ulah renggat galih disaur deui ku rama, ayeuna ge ngantos keneh, majah aya incu Boja, alah Agan ku gandang, kasep cahayana ngagebur, bibi oge silo ningal.

677. Milari salebet nagri, moal mendakan tandingna, bibi sakitu geus kolot, nu kitu mah nembe mendak, bibi mah alah tobat, aduh biung matak giung, lucuna kabina-bina.

678. Mun teu isin mah nyiwit, sok inget jaman si jenat, alah ampun daek gelo, mo poho nepi ka jaga, gan putra teras beunta, lilir bari teru diuk, tuluy bae emban teh nanya.

679. Moal beda siga si aki anak merak kukuncungan, aki goreng incu goreng, kasep turunan ti mana, ceuk emban wantun sumpah, sareng Agan ge kula nun, asa sae tamu tea.

680. Putra ngadeg rada pusing, cing hayu jeung kami emban, lamun salah engke maneh ku kami dipodaran, walon emban sumangga, putri angkat rambut kusut, barang dongkap kana lawang.

681. Noong tina lawang sosi, kabeneran teh kasemah, ngagebeg moho nu melong, geus kitu tuluy ka emban, ngangajak bae ngejat, hayu embat buru-buru, kami teh anteur ka jamban.

682. Kami rek mandi diangir, mani hareudang bayeungyang ka jamban parantos anjog, lajeng bae putri ngebak, dikusukan ku emban, diluru ku sabun erum, emban unyem seuseurian.

683. Euleuh itu katumbiri, keur halodo nangtang hujan, geus careudeum iuh poek, ayeuna bet ngadak-ngadak, sasari mah da tara, walon putri naon atuh, moal enya arek hujan.

684. Emban unyem ngomong deui, abdi mah hanjakal pisan, Agan nampik kanu kasep, nya eta incu Boja, rama teh ngagentosan, nikah putra tumenggung, henteu cios ka Agan mah.

685. Putri hareneg panggalih, bibi emban naha enya, semah kawin kanu sejen, lamun enya kami sumpah, moal rek carogean, lamunlain ka tatamu, nu ditoong tina lawan.

686. Putri ti jamban geus mulih, emban ngiring gogonjakan, dongkap ka bumi seug nganggo, panganggo nu sarwa endah, bibi emban kumaha, naha pantes matak lucu, kasemah moal dicawad.

687. Parantos nganggona putri, bibi unyem hayu bawa, wadah seureuh mangka hade, itu surutu wadahan, geus lungsurti kaputren, panganggona mani mancur, ting gurilap inten mubyar.

688. Selopna buludru gading, ditaretes mutiara, emas duket inten selong, langgeor putri nu angkat, lir widadari sawarga, pinareup ngabuah butun, raray lir bulan tumanggal.

689. Damis lir kadu sapasi, ramo mecut rambut panjang, halisna ngajeler paeh, panangan medang gondewa, taktak taraju emas, rarengkuh alus panyipuh, kawantu putri pujaan.

690. Dongkap ka payuneun gusti, ku ramana digupayan, cong nyembah harempoy mando, ramana lajeng ngandika, ku naon lila pisan, tah ieu aya tatamu, cing aku kadinya geuwat.

691. Ama mah jeung paman patih, ayeuna rek ka paseban, patih ngiring raja mios, mung kantun Raden duaan, saur putri sumangga, bade nyesep kaula nun, atanapi tah ngalemar.

692. Den Lalana jongjon linggih, teu ngaleret-leret acan, gan putri deui nyarios, na kunaon atuh engkang, teu kersa sasauran, naha ka abdi teh bendu, na naon atuh kawitna.

693. Kapan nembe oge sumpig, patepang nembe ayeuna ku naon henteu nyarios, engkang teh hoyong kumaha, tong sok ngadodol gula, lalikeun manah nu bendu, kaniaya tega pisan.

694. Taleus lain suweg lain, jadina di tengah tegal, mung kantun lalesu hate, gantar malang disusukan, teunangan raraosan, sireum tanauh mapay padung, gan putri mung bati nahnay.

695. Ku Raden teu diperduli, nu sakitu diconggahan, nu capetang teu diwalon, siga anu henteu palay, padahal manah ngerab, ieu itu sami giung, da puguh oge aduna.

696. Den Lalana teu ngalahir, maledog ku juru soca, ngahembat ku emut kempot, manah gan putri lumenyap, dileret diimutan, dag dig dug lebeting kalbu, ka Raden lajeng nyaketan.

697. Bari nyaur semu ajrih, engkang teh naon margina, henteu nyarios, naha ka abdi teu suka, abdi mah jalmi hina, doip teu aya pamulu, panginten mendak gentosna.

698. Den Lalana emut manis, harita nembe nganika, duh gamparan anu denok, kitu mah teu pisan-pisan, wangsulna pun engkang urang, gunung bau lisung, cacah rucah kuricakan.

699. Keur hina teh tambih miskin, na naon araheunana, dipandang kasep teu kasep, da puguh kieu buktina, ka agan sanes babad, numawika engkang nanduk, agan moal carogean.

700. Putri lali purwadaksi, midanget saur den putra, da puguh ge tos ngaraos, anjeuna nu kitu peta, ayeuna disindiran hanteu tatanya nyaluuh, duh engkang nu jembar manah.

701. Ulah kirang pangaksami, najan kalepatan, abdi saaya rumaos, kapungkur nampik ka engkang, panginten bibi emban, anu sumaurna geruh, waktos nguninga ka ama.

702. Mangga engkang geura galih, naha moal ngahampura, saur raden mangsa bodo, engkang lain nu kawasa, ayeuna amit mulang Agan putri megat nagtung, ngarontok ka Den Lalana.

703. Den Lalana nyaur lirih, Agan ulah kieu peta, katingalna matak awon, kieu mah sanes layana, mun agan arogean, engkang ngagundal ti pungkur, pantes kangge panakawan.

704. Agan putri wantun nyiwit, dicepeng lambey den putra, ulah kitu engkang anom, upami engkang garwaan, abdi purah ngisikan, purah nyangu tukang nutu, pami ngebak dikasayan.

705. Hanteu panjang nu ditulis, tangtos kagambar ka reka, urang kantun anu otel, koncapkeun deui sang raja, geus tepi ka paseban, patepang jeung rayi ratu, Tanjungpuri Tanjungpura.

706. Para rayina ngalahir, mana incu aki Boja, saur ratu di ditu kench, coba saur heula Agan, pamanna can uninga, ki utusan lumpat rusuh, ka kaputran enggeus datang.

707. Disampeurkeun ku den putri, aya naon maneh upas, ki utusan nyembah walon, gan anom disaur enggal, di antos ku jeng rama, putri nyentak bari bendu, eukeur kulem Agan putra.

708. Padahal Raden keur calik, kulem mah wungkul alesan, sono nuju geugeut otel, gan putri sungkan paturay, kocapkeun ki utusan, ka payuneun ratu cunduk, ku sang raja dipariksa.

709. Mana Raden Raspati, utusan ngawalon nyembah, kulanun Raden kasondong, nuju kulem saur agan, kangjeng gusti ngandika, teang deui buru-buru, pek bejakeun didagoan.

710. Utusan nepi ka puri, aya naon deui upas ki utusan teh ngawaloan, saur rama kedah enggal, kumargi penting pisan, gan putri ka Raden nyaur, engkang disaur ku ama.

711. Lajeng lungsur Den Raspati, diiring ku upacara Raden nyacat angkat alon, harita dongkap ka latar dua raja ningal, kaget bari tuluy lungsur, moro ka Raden Lalana.

712. Sidik rasa henteu pangling, yen eta geuning putrana, anu kapungkur ngalolos, barang gok amprok dipapag dirontok ku duaan.

713. Sang Tunjungbang moro gasik, eh engke rayi heulaan, kakang ayeuna tumaros, na ieu teh putra saha, mana ditarangisan, rayi ka raka ngawangsul, ieu tunggal anak urang.

714. Kapan anak Wulansari, adi urang ti Cempala, barang ka kuping dirontok, Ratu Tunjungbang nangisan, teu nyangka kaponakan, putra rayina nu bungsu, bungah amarwata suta.

715. Dikewel Raden Raspati, ditangisan siciuman, ku sang ratu digalentor, tina bakating suka, sugan teh incu Boja, nu ngakukeun urang gunung, horeng wedalan nagara.

716. Tetesing andanawarih, terah teureuhing kusumah, puputon kaparabon tulen, cacap panujuan tatan, da puguh wargi pisan, ka paseban geus ditungtun, calik teu kenging mungkuran.

**Pupuh Pangkur**

717. Den patih kebat marentah, mantri-mantri kabeh kudu sayagi, domba munding sareng lembu, sadiakeun tatabeuhan, dikumpulkeun ti unggal kampung, ulah aya nu kaliwat kerid kabeh ka nagari.

718. Gancangna kabeh sadia, wantu-wantu parentah kangjeng gusti, tatabeuhan geus ngaguruh, para istri pirang-pirang, geus arolah di dapur mani ngaguruh, anu ngurus piring prong-prang, cat cet anu mareuncit.

719. Paseban geus dihiasan, putra-putri didangdosan geus sayagi, panganggo nu hurung mancur, gan putri jeung raden putra, geus caralik dina alketip nu hipu, geus kitu lajeng kaluar, nitihan kareta rukmi.

720. Jegur mariem disada ditembalan tatabeuhan kabaeh muniger surak mani nangguruh, geleser maju kareta geus helaran nguriling di alun-alun, lalungsur putri jeung putra, lumebet ka masigit.

721. Nu lalajo mani seah, sesek jejel nu katincak ting jalerit, kikis masigit teh runtuh, rebah katarincakan, hayang awas ka pangaten putra ratu, raden enggeus dirapalan, tunggang kareta marulih.

722. Dongkap disawer di latar, sanggeus beres lajeng kalebet kabumi, latinggih na ros bang mancur, panghulu lajeng ngado'a tamat doa hamin mariem ngajegur, tawis nikahkeun sampurna nu surak pating jalerit.

723. Caturkeun dina wengina, tuluy pesta ramena liwat saking, menak-menak ngibing nayub, degung ronggeng kendang penca, reog angklung tanda badaya ngaguruh pangaten enggeus ka luar di ubeng ku para istri.

724. Hibar nagara Tunjungbang, cahaya lampu istolop lantera lili, cahayana mani ngagebur, ngaguruh ku tatbeuhan, anu surak ngageder pager rarubah, nu pesta eak-eakan, nu lalajo hareurin usik.

725. Eukeur rame tatabeuhan, tuluy jempe biantara kangjeng gusti, he sadaya para tumenggung, reujeung sakabeh rayatna, saraksian ayeuna kaula lungsur, rek nurunkeun karajaan, ragragna ka mantu kami.

726. Jenengan Jayalalana, menit ieu nu ngawasa ieu nagri, di Tunjungbang jeneng ratu, sakabeh kudu uninga, ngan sakitu kasauran maha ratu, ger surak wadia balad, ngaguruh saruka ati.

727. Tujuh kali mariemna, disundutan tandana jeneng narpati, ku tatabeuhan disambung, kira-kira pukul dua, panganten teh istri pameget, lalungsur, lumebet ka pajuaran, geus karulem putra-putri.

728. Kacatur dina enjingna, putra-putri kaluar teras ka cai, ka jamban patuyun-patuyun, angkat pakael panangan, silih leret silih kaleng bari imut, gan putri hantem nyiwitan, ih na engkang sok cilimit.

729. Di jamban lajeng saliram, bari otel silih simbeuh silih ciwit, tungtungna mah ruru, sami maresek salira, hanteu weleh di jamban oge garelut papuket silih ciwitan, duanana bingah galih.

730. Ti jamban marulih nyaat, ngarareumbay rabut panjang sareng-galing, wawangin nyambuang arum, emban rek ninggal kabita, luak-lieuk dulak dilak bus ka kakus, sigana hanteu kawawa, samping jibrug ku cikiih.

731. Kacarios aki Boja, harita teh jeung nini lebet ka nagri, lajeng ngadeuheus ka ratu, reh nyanggakeun buyung tea, tuluy nyembah kaulanun gusti ratu, mugi henteu bendu manah, abdi kaporotan teuing.

732. Ieu gaduh kagegelan, rupi buyung lumayan keur wadah cai, mung sakieu ka gaduh, etang maskawin putra, walon ratusakieu ge aki nuhun, buyung ditampi ku raja, muka tuluy nu disosi.

733. Barang bray cahayana ruhay, jero buyung eusina inten biduri, teu kaangkat bakat pinuh, putri ngaleret rakana, aduh engkang aki nini beunghar langkung, sanajan ieu nagara, katutu eusina kabeuli.

734. Gan putri bungah kacida, katampi buyung panumbas ti nini aki, raden teh lajeng sumaur, ieu teh engkang nu saha, walon raden aki jeung nini nu gaduh, saur putri pami terang, abdi tangtos ka gosali.

735. Aki diandeg di dinya, henteu mulih ka asalna anu tadi, tetp jeung nini maratuh, itung pamulang tarima, da nagrina ciptaan enggeus suwung, jadi alas bandawasa, ngalih ka asalna deui.

736. Aki jeung nini berungah, beurang peuting taya gawe wungkul ulin, aya darajat geus sepuh, kitu mungguh nu sabar, awal ahir tangtu pinanggih rahayu, ari gawena ayeuna, ngasuh nu manis Raspati.

**Pupuh Dangdanggula**

737. Tunda heula anu suka galih ti Tunjungbang Raden Lalana, meujeuhna gentos carios, kocap ratu Angun-angun, nu ngala buhaya putih, harita teu acan meunang, dua bulan punjul, keur landong putri heudami, teu uninga, putri harita geus kawin, ka Raden Jayalalana.

738. Aya jalma nu dagang kuriling, harita teh keur ngaliwat kadinya, kabeneran kenging wartos, raja Angun-angun bendu, nguping putri enggeus kawin, ka Rahaden Lalana, katut nu saratus, harita ge ngarempagan, kuma akal sangkan pakarepan hasil, reh Tunjungbang geus cidra.

739. Kaputusan rek ngalurug jurit, nyieun surat harita geus iang, ku upacarana kahot, di jalana hanteu dicatur, ka Tunjungbang teh geus nepi, ka sondong raja keur lengah, utusan ka payun, sor nyanggakeun eta surat, ku sang ratu, harita surat ditampi, lajeng bae dibuka.

740. Surat hatur hing Tunjungbang nagri, ieu kula ngadenge warta, Agan putri anu ano, dikawin ku urang gunung, naha jalir tina jangji, kapan putri geus dilamar, naha engeus sayagi, ka dieu ngalurugan.

741. Ratu sepuh ngaraos ngagidir, harita ge den putra diteang, raden anom tungkul mando, ratu sepuh seug ngadawuh, gentra alon semu lirih, siga anu nalimba, aya surat agus, sumangga ku Agan baca, pek diaos, serat ku Raden Raspati, gumujeng raos pisan.

742. Kanjeng rama ulah alit galih, paeh hirup putra nu mayunan, sanajan ratu nu sohor, jago dina perang pupuh, tuang putra teu gimir, margi sipat manusa, taya anu unggul, sing percanten kana kadar, kula sanggem, tutulisan ti ajali, mung Alloh nu kawasa.

743. Ayeuna mah keun kumaha abdi, rek dilawan sanajan nu gagah, nyicip-nyicip ratu jago, nu adigung kumalungkung, tukang ta-kabur jeung dir, rasana rea bawahan, keun sina ngalurug, tuang utra rek diajar, rek ngayonan, ratu anu gagah sakti, tanwande dipegatan.

## Pupuh Magatru

744. Lajeng nyerat harita sang ratu sepuh, walonan ka angun nagri, geus beres dibikeun tuluy, ki utusan lampah gasik, di jalan teu dicaarios.

745. Kacaturkeun ka angun parantos cunduk, cong nyembah jeung mikeun tulis, ku raja angun kamaphum, walonan nu nangtang jurit, isuk sore rek di dago.

746. Eta serat pangwalonan geus ditutup, benduna kaliwat saking, raray beureum mani ngempur, kekerot mani ngagidir, ka balad lajeng hahauk.

747. Hayu batur ayeuna mah urang lurug, budalkeun kabeh perjurit, lamun acan lebur ajur, nagarana burak barik, minantuna sina kojor.

748. Tuluy budal balad angun ratu, palajurit laksa keti, hateungheum kawas halimun, ngabrul lir siraru jadi, nu surak paling haraok.

749. Enggeus dongkap para jasa ratus, ka pinggir Tunjungbang nagri, ngaranjah ka unggal lembur, imahna diburakbarik, manggih domba diparotong.

750. Urang kampung atuh kabeh pada kabur, lalumpat ka jero nagri, awewe lalaki ngabrul ngagarandong budak leutik, ting darengek ting galero.

751. Kajeun teuing banda mah di ranyak lapur, teu melang ku emas rispis, supaya badan sakujur, salamet saanak rabi, ulah dugikeun kamaot.

752. Aki-aki jeung nini-nini lumpatna ripuh, kaidek ku palajurit, pakampungan burak-barik diruksak kunu ngarampog.

753. Raden patih kalaporan angkat rusuh, nguningakeun pinggiran nagri, duh gusti musuh tos cunduk, raresak sadaya abdi, imut manis perbu anom.

754. Mangga atuh sing sayagi buru-buru, kempelkeun kabeh perjurit, sareng pakarang sing cukup, ngan namung kedah dipilih, nu agung wawanen tanggoh.

755. Saupami balad tos kumpul, parios saha nu wani, suka rela majeng pupuh, mun teu wantun sina balik, tong dipaksa kanggo naon.

756. Lajeng kondur den patih ka alun-alun, nakol bende langkung tarik, geunjleung sorana ngaguruh, geus darangdan parajurit, samakta kabeh parabot.

757. Nyoren gobang kuli tumbak sareng limpung, di alun-alun geus heurin, lajeng den patih ngadawuh, he sadaya palajurit, saha bae anu tanggoh.

758. Anu wani kana perang pupuh, urang keur dilurug jurit, ti ratu pamukti angun, saha bae nu teu wani, ulah milu kareremporn.

759. Lamun wani hayu buru-buru maju, anu teu wani baralik, sadaya sangem rerempon.

760. Pek ngabela lemah cai moal mundur, sanaos dugi ka mati, den patih ngawalon sukur, he sadaya palajurit, ayeuna urang marios.

761. Lajeng budal ti alun-alun ngaguruh, surakna pating jaleritka wates kota geus cunduk, seug marentah raden patih, nyieun pasanggrahan cek-cok.

762. Kitu deui balad ratu angun-angun, nyieun pasanggrahan sami, ngaberes kabeh aralus, ngajajar mani baris, papanggungan geus ngabangong.

763. Isuk geus rap banderana ngempur, tawis kaagungan nagri bandera beureum, ciciren ngayonan jurit, da puguh pada jarago.

764. Geus ngabaris beberapa kabeh sardadu, semah katut piribumi, dipirg ku sora tambur matak kelar rebut pati, bedil sorana geus dur dor.

765. Sora balad ngaguruh ambal-ambalan, lir sora laut keur banjir, lobana kacida, balad saratus nagara, nyepeng tumbak reujeung bedil, maju ka tengah perang sami pada wani.

766. Ti Tunjungbang baladna saeutik pisan, katawis mani cerewing, perang campuh pisan, silih bedil silih pedang, musuh lawan pada wani, teu puguh lawan, rikat pada taki-taki.

767. Estu ragot itu ieu silih tumbak, teu emut ka bahya pati, nu ngetoskeun nyawa, makarang paling sulagrang, keristumbak sareng bedil, nyangking sadia, sami wani mandi getih.

768. Sorana lir lini eukeur luluwukan, jagat oyag kunu jurit, geus poek haseupna, ngageder roas kacida, nu cilaka ting jalerit, bangke patumpang, ting jarungkel matak watir.

769. Balad Tunjung ditarajang ampir beak, barisan geus burak barik, ku seuneu diciptaan, nu gede jeung ngudag-ngudag, loba nu kalabur ngalacir, balad tunjungbang, ampir teu aya nu kari.

770. Raden patih mundur nguninga ka raja, duh gusti abdi bali, balad seep pisan, ayeuna sadaya-daya, nyanggakeun bebendu gusti, anom nyaur garwa, dunungan engkang nu geulis.

771. Engkang pamit ayeuna rek maju perang, ngayonan nu gagah sakti, garwana ngawalongan, kapan seueur keneh bald, ulah waka majeng jurit, iwal tos musna, den anom ngalahir deui.

772. Engkang watir balad seueur anu wapat, saur putri mangga jurit, abdi kedah candak, upami engkang perlaya, abdi sumeja rek ngiring, ngabuang nyawa, hirup ge sangsara diri.

773. Prabu ano ngalahir bari ngusapan, deudeuh teuing anu geulis, ku engkang katampa, kanyaah bumela nyaan, namung kedah emut lantip, paos ngamanah, ngabelaan lemah cai.

774. Nyaah teuing nagara tangtu diranjah, gan putri ngawalon manis, mung salira engkang, kedah antos-antos pisan, didoakeun ku sim abdi, sing unggul perang, pami engkang kawon jurit.

775. Tangtos abdi ka engkang ngiring bumela, raden harita ge indit, ngadeuheus mertua, mugia ngawidia, abdi bade mapag urit, ratu ngandika, ama oge seja ngiring.

776. Prabu anom lajeng nanggo karajaan, tunggang gajah langkung ginding, diubeng ponggawa, geus sumping ka pasanggrahan, lajeng lalinggih korsi, jeung ratu sepah, ti payun patih gagahi.

777. Ting haraok musuh nangtang menta lawan, baladna saratus nagri, he balad tunjungbang, hayoh aing geura lawan, patih gagahi geus amit, metakeun bald, perjurit sesanu ngacir.

778. Mariemna ngajegur mere tangara, tawis mikat deui jurit, ger deui anu perang, silih bedil silih pedang, tambur ngabrangbangan tarik, ketir kacida melas melis sora suling.

779. Raden patih ka prabu ano unjukan, neda widi jisim abdi, bade maju perang, neda hibar pangduana, prabu anom enggeus widi, patih geus iang nyoren pedang nyungkelang keris.

780. Sor narajang patih gagahi ka medan, nyabut pedang nguwakngawaik, dicacar lir bolang, bungbang balad-balad, disabetan ku en patih, ngamuk pohara, prajurit loba nu mati.

781. Anu perang harita bubaran lantaran kasapih burit, ger pesta sadaya, ngageder dipasanggrahan, semah sareng pribumi, sami nayuban, pelog wayang sareng tanji.

782. Reureuh perang hiburan ngaribing tandak, seueur nu weureu sopi, siga suka bungah, ngageder ku tatabeuhan, lirenna anu ngaribing, kabujeng siang, den patih natakeun baris.

783. Geus dipasang bandera di tengah medan, ngaguruh nu surak tarik, rame deui perang, den patih maju deui ka medan, dicacar deui perjurit, ngamukna rongkah, nu tatu pating jalerit.

784. Raja-raja nu saratus kage pisan, ninggal balad burak barik, bubar katawuran, katawis ku hiji raja, euleuh geuning itu patih, bet bangkarwarah, wanita ngamuk perjurit.

785. Lajeng bendu sang ratu sorong buana, kekerot waosna tarik, melesat ka medan, sareng patih patepang, raja sorong nanya bangis, he saha ngaran, naha maneh salakina putri, teu geura perang, ngalawan, ka aing jurit.

786. Raden patih nyaur gampang reujeung raja, aing oge tacan mati, sang sorong amarah, ngupingkeun anu nangtang, na bener sia teh wani, geura pek gada, tinggakeun ka awak aing.

787. Walon patih teuh watek aing ti heula, sang sorong mololot pusing, tuluy ngangkat gada, gebrod ka patih ngagada, den patih rampayak ngibing, henteu dirasa, asa diciwit nu geulis.

788. Hayoh sia ulang olohok pek gada, ulah bosen matak jilid, sang sorong buana amarah tuluy ngagada, henteu dirasa panggitik, pek nyabut pedang, raden patih dek ditamsir.

789. Pedang ngambul teu teurak ka raden patya, raja sorong langkung pusing, ka patih ngandika, geura males sia setan, raden patih teh tarampil, ceg ceuli raja, jebet nampiling sakali.

790. Raja sorong lap lati kukurilingan, ngubeng saupama kincir, jeung utah-utahan, ger surak balad tunjungbang, barina marawa tali, geus ditalian digotong diguwang-gawing.

791. Geus, kabandang raja sorong buana, lajeng dipanjara beusi, den patih susumbar, bari tatandang di medan, musuh henteu geura bijil, aya nu datang, moro ka rahaden patih, bari nanya sugal, patih sia saha ngaran, na sia wani ka aing, patih nembalan, ngaran kami den gagahi.

792. Raja Durgi ka patih tuluh nambalang, empek sia geura namsir, atawa ngagada, bisi hayang nyaho sia, kagagahan awak aing, pek coba-coba, lamun enya sia wani.

793. Bangkawarah sia patih ngajagoan, patih nembalan bari seuri, teu tuman aiang mah, miheulaan neunggeulan, si amarah raja durgi ngajungjung gada, patih ditinggangna tarik.

794. Patih nyingcet ka gigir jeung nepak gada, atuh gada meunang angin, den patih nya kakak, bet naha eta gada, teu hayangeun ngakan getih, kawas diajar, perang jeung budak leutik.

795. Raja durgi seug ngalempag deui tumbak, ditewak ku raden patih, dipotongkeun tumbak, mani ajur jadi opat, digisik geus jadi cai, sang durgi nimbalan, olohok bari jeung pusing.

796. Rikat newak raja Durgi ku den Patya, tuluy dibalangkeun tarik, ragragna nagkarak, paiuhan henteu hudang, ger surak pating jalerit, balad tunjungbang, ka medan marawa tali.

797. Raja Durgi harita terus ditalia digotong diguwang-gawing digusur ti medan, dibawa ka pasanggrahan, raja durgi leweh ceurik, diera-era kawas lain lalaki.

798. Raden patih susumbar deui ti medan, nangtung bari jerat-jerit, hayoh menta lawan, geura bijil ka medan, naha mana lila teuing, mun teu wani mah, maneh geuwat baralik.

799. Geus kakuping ku raja gandamalela, sor narajang den patih, cepil ngembang wera, ku tina bakat amarah, benduna raden patih, tangginas pisan, geus jol sapung kureun patih.

## Pupuh Pangkur

800. Barang jol seung nanya ngaran, saha sia raja atawa patih, patih gagahi seug matur, kaula mah lain raja, papatihna tunjungbang andelan pamuk, ceuk raja gandamalela, pek atuh geura ngagitik.

801. Den patih ngawalonan nyentak, euweuh watek ngagitik ti heula, kami mah geura pek maneh ngagebug, raja ganda ngangkat gada, ditinggangkeun ka patih gagahi ngebul, gada meley siga oray, bengkok lir upama arit.

802. Ceuk raja gandamalela, hanteu suka gada kami teh murilit, make bet sina mengkelung, patih gagahi nembalan, naha atuh lalawora nya ngagebug, dahan bolan pake gada, ambek sang ngagidir.

803. Den patih tuluy ditewak, maksudna mah ka ratu arek dibanting, diangkat hanteu kajungjung, den patih teh beurat pisan, raja ganda amekna kaliwat langkung, tanagana anggeus suda, kesangna morolok bijil.

804. Ku raden patih disepak ratu ganda tipecat jungkel-jumpalik, teu bisaeun deui nangtun, tuluy deui ditaliyan, digarotong ku balad teh digalusur diasupkeun ka panjara, geus opat ratu nu sisip.

805. Harita bubar nu perang, tuluy eureun kasapih ku burit, tunjungbang perangna unggul, patih gagahi nu gagah, lajeng mulang ka pasanggrahan di buru, ku ratu sepuh di hormat, mapagkeun ka raden patih.

806. Prabu anom Den Lalana, nyaur alon gentra manis ka den patih, saupami paman ripuh, enjing ulah majeng perang, putra bae enjing mah nu majeng pupuh, saur patih ke heulanan, masih wani ngadu jurit.

807. Caturkeun sang agan raja, keur badami jeung raja saratus nagri, susaheun kaliwat langkung, perang taya nu kuat, mana camplang anu maju saban isuk, balad ge taya nu surak, lir gaang katincak cacing.

808. Kacatur deui geus beurang, raden patih geus maju ka medan deui, surak baladna ngaguruh, tatandang di tengah medan, aya hiji raja nu harita maju, ngarana Raja Butarna nyoren pedang tingcarekit.

809. Pedang ngangsar dirodaan, langkung segut godeg jeung kumisna jedig, pangwakan jangkung luhur, rubak dada jeung buluan, sor ka medan jeung patih gagahi tepung, manggul gada segut pisan, beurat dua ratus kati.

810. Geus amprok adu hareupan, ngaharegem mololot nanya ka patih, raja butarna pok nyaur sia patih mah jig mulang, lain landing raja sia buru-buru, salakina putri teang, ulang jongkon bae cicing.

811. Raden patih ngawalonan, tong ngahampas tacan puluh aing mati, aing heula geura gebug, butarna ngangkat gada, teu talangke den patih digebug, raden patih kapiuhan, ku tina bakating tarik.

812. Diburu ku balad-balad, geus digotong ka pasanggrahan geus nepi, nu surak mani ngaguruh, kakara musuh teh surak, baksa raja nu saratus mani ribut, deuleu etah jago sia, keuyeup apu tereh mati.

813. Maneh ulah sog ogoan, karek nyaho sia teh ka raja aing kitu surakna ngaguruh, ratu angun suka manah, ningal musuh patih gagahi ngudupung, geus taya peta karempan, ngan kari si lalaki putri.

814. Balad musuh teh susumbar, hayu geuwat ratu anom geura bijil, urang pencet budak lembut, manah den lalana panas, ningal raden patih parantos rubuh, ratu sepuh sepa pias, teu aya tanggelan jurit.

815. Den Lalana ngadeuheusan, ka mertua unjukan nyuhunkeun widi, putra ama kaulanun, baden mapakeun ngayuda, bade nyobi diajar rebutan umur, ratu sepuh beg-beg manah, ku tina salempang galih.

816. Prabu anom geus kalur, lajeng angkat diiring ponggawa mantri, saringset ku matak lucu, tunggang gajah dipajengan, enggeus dongkap ka medan surak ngaguruh, musuhna kageteun pisan, teu sangka kasep raspati.

817. Sumawona balad-balad, eulcuh mana kasep-kasep teuing, urang kampung tapi lucu, paingan putri kagembang, atuh saha nu teu hayang kanu kitu, dewek ge mun boga anak, pareng awewe jeung geulis.

818. Dibikeun ngarah turunan, warna-warna anu ngomong palajurit, prabu anom enggeus tepung, sareng ratu butarna, barang gok ge, butarna teh gumuyu, lakadalah kutan budak, maneh teh salaki putri.

819. Bocokok teh onom pisan, na rek naon maneh teh ka medan jurit, siga rek sosoroh umur, nyaah teuing ku kasepna, tangtu mucrad polo maneh mun digebug, karooh ratu tunjungbang, keur kumincir sina jurit.

820. Geura turut omong emang, montong perang mending ge di emang cicing, lumayan engke di situ, boga anak parawan, entop merek ku ujang kudu pihukum, emang mah ngarah turunanana, pangupukan sugan jadi.

821. Prabu anom manahna cua, nguping saur kaemutan matak sedih, bet ngahampas maneh ratu, omongan teu patut pisan, naha aing bet dijieun hayam adu, sia rek ngalap turunan, kurang ajar liwat saking.

822. Surna ratu butarna, gede hate budak lembut wani-wani, naha enggeus bosen hirup, perang teu mawa pakarang, walon raden keur naon karidu-ridu, geura hempek bae sia, ka aing geura ngagitik.

823. Geus ngangkat gada butarna, ditinggangkeun ka prabu anon, raspati, sorana mani ngajelegur ku raden

824. Disangka sia geus wapat, jadi campur jeung lemah enggeus ngahiji, ditinggang ku gada ajur, teu nyana sia digjaya, atuh pantes sia geus wani ngarebut putri papacangan urang, ku maneh make dikawin.

825. Lajeng bae mesat pedang, pedang panjang gedena kaliwat saking, teu kabawa ku sapuluh, tina bakat ku beuratna, geus dilepas sora pedang teh ngahiung, sor raden nyodorkeun taar, ngagentrang bawaning tarik.

826. Pedangna raja butarna, hanteu teurak kalah rompang tilu dim, heran kakara saumur, keur kitu teu kanyahoan, raden anom nyabok cepil butarna nambru, ngudupung kokosodan, gerang-gerung kembung pipi.

827. Barang hudang tuluy lumpat, butarna pipina sabeulah kebi, pek batur geura arasup, mun wani kaincuna boja, sugan hayang bareuh hulu pipih kembung, dewek saumur kakara, kapok mending oge balik.

828. Hanas jikan geus ditalak, panyana teh putri rek beunang ku aing, ayeuna mah rek diruju, bari menta diubaran, pipi bareuh dipopokan beas cikur, mending jikan nu tiheula, moal matak bareuh pipi.

829. Kocapkeun Jayalalana, lunjung-linjing, tengah medan nangtang tanding, culak-cileuk nangtang musuh, nu gandang ngadago lawan, matak lucu luang, hanteu linglung, dangah ludeung ngadaleungdang, lir tedak patroman aji.

830. Aya deui hiji raja, nu narajang maju ka tengah hing jurit, sareng prabu anom tepung, di medan adu hareupan, nami raja sang ratu rarangan mashur, barang jol ratu ngandika, sastria pek gada kami.

831. Prabu anom ngawalonana, hanteu watek ti heula kami ngagitik, pek heula maneh ngagebug, sang rarangan ngangkat gada, diembatkeun ka raden mani nghaiuk, jedag ningang Den Lalana, Raden Anom kalah ngibing.

832. Nu surak rame kacida, resep ningal prabu anom gagah sakti, topina dialung-alung, ratu rarangan amarah, seak moro bari ngabar-ngaba duhung, ku prabu anom ditepak, keris ngeluk siga arit.

833. Hanteu kapok mesat pedang, bari luncat narok kanu cukeur ngibing, raden ngelid newak hulu, bari disepak dadana, ti

jumpalik lalieur gabluk tisusut, tarang bobak buntu dongklak, ngeuleuweur teu bisa indit.

834. Tuluy dirawat ku balad, urang Tunjung surakna pating jaleri, ratu sepuh bingah kalbu, ningali putrana gagah, tengah medan nu kasep balad-balad, nu anom kayungyun teuing.

**Pupuh Sinom**

835. Harita perang bubaran, sabab kasapih ku burit, sadaya sami marulang, di pasanggrahan caralik, reureuh palay prajurit, carekcok mani ngaguruh, ngaruiung sami tariung, kaolahan warna-warni, warna-warna inuman sagalaa aya.

836. Ratu sepuh teh mariksa, kaputraa kalangkung asih,duh raden ama teu nyana, manawaa teu yasa jurit, ama paur di kawit, den patih gagahi imut, sagala dupi gamparan, ningal hayam oge geuning, alus peupeuhan ge matih pisan.

837. Balad rame kasukaan, maen catur maen pitik, dok-dak nu keur maen bola, daringding anu keur ngarinding, ponggawa jeung para mantri, di pasanggrahan ngaguruh, prajurit balakecrakan, senang-senang nu berenti, mundar-mandir di pipih nu maen bitar.

838. Ti wengi ugi ka siang, geus areureun anu ngibing, isuk-isuk nyekep pedang, bandera di pasang deui, jam genep geu ngabaris, beres barisan sardadu, prabu ano lajeng angkat, kamedan harita sumping, balad-balad gersurak rame, kacida.

839. Prabu anom lajeng nangtung, meupeungisuk geura bijil, aya hiji raja datang bangun sareng bengis, mani gumilang geni, jeung prabu anom geus tepung, tu ngurus tatanya heula, jol jedak nggada tarik, raden nyingcet lajeng ditewak sang raja.

840. Dibalangkeun tarik pisan, tibeula ragragna muntir, nglaujgsar di tengah medan, jeung nagtung samu teu eling, biwirna jebaa-jebi, dadaligdeugan lalanjung, moro balad ti tunjungbang, tuluy dirawe, kutali pek ditarik gumilang rubuh nengkarak.

841. Lajeng digusur ku bald,d ka pasanggrahan geus nepi, diasupkeun kana apanjaraa, langkung wirang angun aji, balad taya anu mahi, sang kilanmangratus-ratus, harita babadamian, urang bokong perang jurit, pek pajukeun balad-balad sadayana.

842. Kepung Jayalalana, kudu hurup hayaoh indit, lajeng budal balad-balad.robab ;or so;a;ri kado. lale[img dem ras[ato. li saradi rebu-rebu den raspati lalana teu katingal, kaalingkung ku prajurit, Raden Patya nyaurkom manglaksa-laksa.

843. Meh teu kaetang seueurna, payuuneun raden raspati, namung tu tembong jalmina, balad nu saratus nagri, lajeng diamuk ku jin, teu puguh-puguh nguupung, ting jalerit ting koceak, nu nyatok teu tembong jirim, pada sieun balad bubar lelumpatan.

844. Pada bingung ngalawanna, ngan pakarangna nu sidik, pedangna pating kolenya,seueir balad nu ditiir, ku keris ting jelerit, hiji tumbaak ambles tilu, paeh kapangang ku tumbak, beuki heran angun aji, layon balad di medana patumpang-tumpang.

845. Munding nyampeurkeun panggangan, kaai nyampeurkeun ragaji, eta kitu ibaratna, prabu anom bingah galih, ninggalkeun perjurit, mang rebu-rebu nu kabur, layon patumpang-tumpang, getih lir susukan banjir, mani ngemplang kekeueum pinuh cileuncang.

546. Ratu sepuh bingah manah, duh mantu sing teh sakti, bet bogaa balad siluman, ditangguhmah enggeus mati, kakepung ku perjurit, teu katembong geus kalangkung, hanteu panjang dicarita, nu ngalem ka mantri aaji, geus kamalum ku emang anu keur suka.

847. Harita di medan caang, reh kalabur palajurit, balad nu saratus tea, nyarumput ka anu buni, kocap sang angun aji, putrana nuju piunjuk, duh ama nu kitu lebar, balad urang tangtos sisip, mun di antep minantu raja tunjungbang.

848. Tandingna kajabi putrana, sanes lawaneun nu ipis, kapan ratu boboyotan seueur nu kasambut jurit, kantun putra pribadi, nu baris ngayonan pupuh, mangga tinggal salesna, sanes jalmi tukang ngarit, moal lers majar tedak panghumaan.

849. Saha pitandinggeunana, nu mawi nyuhunkeun widi, ramana geus ngawidian, raden gandulaya indit, lageday satria gandang, gandang manis ampuh lungguh, wantu satria geus kocap, kawentar kaunggal nagri, nu nu nalukeun saratus nagara tea.

850. Bagahnaa ti bubudak, sakti bawa ti ajali, pilih tanding digjayana, burey keneh jago jurit, kasohor kamana mendi, dipayun jimatna cupu, ti tukang jimatna pedang, tigigir nyungkelang keris, nu ti tiwa panangan nyepeng gondewa.

851. Ngagandeungan angkat gandang, lir tedak raden secaki, lengkahna ibarat kama, pasemon taya kagimir, kocapkeun den raspati, putrana sang angun aji, Den Lalana nganggo makuta karajaan.

852. Bismilah raden nu angkat, kulit dibeulit ku isin, lengakha dijaga ku lapad, rintih nyurupkeun pangerti, ngutik-ngutik cupu manik, pangawaya nu ngalesu, beunang tapa ti bubudaak, beunang ngaji ti leuleuntuk, den lalana angkat kea lampud ku jimat.

853. Adu harupan i medan, ger surak kabeh perjurit, ramana kabina-bina, tamu arng pribumi, tumpanganpapak hapit, pada ngaku jago pupuh, tangtu rame nu tandingan, satria sami pinilih, mana bae nu kiat turuna.

654. Memeh prak nu majeng perang, silih leret silih telik,garumujeng duanana, den gandu jeung den raspati, sigana mendak tanding, nu kasep sareng nu lucu, bentna th dina yuswa, rada anom den raspati, den lalana ngandika ku pantar pisan.

855. Saha anjeun teh nya ngaran, den gandu ngawalon manis, gandulaya nami kula, aha anjeun ge wawabi, raden ngawalon deui, Jayalalana nu mahur, saur gandulaya naaha, sampean teh wani-wani, nikah putri papacangan kaula.

856. Na euweuh deui wanita, ulah rasa maneh teuing, anu gagah ngan sorangan, caan nyaho ka awak kami, mashur ka saban nagri, Gandulaya jago pupuh, tukang ngaboyong nagari, ngawalon raden raspati, kajeun teuing gagah sakadar baja.

857. Dipake nyingsieunan, kami lain buak leutik, maneh ngagungkeun sorangan, raden Gandulya nguping, salirana

ngagidir, ngaangu pisaur kitu, ka raden anom nambalang, montong loba biwir teuing, geura empak ka aaing geura ngagada.

858. Prabu anom seug ngajawa, tara miheunlaan kami, Gandulaya gada ditinggangkeun langkung tarik, teu emut den raspati, baladgna angun ngguruh, bet kakasaran deui surak, hayoh asor tumpang deui, jago urang ayeuna mah anu meunang.

859. Urang tunjung naha sia, teu surak bari ceurik, lilir deui den lalana, jarelat teras nampiling, ngan sakilat tuluy muih, den Gandulaya ngajungkung, kokosdan dina lemah, tengah medan teh nguriling, balad tunjung gersurak eak-eakan.

860. Hayoh jago sia modar, geura cokot ata mayit, tah deuleu aing jago mah, teu kudu mawa panggitik, Gandu salisir ku angin korjat lilir sug nangtung, nyabut duhun jeung susumbar, mun enya sia lalaki, ulah ngejat ieu tadah keris jimat.

861. Gunung urug batu beulah, katibnan keis aing, GAndulaya ka den Jaya, harita geus tarapti, Gandulaya ngarampil, sewuk Lalana disuduk, karisna teh hanteu tauraak, congona murilit ngelak, namung peurah karaos seueul pisan.

862. Ngalenggerek den Lalana, raraosan selang seling, teu tias sasauran, ger deui surak perjurit, ngaagorowokna tarik, deuleu eta jago pupuh, laalanan mah jago anyar, sok hayoh aing ngahapit, geuraa tahan ku sia lamun wani mah.

863. Raden lalana ngorejat, ngadeg bari ngabut keriis, terah turunan kajinan, tingburinya pamor bijil, balad angun muringis, ningal chayana ngagembur, yakitu den Gandulaya, ningal keris hemar-hemir, rada paur sebrut newah den Lalana.

864. Tandas mener kana dada, ngalenya anu ningali, teu teurak eta kerisna, namung nyerep peurah keris, ngalenggak hanteu eling, di tengah medan ngudupung, ngagoler teu bisa hudang, ditunggu ku den raspati, ampir-ampir den Gandu pegat nyawana.

**Pupuh Magatru**

865. Balad tunjung surakna mani ngaguruh, deuleu tah saratus nagri, jago sia ngadon tidur, pek budangkeun sina nyaring, sukur oge lamun kojor.

866. Gandulayaa lami-lami lajeng imut, namung rada langlang-lingling, jalugjag-jaligjeug ripuh, labuh lajeng budang deui, kawas anu keur sakalor.

867. Ti tunjungbang surakna mani ngaguruh, nyeri ngarasa kanyeri, pupuh sami pada pupuh, bayoh pada tumpang deui, silih cokel soca bolor.

868. Anu perang kabujeng waktu, tandingan kasapih burit, paturay ngaler jeung ngidul, sakitu nu mentas jurit, mulihna pating lalenghoy.

869. Barang dongkap ka pasanggrahan ngaguruh, balad mapag suka ati, ngaginggung sorana degung, melas melis sora suling, dor-doran sora bajidor.

870. Para mantri ponggawa rawuh tumenggung, rame pada ngararibing, nayuban dibarung nginum, bir arak sinarang sopi, sapalih pada marabok.

871. Sami bae pribumi tamu nyakitu, ngageder rame sawengi, nu nayub dugi ka isuk, kasukaan abdi-abdi, maen pute maen colok.

872. Geus bubaran nu maraen isuk-isuk, geus pasang deui perjurit, bandera nanjeur ka lubur, ti tamu nyakitu deui, lajeng jengkar prabu anom.

873. Sareng musuh nu kamari geus patepung, sami na keur perang tanding, tatangdanagna matak lucu, wani sami-sami wani, satria sumedeng anom.

874. Pada ngabar curiga sami maraju, duanana nyepang keris, namung batna palaur, sami gaduh manah risi, tilas kamari karapok.

875. Barang sebrut raden Lalana nu nyuduk, den Gandulaya teh leungit, alal-ilik raden bagus, kailangan lawan jurit, henteu lami beh katembong.

876. Gandulaya ngabongohan, lajeng nyuduk, les leungit Raden Raspati,andulaya nyaur aduh, si kunyang bisa ngaleungit hatena raden olohok.

877. Sanggeus tembong den anom ngadeg di payun, nyebrut rek newekeun keris, den Gandu siga kapungkur, leuingit deui tapa lebih, lami pisan hanteu tembong.

878. Anu surak ramena kaliwat langkung, tamu amgpribumi, tya nu asor nu ungul, sor batur tumpangan deui, urang silih colok panon.

879. Eukeur kitu ngagelebeg aya gunung, di tngah medang ngajegir, den lalana awas kalbu, Den Lalana ge ngaleungit, landak rebu-rebu jul jol.

880. Gunung geus dilingkung mani geus pinuh, padaa ngorowotan pasir, ngarempeyek gunung runtuh, leungit dei tampa lebih, raden Gandulaya helok.

881. Landak musna harita timbul Den Bagus, Gandulaya nyaur lirih, hanteu nyana, maneh teguh, katungtik pangarti aing, muka kaboro kanyaho.

882. Den lalana ngawalon ulah takabur, hayoh geura leungit deui, da moal burung disusul, sanajan ka luhur langit, Gandulaya les teu tembong.

883. Balad-balad hookeun hanteu sumaur, nu perang teu tembong deui, raden lalana keur nyumput, milari nu nepus bumi, harita enggeus katembong.

884. Anggeus tembong Gandulaya keur lumantung, maneh rke kamana indit, kawas lain jago pupuh, hayam lisung lamba geuning, purah kalayang-koloyong.

885. Kaget manah Gandulaya, ngiles suwung, geus tembong di medan deui, jadi sakembaran maung, tengah medan ting kulinting, kekedug bari sesegor.

886. Den lalana sumurup ngagedog kalbu, jadi singa ngajung iring, lajeng nyampeurkeun ka maung, maungnenjo tuluy ngacir, lumpatna tipaparetot.

887. Leungit maung jadi mega wani mendung, di awang-awang ngading, den lalana ge nyakitu, geus musna ngajadi angin, ka mega ngadupak sewot.

888. Henteu lami harita mega geus lebur, tuluy bae salin jinis, jadi cacing mani enyut,tengah medan heurin usik, kitu deui prabu anom.

889. Leungit angin jadi manuk geus ngagulung, ngungkulan ka tengah jurit, paparengan jadi tuh, manuk geus macokan cacing, nu teu kabagi olohok.

890. Enggeus beak cacing dihakanan manuk, Gandulaya tembong deui, bingungeun kaliwat langkung, elmuna enggeus katindih, teu kiat nadah rerempoh.

891. Den lalana nyaur hayoh sia atuh, mun hayang maneh kaputri, auh kudu buru-buru, ari hayang kanu geuis, geura biritna kumongplo.

892. Raden Gandu ngemut lebeting pangkalbu, kaduhung tara kaciri, hancengan dihakan batur, rek direbut kurang wani, salakina leuwih tanggoh.

893. Kocap balad resepeun kaliwat langkung, nongtong anu perang tanding, puguh deui ratu sepuh, ningal mantu unggul jurit, bingah kalbuna molongpong.

894. Aki jeung nini di kaputren ting hariul, nini nyaur deuleu aki, mun dunungan urang pupus, saha nu nyaah ka kami, walon aki atuh komo.

895. Aing nyandung moal aya nu ngajujur, boa moal tulus kawin, kasusah aing sagunung, hayang kanu geulis, ceuk nini ari nu gelo.

896. Naon deui da nyatu mah urang cukup, teu kurang pake jeung duit, aing nini meungpeung hirup, mun meunang parawan geulis, aing kaul meuli entog.

897. Kantun hcula aki jeung nini nu gujruk, ayeuna malikan deui nu aya di medan pupuh, gandulaya leungit deui, jadi seuneu ting salembrot.

898. Prabu anom harita keneh geus suwung, ti tengaah medan geus leungit, ngajadi hujan ngaguruh, seuneu ditinggang ku cai, pes pareum asaa kaceos.

899. Raden Gandulaya harita nguyungkung, kabulusan geus mucicid, ripuheun kaliwat langkung, ngaadegdeg bakating tiris, angkatna semu moyongkod.

900. Ngan sakilat tuluy ku raden di tumbuk, den Gandulaya ngaguling, ger surak mani ngaguruh, perjurit tunjungbang nagri, anu teu emut digotong.

901. Ku Tunjungbang ditalian seug ditutup, poek mongkleng buta rajin, satria enggeus ngaringkuk, taya peta bisa bijil, totojer-totojol.

902. Ratu-ratu nu saratus sami ribut, ningal dunungan geus sisip, geus kabandang eleh pupuh, ramana sang angun aji, napsuna mani hahaok.

903. Hayoh budal kabeh ratu nu saratus, ulah tinggaleun sahiji, geuwat kepung itu musuh, sapira manusa leutik, hayoh kudu diraronom.

904. Serta bereg budalkeun kabeh sardadu, ulah aya anu kari, kepung tikaler ti kidul, tong aya nu bisa bijil, bet piraku henteu kojor.

905. Tuluy budal ratu nu saratus ngabrul lir silaru jadi, sumawona para ratu, rk ngepung Raden Raspati, geus dironom raden anom.

906. Tingharok ting jelerit sardadu, mani asa genjlong bumi, ratu semuh na tos samar raos.

907. Den Lalana harita nuju dikepung, anjeuna mundur saeutuk, nepak-nepak kana cupu, saur kuda sambrani, teu lami kuda norokjol.

908. Kuda depa hohoang bari lulunjuk, luncat raden raspati, tunggang kuda bari imut, geus sesegor sambarani, bangun galak hayang nyogot.

909. Pada kaget nu keur ngepung para ratu, nya bener digjaya sakti, boga kuda anu kitu, sami paur palajurit, kapungkur malundur cekcok.

## Pupuh Pangkur

910. Kuda ngamukna sesepak, sambarani muntir teu beunang dibedil, sardadu patig kajungkung, diamuk pating koceak, pagoletaklayon geus patumpuk, satria raden lalana, nguwak-ngawik nganggo tamsir.

911. Namung bakating ku lobaa, baladna ge saratus nagri, poek upami halimun, tacan tembong den lalanaa, ratu sepuh ningalikeun raden paur, reh balad seueur kacida, namung barang katingali.

912. Mantu nuju tunggang kuda, ules-alus da puguh ge sambarani, anjeuna bingah kalangkung, disarengan heran manah, na tiana boga kuda anu kitu, da tadi mah hanteu awas, reugereu namah kangjeng gusti.

913. Caturkeun Raden Lalana, nu keur ngamuk ngabubukan ngnaan ngiri, nu moro pagulung-gulung, nu caket ting jarengkang, mandi getih taktak buntung taya hulu, kasabet ku pedang jimat, perjurit bareuki wani.

914. Panangan raden lalana asa komper pake nyabetan perjurit, tu kapok datang ngagimbung, kocap denewi-denewa, buta dua nu aya di jero cupu, ka rahaden sasauran, agan abdi hayang ngiring.

915. Bari ngomong tuluy luncat, buta denawi-denewa, bararijil, kalauar tina cupu, balad-balad reuwas pisan, sami gila ningal buta jangkung luhur, buk gimbal huntu tonggar, sibungna manipasalit.

916. Mata beureum kembang wera, ceuli rubak gedena upama tampir, jengkung lir caringin kurung, buta dua geus unjukan, aduh agan mangga nyingkah, tina medan raden geus nyingkir ka sisi.

917. Dua buta geus ngarabut, tangkal caringin dipegang, dibabukeun ka balad anu ngagulung, atuh bubar paburisat, ting koceak ting jalerit.

918. Lalana teh lain jalma, matak cua bet loba balad dedemit, ayeuna

ge aya diu, ngomongna jeung lulumpatan, tuluy mubus ka sedong rek menta tulung, nu sasambat ka mitoha, nu kalanceuk nu ka adi.

Anu nyambat kabogohna, aduh nyai dungakeun akang ku nyai, sugan aya milik hirup, bisa tulus ka ranjang, aceuk pach diganti ku nyai tuluy, akang mola panasaran, mun tulus ka awak nyai.

Warna-warni nu sasambat, kacapangan aya nu menta ka nini, buta dua ngamuk hibut, layon geus pabalatak, disapukeun balad laksa-laksa rebu, lir sarah katebak caah, ngaleled layon perjurit.

Den Lalana genah lenggah, nigalikeun nu keur ngamuk ka perjurit, ratu sepuh ge nyakitu, bingah amarwatasuta, aduh-aduh kutan anak manjur, tu nyangka kabina-bina, bet balad dedemit.

Balad musuh enggeus bubar, hanteu aya sahiji nu kari kur buta dua diamuk, alah-alah mah rajana, harita teh sami bubar kalabur, dibeberik ku denawa, ditewakan kawas beurit.

Diasupkeun kana koja, raja-rajaa disorendang ku denewi ka pasanggrahan geus asup, buta dua th ngranjah, naon bae nu aya tuluy digulung, barang geus dibawaan, bedog peso cangkir beusi.

Hanteu aya nu kaliwat, sumawona barang-barang nu maranis, sanajan sinduk pariuk, dulang pangarih aseupan, dibawaan ku ki denei gulung, diantayikeun kana koja, jeung raja jadi sahiji.

Buta dua tuluy mulang, tas ngaranjah ti pasanggrahan, enggeus dongkap ka payuneun sang perebu, den Lalanaa seug mariksa, mawa naon he denewi.

Ki denewa nu unjukan, kaulanun eta teh boyongan gusti, sujmuhun raja saratus, saur den Jayalalana, coba buka ku maneh, eta teh bungkus, koja ku buta diguar, raja-raja bararijil.

Sami carerong rupina, para ratu panggangona culang-caling, margi campur jeung pariuk, dihijikeun dina koja, barang-barang margi pareupeus kabeh alancur, mung kantun talawengkarna, pariuk bubuk jeung piring.

Harita bubar nu perang, ratu-ratu eta nu saratus nagrisadayana

geus ditutup, pinuh dilebet panjara, den Lalana sareng maha ratu sepuh,lalinggih dipasanggrahan, ratu sepuh bingah galih.

929. Ngariung barang tuang, nyarioskeun lampah perang suka ati, pnggawa mantri ngaguruh, sukana kabina-bina, pada muji sadayana ka mantu ratu, kabeneran bae urang, boga gusti gagah sakti.

930. Saparantos barang-tuang, prabu anom lajeng miwarang ka patih, keiu raden nya sumaur, paman patih miwaraangn, nu percekanu kira beunang diutus, piwarangan ngawartosan, ka dayeuh ngogan neng putri.

931. Sina kadieu ayeuna, kedah sumping ka pasanggrahan, den putri, den patih angkatna rusuh, nimbalana ka upacara, manch geuwat ngadeuheus ka putri ayu, pek wartoskeun kengeng perang, sarng putri kedah linggih.

932. Upacara nyembah lumpat, sinjang nyinset lumpatna bari ngabigbrig, dina jalan hanteu dicatur, ka kaputren geus dongkap, sor ngadeuheus ka putri bari miunjuk, gamparan dihaturanan, dipasanggrahan diantos.

933. Saur putri na kumaha, anu perang saha nu meunang jurit, cek upas raja nu unggul, raja saratus kabaandang, ayeuna ge sadayana geus ditutup, di tahan dipanjara, ka boyong ku raka gusti.

934. Gan putri kalangkung bingah, lajeng bae nimbalan sahiji usir, pek pasang kareta kuda, kusir lapos sadia, mung kantun jeung pasang ban kareta cukup, Gan Putri nganggo sadia, aki nini kitu deui.

935. Aki Boja scug darangdan, mararidang aki jeung nini garinding, gan putri lajeng ngadawuh, nini kudu pasang kuda, sareng aki pikeun palatuk ti payun, aki nini reuwas pisan, ngadawuhan putri.

936. Nini naha sia bisa, kudu tumpak kuda saur gan putri, nini Boja teh murungkut, boro-boro kami bisa, tumpak kuda ngarampa tacan saumur, kami mah palias tobat, papanggih ge murindin.

937. Aki ka nini teh nyentak, bangkarwarah boro mah andelan aing, talung aing lamun kitu, aing mah sok mindeng tumpak, eukeur bujang bahaeula waktu di lembur, sabab deukeut tukang jagal, saban poe moe kulit.

938. Kulit munding kulit kuda, ditumpakah ku aing di imah cicing, ngan tacan numpak nu hidup, walon nini kadongora, anongtorongan aki-aki goreng patut, nyaritakeun kuda modar, aki seuri mucung budi.

**Pupuh Pucung**

939. Saur putri Bismillah ayeuna hayu, aki geura tumpak kuda, aki jeung nini ngadegdeg, reuwas pisan ditumpaken kana kuda.

940. Aki Boja tumpak kudana murungkut, bari nyekel jampogna, geregep sela digegel, jeba-jebi ngarenghap ambekan nana.

941. Nini aki ku upacara mangka hade, suku kuring opat pek kudu cekalan.

942. Mangkahade ngajagana bisi kabur, sarta entong sina lumpat, deuleu palaur kuring teh, aki Boja kasima kiina sela.

943. Aki nini euweuh angen-angen hirup, keur kitu kuda isada, ngajerit nini ngadengek, nini Boja kekejek bari nyarekan.

944. Bangkarwarah nu ngajaga ucut burung, naha kuda sina leumpang, jeung ulah disadana gandeng, lalawora bisi aing, engke sowak.

945. Aki nini tumpak kuda diruruban, diarobeng upacara, pageuh kana sela ngegel, agan putri enggeus jengkar padaleman.

946. Kuda naggebos aki ieu empek tulung, ieu aing sieun ragrag, alaah ieung bujur lecet, lamun ragrag aing teh tangtu cilaka.

947. Agan putri ka pasanggrahan geus cunduk, ku raden lajeng dipapag, nu lungsur lajeng dikaleng, ku ramana digondeng putri jeung putra.

948. Seug lalanggaah di pasanggrahan ngariung, agan putri bingah manah, jeung raka calik ngarendeng, nu baluas harita kantun kagagas.

949. Agan anom ka patih Gagahi nyaur, mangga enggal paman Patya, ratu-ratu teh sakabeh, nu boyongan kaluarkeun ti panjara.

950. Diiring patih sakitan ti pungkur, dongkap teh dibukaan sadayana geus kaluar.

951. Diiring patih sakitan ti pungkur, dongkap payuneun sang raja, lajeng lungsur nu anom teh, den Lalana mariks kabeh boyongan.

952. Kabeh raja kumaha na arek taluk, atawana seja baha, mun moal tangtu maneh teh, ieu kabeh ku kula rek dipaehan.

953. Pada nyembah raja-raja kabeh sujud, abdi sumeja ngawula, mung nyuhunkeun hirup bae, siang wengi seja tumut ka gamparan.

954. Saban tahun nyanggakeun upeti tangtu, ti abdi sadaya raja, 2 parantos rempag sakabeh, prabo anom ngupingkeun suka manahna.

955. Kantun hiji Den Gandulaya nu mashur, teu acan dipariksa, nya lajeng disaur bae, kumaha maneh ayeuna Gandulaya.

956. Na rek taluk atawa maneh rek ngamuk, Gandulaya ngawalonan, kula mikir heula bae, menta tempo sakedap anu nonoman.

## Pupuh Sinom

957. Gan putri disindiran, ka prabu anom jeung nyiwit, kutan ieu nu ngalamar, anu hayangeun ka abdi, naha teu pantes teuing, sugan tea hayang pupuh, ngemplek jawer nganda jangjang, sihoreng hayam kabiri, can dipacok kumeok eleh ku bikang.

958. Dupi saur den Lalana, ngahuit ka agan putri, ulah kitu sasauran, et mah kacida teuing, bisi isineun geulis, Gandalaya hanteu nyaur, wirangna kabina-bina, hanjakal ningal gan putri, teu kamilik aya bagja teu daulat.

959. Ninggal gan putri kabita, leuwih hade aing mati, tinimbang kawiwiraangna, hirup ge tugenah didi, Gandulaya ngalhir, kaulanaaun gaduh piunjuk, abdi hoyong dipaehan, hirup ge percumah teuing, margi wirang saumur aya didunya.

960. Prabu Anom teh ngandika, lamun kitu mah den patih, Gandalaya pek panjara, sarta dijaraga deui, kajeun nepi ka mati, lamun teu daekeun taluk, ku patih lajeng dicandak, ka panjara geus diiring, dilebikeun patih ka pangberokan.

961. Nu kantun wungkul para raja, anu saratus nagri, sadaya sami sumerah, taraluk sumeja ngabdi, saban taun upeti, ka prabu anom tunjung, Boja nguping raja-raja, serah bongkokan ka gusti, cedok nyembah aki Boja teh unjukan.

962. Peremios aki agan, manawi aya paidin, aki rek mariksa raja, sareng hayang wawuh deui, saur raden pek aki, aki Boja tuluy nangtung, nyampeurkeun ka patalukan, gantana gantini aki, baju takwa dibeubeu carecet madras.

963. Pinuh kacatut juruna, ki boja taya kagimir, kancing gilang dua jajar, dhem bari ngusap birit, payuneun para bopati, barina tuluy sumaur, he ayeuna sakabeh raja, poma kudu taringali, kudu nyaho kaula eyangna raja.

964. Supados anjeun uninga, kula asisor nagara, dedelna nagri tunjungbang, nya kula tukang ngajaring, mun aya musuh pelit, kula nu sanggup ngarangkul, mangga anjeun sing waspada, kudu aradat ka aki, sabab aki lain jalma lalawora.

965. Para ratu ngawalonan, duh kantenan bae aki, nuhun dipasihan terang, bob bilih kaula sisip, kawantu anyar panggih, ki Boja ngupingkeun imut, ratu saratus ngawula, tuluy ngigel suka ati, bari emprak dibarung nepakan dada.

966. Urang bujengkeun carita, saparantos taluk aji, prabu anom ngadaeuhan, he sadayana paman aji, manggaa urang ka nagri, ulah aya nu kantun, urang pesta sukan-sukan, lajeng jengkar para aji, ngaleungeudeut ngiring ka raden putra.

967. Di jalan ngaguruh surak, darongkap ka tepiswiring, sami bingah sadayana, ka panciniti sarumping, lalengah pra bopati, pahibut

anu susuguh, warna-warni katuangan, menak abdi geus kabagi, sami recok ngarantosan katuangan.

968. Caturkeun dina enjingna, pangkat-pangkat geus pabuis, urus-urus kangge pest, perhiasan salebet nagri, puade matak resmi, lampu-lampu mani rantuy, damar sewuna ngajajar, tatabeuhan geus sayagi, harita tatalu pangangkat pesta.

969. Nu ngangge baksa sadia, nyandak kekemben ngabagi, para mojang geus ngajajar, sami nyandak damar lilin, ngibingna renggong manis, bendrong jeung berenuk mundur, rancag udan emas, geus maranti ti kamari langkung bingah nu ngaribing menak-menak.

970. Aki Boja teh ngorejat, tina korsi tuluy indit, cedok nyembah ngadeuheusan ka den raspati, prabu anom ngalahir, empek aki geura kaula, sarja bari kudu ijab, ngadoa salamet aki, aki Boja cedok menta tandak.

971. Hayoh panjak kudu nyora, poma kudu ati-ati, pacuan salah gong, ieu uing arek ngibing, senggak nu maranti, ponggawa tuluy narantung, ngaleprokan aki Boja, model ngigelna ge muih, aki nitah dikeprokan ku ponggawa.

972. Lumut leet kesang ngucur kesang tuntungna tuluy tiguling, cape teuing beak karep, lieur bongana nguriling, ngadegdeg jeung buncelik, ambekan ngahanju, beungetna pias pisan, ngagoler siga teu eling, anu kaul digotong ku pra ponggawa.

973. Haturan pesta lekasaan, pra ratu geus marulih, sanagrina-sanagrina rehe combrek di nagri, tilas rame teh teuing, ayeuna mung kantun tunduh, ngagoler sami talibra, kitu deui den raspati, mabok pesta lumebet ka pangkuleman.

974. Di selang heula carita, malikan kapungkur deui, nyarioskeun setan tea, nu lagrag tengah jaladri, keur waktos ditunjungpuri, sumurup ka putri ayu, dipanah ku den putra, eta setan karek eling, hate na mah hayang males ka den putra.

975. Geus mumbul ka awang-awang, bari hanteu weleh mikir, harita geus terus rasa, uningaeun den raspati, aya di tunjungbang,

kasampak raden ngajempling, den Lalana harita keur kulem tibra.

976. Harita teh pukul dua, setan bungah bari seuri, lakadalah aing bagja, ayeuna rek males pati, geus henteu tata deui, Jayalalana dirawu, kaluar ti lebet kamar, nu kulem teu lilir-lilir, geus di bawa nu kulem bijil kaluar.

**Pupuh Mijil**

977. Dipanggul ku setan jaya respati, bari banget atoh, geus mangsana ayeuna sia teh, aing arek males pati, bareto bongan diusir, ayeuna rek naur.

978. Prabu anom jongjon kulem hanteu lilir, ku setan digandong, terus ka awang-awang bae, dina mega sumiripit, ku setan nu gawe jail, lalana di lubur.

979. Tuluy turun eta setan sanggeus tebih, tengah leuweung ganggong, sok diteundeun nu kulem raden, namung tibra hanteu lilir, ngagoler di leuweung kai, setan tuluy mungkur.

980. Waktos raden enjing-enjing lilir, ngusap raray bengong, larat-leret manahna kaget, paraosan asa ngimpi, ngusap raray hemeng galih, bari nangkeup tuur.

981. Raden nyaur dina salebeting galih, bari nyusut panon, eh naha ieu aing teh, ayeuna tengah leuweung kai, sabaa anu gawe jail, napsu lebet kalbu.

982. Sareng bingbang tetep bae, kagalih ngemutkeun lalakon, lajeng ngadeg mayun kaler, raden wuwudon buligir, taya pangganggo sacewir, lajeng bae diuk.

983. Hanteu lami jol bae aya susumping, aki-aki bongkok, nyaeta eyangna raden, dongkapna teu katingali, raden anom nyembah tadim, ka eyang sumujud.

984. Sang pandita ngalahir semu nu asih, na Raden ku naon, matak aya tengah leuweung teh, raden ngawalon nangis, aduh eyang ieu abdi, teu ngartos kulanun.

985. Saur resi, lamun raden can tingali, heug aki carios, teh ieu anu hianat teh setan tukang gawe jail, kapungkur nyurup ka putri, di tanjung kadatun.

986. Maksudna teh nya ayeuna males pati, den putra ngawalon, aduh eyang jisim abdi teh, manawi aya paidin, ayeuna baden diberik, tuman rek disusul.

987. Walon resi agan eyang hanteu idin, sabab bongan enong, tacan cekap pangartos teh, rusuh ngajadi bopati, eyeuna turutkeun aki, elmu raden sipuh.

988. Hartina teh raden kudu bisa nyaring, hate mah moncorong, bisa inget sanajan sare, nya tina elmu gaib, ku hidep tacan kapanggih, di wujud sing gulung.

989. Naha hidep ayeuna beunang dipaling, tanda masih bodo, can ngahiji usik malik teh, gumulung jeung nu sahiji, nam ayeuna geura indit, ku hedep pek buru.

990. Geura jugjug ka nagri Gentrakapuri, ratuna kasohor, ratu gagah linuwih sareh, ngagem elmu anu sakti, namung ayeuna geus mati, ka putrana turun.

991. Anu bakal ngagentos rama diahir, reh manggih prihatos, meunang cangcala susah gede, kudu tulung ku anaking, mun geus bisa nulung pasti, elmu raden manjur.

992. Sabab eta wirasat karamat wali, tangtu matak kahot, ari kasusahna teh, mangka diahir kapanggih, mo dibikeun ku aki, kapendak dipayun.

993. Prabu Anom ngawalon sareng ta'dim, nyembah handap asor, nuhun rebu laksa abdi teh, namung sesah jisim abdi perkawis parabot wacis, sadaya kakantun.

994. Saur resi eta mah tong susah galih, keun eyang nu nyokot, resi peureum ngagupah bae, harita jimat kacangking, digupayan ku resi jin, jimat kabeh kumpul.

995. Sahiji ge taya nu kari di nagri, sareng panganggo, dipaasihkeun harita keneh, raden Jaya Raspati, ku Den Lalana ditampi, bingah bari imut.

996. Saur Resi Raden ayeuna pek indit, didungakeun enong, parantos nyaur sang Pandita teh teu katingal musna leungit, kantun Den Jaya Raspati, malikan kapungkur.

## Pupuh Pangkur

997. Kakocapkeun di nagara, agan putri gugah kulem kaget galih, engkang bet ngantunkeun lungsur, lajeng dibujeng ka jamban, henteu aya engkang teh ka mana atuh, agan putri agaro singsat, rakana henteu kapanggih.

998. Lajeng ngadeuheus ka rama, rek ngunjukeun gan putri parantos leungit, ramana kaget ngadangu, ngupingkeun lahir putrana, agan putri nyaurna dibarung nyuuh, duh ama urang cilaka, kang anom ngantum ka abdi.

999. Dipilari teu kapendak, atos weleh milaraian jisim abdi, ratu sepuh hemeng kalbu, na ka mana atuh agan, lajeng lungsur di lebet teras pahibut, putri nangis jejeritan, dirubung ku para istri.

1000. Ear nu maridangdam, ratu sepuh sareng garwa prameswari, di pangkuleman ngudupung, sami-sami keleleban, anu nyusul anu ngetan anu ngidul, patih cuh-cih tunggang kuda, para manti ting kuriling.

1001. Nu megat di paraptan, nanaroskeun ka sadaya abdi-abdi, namung tetep raden suwung, disraksrak ka pakampungan, nu milari lamina enggeus saminggu, weleh raden teu kapendak Tunjungbang nadah prihatin.

1002. Tunda heula anu neangan, catur deui ayeuna Raden Raspati,

alina eunggeus disusut, jol dongkap jin nu duaan, saur Raden paman patih buru-buru, ieu surat teundeun dina meja.

1003. Tada teuing leungiteun ku awak kami, surat ku jin geus dibantun, ngalayang ka awang-awang, nyewuk tanding angin puyuh nu lumaku, nyirorot ti awang-awang, ajong ka Tanjung-bang Nagri.

1004. Surat teh lajeng ditunda, dikaputren dina meja agan putri, dua patih jin geus ngantun, catur deui eta surat, ku gan putri harita geus katimu, tetela surat ti raka, dibuka dibarung nangis.

1005. Dina unggelna eta surat, duh dunungan jungjunan engkang anu geulis, mugi ulah alit kalbu, ayeuna teh apan engkang, tengah alas teu terang di kaler kidul, duka saha anu mawa, hanteu kaharti saeutik.

1006. Inget geus di tengah alas, tong kapalang sabar agan nganti nganti, ayeuna wayahna enung, paturay heula jeung engkang, masing sabar tumampi kadar yang agung, mangga tempoan heula moal lami dua sasih.

1007. Barang tamat ngaos serat, putri lumpat nguninga ka rama aji, serat disanggakeun tuluy, ku ramana geus dibuka, geus kahartos unggel serat geuning kitu, nya dalah atuh kumaha, da geus pasti ti ajali.

1008. Kocapkeun Jayalalana prabu anom leuleuweungan siang wengi, ka centa kanu dijugjug, aprak-aprakan di alas, mipir pasir nyukanag lebak unggah gunung, lamina geus tilu bulan, Den Lalana tacan nepi.

1009. Kaselang heula carita, nyaritakeun aya sahiji nagari, nagri Dermis anu mashur, kagungngan sahiji putra, putra istri geulisna kawanti-wanti.

1010. Ari dina hiji mangsa, seug ngadawuh raja ka Ki Nujum Sidik, he kumaha ieu nujum, anak kami Erum Ningrat, naha bagja

sapanjangna bisa mulus, moal mendakan halangan, cedok nyembah Nujuk Sidik.

1011. Duh Gusti putra gamparan, ageung pisan bahlana teh agan Putri, moal lepat kaulaun, putra teh dipaling buta, malah-malah eta teh buta ti gunung, dina sasih ieu pisan, buta dua tukang jail.

1012. Lenggerek Maha Raja, nguping nujum piunjukna anu sidik, ka patih enggal ngadawuh, eh patih atuh ayeuna, sing sadia kumpulkeun kabeh sardadu, geura atur balad-balad, ulah aya nu kari.

1013. Sadiakeun tumbak pedang, jeung mariem kalantaka bedil cuplis, ulah rek elat sardadu, saban poe kudu jaga, enggeus budal harita, mani ngaguruh, sardadu pada ariang, sumawona ponggawa mantri.

1014. Kacaturkeun dua buta, namina teh Buta Renas Buta Renis, harita turun ti gunung seja maling putri tea, geus ngaguruh leumpangna cundeur tir gugur, kai kasorang rarebah, batu cadas tinggaruling.

1015. Jauhna teh ka nagara, kira-kira lampahna sabulan leuwih, lamun kasorang lumaku, harita buta geus datang, tilu poe geus datang ka sisi kampung, nu ngajaga kaget pisan, kasima tuluy ngalacir.

1016. Buta noyod ka nagara, geus katembong kunu jaga ti nagari, mariem diseungeut jegur, pelor taya nu teurak, manan teurak malah meber siga nyiru, nu ngajaga lalumpatan, cul bedil nyarumput buni.

1017. Sawareh anu kasima, jongjon nangtung teu ngiceup mata buncelik, sawareh nanagkeup hulu, ku buta teh ditewakan, sahuap ku buta dilegleg terus, hiji ge taya nu kuat, kakocapkeun raden patih.

1018. Nyampeurkeun ka buta dua, nyabut keris teu aya pasini deui, gejos buta teh disuduk, kerisna teh henteu teurak, raden patih ku dua buta diburu, ditewak lindeuk kacida, disasak tuluy mati.

1019. Saltirana teh pasiksak, harita ge raden patih teh lastari, buta ka kota ngaburu, di nagara jempe pisan, di jalan ge taya jalma nu lumantung, sakabeh taya nu lunta, marintu maneh di bumi.

1020. Sumawona Kangjeng Raja, teu ka luar dikoncian kabeh buni, putra garwa sami nyumput, buta nu dua ngaranjah, saban poe di nagara ting lalantung, kocap sahiji satria, nya eta Den Patih.

1021. Saparantos pupus rama, lajeng bae ngalolos ka leuweung kai, turun gunung unggah gunung, Satria Jaya Tanapa tengah leuewung jeung Prabu Anom patepung, sami kaget duanana, nyalondo tanpa ajrih.

1022. Ningal komara sasmita, ka Den putra cahyana mani dumeling, Prabu Anom seug ngadawuh, rayi teh anu ti mana, naon maksud tengah leuweung luwang-liwung, Jaya Tanapa seug nyembah, unjukan kalangkung tadim.

1023. Kulanun dawuh gamparan, jisim abdi upami percanten gusti, tedak dayeuh nuju kabur, kawit mah Dermis nagara, anak patih mung ayeuna parantos pupus, dikoha huta jahat nuju werit lebet nagri.

1024. Abdi naros ka gamparan, damel naon anu mawi aya di bukit, Raden Lalana ngawangsul, saenyana ieu kami, aya hiji rupi anu dimaksud, Kakang teh Raya Tunjungbang, ngabujeng centaka puri.

1025. Jaya Tanapa unjukan, nuhun rebu sareng gusti abdi panggih, upami gamparan sapuk, abdi neda ditulungan, margi rayat ayeuna teh nuju bingung, malah-malah kangjeng raja, dugi sayembara putri.

1026. Saha bae nu tiasa, nu machan buta dua anu dengki, tanwande didamel ratu, ditikahkeun ka putrana, kanu geulis Erum Ningrat Lasmi Ayu, mugia gisti keresa, angkat ka nagara Dermis.

1027. Prabu anom seug ngandika, teu sawios mangga kakang nulung rayi, lajeng ti gunung lalungsur, kakosapkeun di nagara, keur meujeuhna ramena mani pahibut, palajurit rebu laksa, diatur beres ngabaris.

1028. Nu megat buta tea, sardadu sadia tumbak jeung bedil, buta dua enggeus turun nyeak lir hujan cilantang, geus ngadingding tembongna mani ngaguruh, nenjo ka balad calangap, perjurit mundur saeutik.

**Pupuh Durma**

1029. Waja balad nenjo buta sami gila, kasarima parajurit ninggalkeun jagaan, lalumpat labuh ngdapang, bari ngaheumpikan bedil, rupana pias, sora bedil mani jempling.

1030. Buta dua leumpangna pating jaligrah, semu nu taya kagimir, buukna teh gimbal, biwir jeding huntu nanggah, ceulina sagede tampir, buluan dada, sihunga mani palasit.

1031. Nu katewak ku buta tuluy dihakan, siga anu mahmah mihmih, catur Den Lalana, jeung Raden Jayatanapa, ka alun-alun dumugi, buta keur motah, di nu iuh Raden calik.

1032. Den Tanapa ka prabu anom unjukan, duh kumaha abdi gusti, ningal buta gila, teu wantun nyaketan pisan, margi pun bapa ge mati, dihakan buta, komo deui diri abdi.

1033. Saur Raden he rayi Jaya Tanapa, ulah rek salempang galih, keun kumaha kakang, tanpa nyembah unjukan, abdi paur liwat saking, aduh gamparan, ka mana nya nyumput abdi.

1034. Den Lalana lajeng nyauran ka kuda, kuda hejo sambarani,

harita kaluar pek rayi eta tutunggangan, sambarani ati-ati, ku manch bawa, di awang-awang ngulinting.

1035. Den Tanapa ngadengc geus tunggang kuda, melesat ka luhur tarik, kocap eta buta, panggih jeung Raden Lalana, buta moro bari seuri, lakadalah na keur naon budak leutik.

1036. Saur raden kapan keur megat ka sia, buta ngagakgak seuri aduh wani pisan, ditincak ge sia modar, Jayalalana ngalahir, geura pek tincak geura tewak awak aing.

1037. Buta dua ngarontok ka Raden Putra, namung raden nyingcet kesit, bitisna disepak, dua buta teh nangkarak, aduh biung peuheru teuing, sepakan budak, siga anak gelap badis.

1038. Pada napsu eta buta duanana, bareng ngarontok sakali, raden ngejat luncat, ka luhur kana taktakna, buta dua ting arilik, kamana budak, dijarejek punduk jurig.

1039. Duanana tijengkang pada nangkarak, aduh biung nyeri teuing, bet taya karunya, leutik-leutik matak modar, hayu rayi tewak deui, urang sobat jangan ditu teuing.

1040. Kalua sabangsa saudara satu darah, sampe uyuhan ka sini, musti ingetan, satu markas sama kami.

1041. Montong ngomong ceuk Denewi bari meta, repeh tong kalah-kah biwir, sia teh campelak dunungan aing ditawan, ayeuna mah reujeung aing, sok urang perang, pada buta ngarah tanding.

1042. Pada wani silih rontok buta opat, silih tonjok silih banting taya nu kasoran, wantu buta pada bedas, pada silih gegel tarik, taya nu teurak sihungna mani pabeulit.

1043. Alun-alun ledug mani paburisat, rarungkad tangkal caringin, babancong rarebah dipake nojer ku buta, eundeur sanagri dermis buta galungan embung eleh sahiji.

1044. Pada kuat eta buta anu perang, tiisuk nepi kaburit, taya nu kasoran, bedas sarua bedasna, hanteu eureun tacan peuting, terus perangna nepi kaisukna deui.

1045. Pan cape buta opat tarangginas, kesangna morolok bijil, ku tangkal kalapa pada silih bahuk tarang, taya nu rubuh sahiji, remuk tangkalna, tuluy bae gelut deui.

1046. Ki denewa ki denewi ampir kalah, kasered ku buta denis, geus dengdek saheulah, siga anu rek tijengkang, nahan bari semu nyengir, karek sasambat agan neda tulung abdi.

1047. Mangga angkat ieu abdi tigolepak, sumaur raden raspati, ngagilir denawa, ku kami arek dipanah, bisi katiir jampa-ring, gondewa mentang ngahiung pesat jamparing.

1048. Mener pisan ka buta anu duaan, buta rena buta renis, katiir ku panah huluna mani kapanggang, rampung kabawa jamparing, pisah jeung awak, buta dua geus marati.

1049. Ngabugig di alun-alun awakna, denewa denewi seuri, naha dipaehan, ku abdi rek ditalian, pikieun panakawan abdi, saur den putra, geuning maneh tadi ceurik.

1050. Harita teh satria Jaya Tanapa, ti awang-awang ningal bari tunggang kuda, lajeng lungsur ti angkasa, turun tina sambarani saur den putra, kumaha ayeuna rayi.

1051. leu buta duanana anggeus modar, Den Tanapa nyembah ta'dim, mangga ayeuna mah, gamparan teh kedah lenggah, ka rorompok abdi gusti, lajeng arangkat, ngabujeng bumi patih.

1052. Lajeng angkat Jayalalana duaan, denewi mah musnah deui, dongkap ka bumina, tanapa teras ngetrokan, kana panto jeung ngalahir, buka panto buka, ibuna-ibuna nambalang bengis.

1053. Bangun sieun sorana haharewosan, di luar teh saha deui, kutrak-ketrok cua, kawas jalma anu gundam, siga teu sieun ku jurig, anu keur motah, naha maneh teh teu ngimpi.

1054. Teu kadenge eta buta eukeur ngaprak, ti kamari henteu balik, ngawalon tanapa, ibu ulah salempang, buta ayeuna geus mati, ku gan Lalana, prabu anom lajeng linggih.

**Pupuh Sinom**

1055. Raden Tanapa unjukan, ka parabu anom raspati, gamparan di dieu lenggah, dikantun heula ku abdi, unjukan heula ka gusti, harita keneh ge lungsur, bade nguninga ka raja, di jalan teu aya jalmi, rahe comrek tiiseun kabina-bina.

1056. Asal sakitu ramena, harita mah jadi sepi, bangun narik kolot pisan da puguh sadaya jalmi, paur sinareng gimir, dikonci sadaya pintu, sadaya taya nu muka, jalmi taya anu bijil, kangjeng raja, ningkeb anjeun di bumina.

1057. Diketrokan ku Tanapa, mani sabaraha kali, sang ratu bangun kasima, teu dibuka anggur cicing, nu ngetrokan terus tarik, Tanapa barina nayur, mangga gusti enggal buka, pun Tanapa ieu abdi, ulah reuwas margi buta tos perlaya.

1058. Ratu nguliat kalawang, ngalahirna rada tarik, naha bener buta modar, leres ceuk Tanapa deui, panto dibuka gasik, raden Tanapa geus asup, cong nyembah ngandika, pamugi janten tingali, buta tea ayeuna kantun bugangna.

1059. Ku saha saur sang raja, Tanapa ngawalon ta'dim, sumuhun kersa paduka, matina eta raseksi, ku prabu anom gusti, den Lalana kaulanun, satria ratu Tunjungbang, ratu dermis bingah galih, seug ngalahir mana atuh ayeuna.

1060. Jayatanapa unjukan, aya di rorompok abdi, ayeuna nuju ngan-tosan, ratu dermis seug ngalahir, geuwat pek atuh indit, prabu anom geura susul, wartoskeun dihaturanan, den Tanapa nyembah pamit, geus ka luar rek mapag den Lalana.

1061. Di jalanana gagancangan, dongkap ka payuncun gusti, cong nyembah bari ngandika, kulanun salira gusti, ayeuna enggal linggih, ku rama ratu disaur, prabu anom lajeng angkat, den Tanapa anu ngiring, lugay medal geus ngantunkeun kapatihan.

1062. Den Putra parantos dongkap, dipapang ku raja dermis, dituyun dicandak lenggah, kaget lebeting panggalih, den Lalana nyembah nyaur, kulanun dawuh gamparan, nuhun diparios abdi, dupi kawit prabu anon ti Tunjungbang.

1063 Numawi ka dieu dongkap, nuju tengah leuweung rumbit, di candak ku den Tanapa, mundut pitulung ti abdi, reh nagri dermis werit, aya dua buta ngamuk, tah kitu eta margina, numawi ka dieu dugi, abdi gusti rumaos tos kumalancang.

1064. Neda hapunten ngalanggar, margi kaserepan teuing, ku eta buta nu dua, abdi hentcu kenging nyingkir, ditingker kanan kiri, kapaksa buta dibunuh, abdi teu nguninga beula, mugi ulah bendu galih, raja dermis gumujeng mani ngagakgak.

1065. Raden ulah aya manah, ama rebu nuhun teuing, malah aya pakadaran, ama boga anak hiji, lumayan mun kagalih, nyanggakeun ka raden estu, pasrah lilah nyanggakeun katut eusina.

1066. Lajeng nyaur hiji emban, bibi aced, geuwat indit, ayeuna saur dunungan, anak kami anu geulis, buru-buru dianti, emban aced gura-giru, enggeus datang ka kaputren, tuluy ngadeuheus ka putri, aduh agan enggal disaur ka ama.

1067. Agan putri lajeng dangdan, harita enggeus tarapti, hideung koneng da lain, nu santen miyuni lucu, taktak lir tarajau emas, sampayan pamuket ati, ramo mecut lalancip tarik ciwitna.

1068. Lir pisin nangkub imbitna, kagigir namping saeutik, ditingal ti payun lenjang, sipat rapih nyaparipih, pamilih jatnika rintih, pinareup ngabuah butun, raray bunder lemes pisan, bulu socana carentik, lambey ipis perwatek tarik ngenyotna.

1069. Dongkap payuneun ramana, ku ratu disambat linggih, cing enung ka dieu geuwat, geura calik dina korsi, tah ieu tamu nyai, pek geura aku ku enung, gan putri gumeter manah, aduh ieu bagja teuing, sugan bae badan teh kapiduriat.

1070. Lamun laksana ka dinya, eh kumaha bae diri, paeh ge teu panasaran, kitu mana agan putri, gan putra kitu deui, ningal putri nyeblak kalbu, kumejot lebeting manah, kapincut ku imut sari, tinglalaret deundeun semu dina soca.

1071. Ratu dermis geus ngandika, tah den mugi katampi, ieu teh kanggo geureuha, anak ama anu laip, den putra nyembah.

1072. Tadi, pangasih ama kasuhun, ratu dermis bingah manah ku sepuh mah tos kajudi, agan putri harita enggeus munjungan.

1073. Barang nuju sasalaman, panangan putri diciwit, dibales di jembel ngejat, panangan kandar kasisi, gan putri ngegel biwir, mutuh ku matak kayungyung, mun sanes payuneun rama, dikumaha boa teuing, raja dermis ngandika ka den Tanapa.

1074. Embarkeun buta perlaya, takol bende sina nitir, sina ka kuping ku balad, Tanapa nyembah jeung indit, nakol bende, geus nitir, nu nguping kaget kalangkung, pada barijil ka luar, siga anu suka ati, lalumpatan pada hayang nenjo buta.

1075. Ratu nyaur ka ponggawa, he sadaya parajurit, ayeuna geuwat sadia, kumpulkeun eusi nagri, karasmenan sing sayagi, pek kelun ti saban kampung, kami rek mestakeun anak, nikahkeun puputon dermis, ka sastria nu maehan buta tea.

1076. Balad-balad kabeh ubyag, wantu parentahan gusti, sakedap geus saradia, meja korsi geus ngabaris, putra sinareng putri, panganggona hurung mancur, tukang hias pinter pisan, pangantenna nitih joli, lajeng jengkar ger surak wadia balad.

1077. Gandeng sora tatabeuhan, geus melung nu tembang tarik, leugeudeut anu helaran, dialus-alus nguriling, mayak di sri

manganti, panganten harita lungsur, di masjid geus dirapalan, bingah galih putra putri, nu nyawer nganti-nganti di paseban.

**Pupuh Kinanti**

1078. Jagong tuhur meunang ngunun, dunungan bagea sumping, cikur jangkung pamuraan, anaking paralay teuing, tutut gunung keong reuma, sumangga geura gek linggih.

1079. Beres nyawer surak ribut, mariem diseungeut tarik, tatabeuhan geus disada, geueuman asa kaindit, geus walimah lajeng pesta, tujuh dinten tujuh wengi.

1080. Nu pesta ayeuna langkung, panganten ulah diintip, diselang heula carita, caturkeun sahiji nagri, nelahna Centakapura, raja gagah pilih tanding.

1081. Mangsa eta eukeur ngungun, reh paila lebet nagri, hanteu jadi pepelakan, pare gandum jagong hui, sakur bangsa katuangan, teu jadi kirang ku cai.

1082. Geus sataun hujan suwung, panasna kaliwat saking, rayat ampir kalaparan, hadena aya nu ngirim ti nagara nu boyongan, ti Lokagiwa nagari.

1083. Nagara boyongan nulung, anu dagang balawiri, sanes kana kadaharan, taya kakurangan deui, ramena kabina-bina, nagri resik liwat saking.

1084. Kamashur namina ratu, Raja Seh Rul Alam Tobib, kagungana sahiji putra, ibu rama di asih, pameget estu jatnika, raden Milama nu nami.

1085. Yuswa duapuluh taun, dienod kawanti-wanti, barang dina hiji mangsa, henteu kenging mungkir deui, sang ratu dugi panyawat, dugi kana titis tulis.

1086. Dipundut Ku Nu Rahayu, dihinpinasti anyar panggih, dicandak Ku Nu Kagungan, dipulangsara lastari, ratu sepuh kantun jenat, dagang koma sepi.

1087. Sang ratu mung kantun tunggul, garwa putra nararangis, para pangampih midangdam, tibelat ka anu mulih, kantun pasrah serah kadar, nampi kadaring Illahi.

1088. Den patih lajeng ngadawuh, eh ayeuna para mantri, sumawon aria jaksa, rehing ayeuna di nagri, ratu sepuh parantos wapat, ku putrana urang ganti.

1089. Ku raden Milama, nu ngagentos jenengan aji, sadayana sing uninga, sumawona abdi-abdi, geledug mareim sada, tawisna jenengan narpati.

1090. Balad surakna ngaguruh, tawis ngiring bingah galih, ka prabu anom centaka, sareng teras nyieun tulis.

1091. Den mantri nu diutus, tunggang kuda lumpat tarik, di jalanna hanteu kocap, harita parantos dugi, lumebet kana kaca-kaca, ka paseban parantos sumping.

1092. Lajeng ngadeuheus ka ratu, nyembah bari mikeun tulis, serat ku raja dibuka, unggelna enggeus kaharti, nguningakeun gentos raja, ratu loka bingah galih.

1093. Rupi atoh liwat langkung, nepak dada bari seuri, itu diayeuna mah, si ratu pamuk geus mati, rek dipenta nagarana, ku aing arek dilandih.

1094. Perkara si milamanu, aing teu sieun saeutik, sieun soteh ku bapana, hayoh patih geura nulis, walonan centakapura, raden patih lajeng nulis.

1095. Ungelna serat kahatur, Milamanu di nagri, serat raden katarima, putra ulah bendu galih, emang moal kumawula, ayeuna rek malik tali.

1096. Nagri centaka panuhun, ku emang arek diandih, idin teu idin dipenta mending mana mending mendi, sukur maneh lamun pasrah teu mikeun dilurug jurit.

1097. Harita surat enggeus laju, mawa walonan den mantri, ka centaka enggeus datang, cong nyembah nyanggakeun tulis, ku prabu anom dibaca, hareneg lebeting galih.

1098. Prabu anom Milamanu, tamat serat lajeng nangis, Lokagiwa kaniayaa, asa bet teu nyana teuing, ayeuna wani ka budak, keur aya ama teu wani.

1099. Mang patih ku maha atuh mun urang ngalawan, jurit, tangtu bae moal kuat, kapaksa ngirim upeti, nya dalah atuh kumaha, susahna di penta nagri.

1100. Cing kumaha anu mulus, emang patih mangga nulis, perkawis abdi mah lillah, saban taun rek upeti, mung leresan ku nagara, panuhun tong bendu galih.

1101. Ku putra moal kahatur, sakitu bae mang patih, raden patih lajeng nyerat, harita beres tarapti, harita keneh geus iang dibawa ku hiji mantri.

1102. Ka Lokagawi geus cunduk, surat ku ratu katampi, diaos kahartos pisan, geus ditilep deui tulis, gumujeng mani ngagakgak, Si Manu hayangeun mati

1103. Ayeuna teh patih kudu takol bende, masing nitir kumpulkeun sakabeh balad, ulah aya nu kari, sumawona anu dagang, sabot sajero nagri.

1104. Kudu jga saban garduh, larang ka centaka puri, tahan dagang hanteu meunang, kadaharan warna-warni, sabab negara centaka, sina kalaparan deui.

1105. Sagala taya nu tuwuh, cindekna taya nu jadi, lamun teu ti Lokajiwa, kadaharanan pasti, rayatna tangtu kalantar, kalaparan tuluy mati.

1106. Ka utusan balik manyun, bade uninga ka gusti, tunda anu cukeur mulang, Lokagiwa catur deui, nakol bende nitir pisan, geus kumpul sakabeh abdi.

1107. Biantara patih agung, sakabeh rayat geus ngarti, sadayana diwawaran, Lokagiwa geus disiplin, tara dagang kadaharan, kasmaran Centaka Puri.

**Pupuh Kasmaran**

1108. Centaka saredih kingkin, kakurangan kadaharan, sanaos saleuer artos, taya pesereun percumah, artos taya guna, budak leutik geus ngaguruh, ceurik hayang barang hakan.

1109. Abdi-abdi sami peurih, nareangan beubeutian, tibatan beutengna ngongkrong, tambah ganjel kalaparan, yarat geus patulayah, sawareh nu weureu gandum, rayat leutik maridang-dam.

1110. Ratu nyaur ka den patih, mang patih ayeuna geuwat, gudang beas buka kabeh, bagi kabeh sing walatra, menak kuring sadayana, ulah aya nu kalarung, takol bende di paseban.

1111. Ditakol bende geus nitir, riab sadayana jalma, lalaki sareng awewe, walatra dibagi beas, nu nampi suka bungah, urang nagri urang kampung, harita tuluy marulang.

1112. Saban poe balawiri, anu nampi pembagian, mung dugi ka tujuh poe, geus kosong sadaya gudang, malahan ratu pisan, tuang-eun parantos laluput, tambih sesah manah raja.

1113. Jalmi-jalmi maruringis, rahayat sami baregang, budak mah seuer nu maot, langlayeuseun hanteu kuat, najan indung bapana, kaanak loba nu cul, bolampar inget ka anak.

1114. Budak leutik kantun ceurik, lalesu taya tanaga, saha anu teu

hawatos, nu maot geus patulayah, entong boro barudak, kolot oge ting haregung, jalmi-jalmi sami nahnay.

1115. Seueur nu teu bisa indit, kumargi taya tanaga, ngalengkah pating ngalempreh, pating galero sasambat, aya nu nyambat bapa, nu kaindung nini buyut, cing karuhan menta dahar.

1116. Peurih teuing peujit kuring, naha atuh raja sepuh, make enggal teuing maot, ayeuna dahar dikisat, benerna kangjeng raja, ieu nagara dipundut, ku sang raja Lokagiwa.

1117. Sanggakeun teu matak rugi, meureun moal kabalangsak, mun kieu mah matak kojor, teu guna ngajadi raja, rayat mah kalaparan, bet raja bodo kalangkung, mun kieu maehan rayat.

1118. Warta-warta saur jalmi, saroprel teu manggih dahar, loba nu nyebutkeun gelo, raja teu boga kanyaah, na ku maha maksudna, jongjon bae jadi ratu, narek ngarajaan setan.

1119. Ari jalmi nu berbudi, mepelingan ka baturna, dulur tong karitu omong, da geus nepi kana kadar, urang lain sorangan, najan eta kangjeng ratu, anjeuna ge henteu tuang.

1120. Tangtu raja oge mati, urang moal panasaran, nandakeun belapati teh, pangesto urang ka raja, ulah ku kadongdora, sukur soteh eukeur cukup, walurat tuluy nyarekan.

1121. Kudu isin ku Yang Widi, na saha anu keresa, anu kahoyong kieu teh, sajabi gusti nu murba, nu kersa ku anjeunna, bangganing kabeh halimun poekna tara dititah.

1121. Caangna ge kitu deui, tara katawis datangna, geura urang engke oge, anging Alloh nu uninga, nu murba diri urang, matak naon kersa nulung, ari geus widi Alloh mah.

1122. Kakocapkeun kangjeng gusti, nuju ngupahan garwana, duh enung jungjunan hate, wayahna henteu tuang mah, da puguh sanagara, rayat seueur anu pupus, langlayeuseun hanteu dahar.

1124. Ngangres manah kangjeng gusti, nalangsa ningal garwana, Sumawona ka rayat kabeh, anjeuna ge kalaparan, najan teuh kusumah, dipaksa lain kumaksud, nyuuh kumambang cisoca.

**Pupuh Kumambang**

1125. Prabu anom di kajuaran teh nangis, barina sasambat, duh Alloh nu maha suci, nu sipat bapa aherat.

1126. Muga-muga gusti maparin rohim, rohman ka manusa, rahmat agung rahmat alit, kakiatan nu sampurna.

1127. Rayat abdi ayeuna seueur nu mati, maot kalaparan sanagara keur prihatin, nyuhunkeun hibar jeng rama.

1128. Ingsaalah mun kaya kei mah diri, umur abdi candak, teu guna jeneng narpati, ari rayat sangsara mah.

1129. Aduh ama naha atuh rusuh teuing, ayeuna kumaha, na bikeun bae, nagri ka sang raja Lokagiwa.

1130. Jero nagri ayeuna parantos jempling, jalmi teu ka aluar, taya jalma nu pelesir, kantun kulit sareng tulang.

1131. Rayat-rayat awewe sareng lalaki, diburuan moyan, lumayan ngarala teki, beuti jukut dihakanan.

1132. Daun kai sadayana rugul galaring, seep didalahar, ku jalmi taya nu kari, sumawon bangsa papagan.

1133. Taya pisan jalmi nu jagjag sahiji, kunyinyi sadaya, kuru aking ngajangjawing, kulit hawuk iga ragas.

1134. Budak leutik balatak dina kamalir, ngan cukeur ngambekan, ngarenghap loba nu mati, layon tara nu ngaruang.

1135. Ambu-ambu naha bet telenges teuing, teu aya ras-rasan teung-teuingeun Loka Aji, nganiaya pupuasan.

1136. Prabu anom lajeng bae, mujasmedi malangkeun ciptaan, mepet kang patang perkawis, cipta dihin hingkang tunggal.

1137. Soca dua henteu dianggo ningali, pangambung pangucap, malah senareng cepil, nyipta tunggal kalanggengan.

1138. Estu husu netep kelebet panggalih, tapakur ka Allah Milamanu nu prihatin, dimakbul sapanejana.

1139. Prabu anom raos kulem lajeng ngimpi, kasumpingan eyang deudeuh teuing incu aki, wayahna raden sangsara.

1140. Satria ulah reh dipake leutik, ke aya nu datang, ngajaait ti prihatin, aya sahiji satria.

1141. Prabu anom ratu Tunjungbang nagri, nami den Lalana, estu ning digjaya sakti, wani nugel Lokagiwa.

1142. Tangarana damina engke rek sumping, nya ku hulu buta, dua katiir jamparing, ka hulur dayeuh ragragna.

1143. Masing eling omat putra ulah lali, sakitu wasiat, masing rosa bae muji, prabu anom lahaola.

**Pupuh sinom**

1144. Katunda ratu Centaka, anu keur sedih prihatin, catur di dermis nagara, prabu anom dan raspati, nu nuju bingah galih, ras emut jangji kapungkur, dipiwarang ku cyangna, ngajugjug centakapuri, den Lalana lajeng nyaturaan garwana.

1145. Duh enung engkang amitan, neda widi bade indit, rehing bade ka Centaka, lami teuing engkang isin, piwarang eyang resi, ka

ratuna kedah nulung, sanaos teu acan terang, wajib ku engkang disungsi, na dimana pernahna nagri Centaka.

1146. Agan putri ngawalonan, Centakapura mah tebih, ngulon ngaler ti dieu mah, lalakona dua sasih, pami badarat nyungsi, kitu wartosna ti sepuh, bade naon engkang angkat, atuh abdi bade ngiring, alim kantun abdi mah kamana-mana.

1147. Nyaur deui den Lalana, geulis engkang moal lami, ayeuna kedah unjukan, ka ama nyuhunkeun widi, gan putri lajeng indit, geus dongkap lajeng piunjuk, abdi piwarang ku engkang, bade nyuhunkeun paidin, rehing bade mios ka Centakapura.

1148. Ramana hanteu ngawidian, keur naon rek angkat deui, da ieu mutlak nagri, ama mah henteu migaduh poma ulah asa-asa, wartoskeun bae ku eulis, agan putri nyembah lajeng angkat.

1149. Dongkap ka raka unjukan, duh engkang ama teu widi, saurna teh ulah angkat sing tetep di dieu linggih, prabu anom ngalahir, atuh moal pami kitu, upami teu widi mama, kacatur parantos wengi, agan putri harita parantos kulem tibra.

1150. Kira wanci tabuh dua, beberes raden tarapti, lajeng nganggo kaos jimat, geus medal ti lebet puri, di latar nejeh bumi, salira raden teh mumbul, ngalayang di awang-awang, bentang-bentang sami nyaksi, ting karetip nyaangan anu lumampah.

1151. Lepas batan kuda leupas, tarikana lir mimis bedil, ku melepas di angkasa, raden teu aya karisi, balap jeung angin leutik, nyulusup di mega paul, tunda nu di mega malang, catur deui agan putri, enjing-enjing harita teh nembe gugah.

1152. Malik guguling rarampa cupa-cupi raka sepi, lajeng ngabujeng ka jamban, di pilari teu kapanggih, mulih deui ka puri, nuju nyaur raden patih, sardadu kabeh gujrud, aya hulu buta dua, anu katlir jamparing, mantri angkat bade nguninga ka raja.

1153. Prabu anom seug mariksa, aya naon emang patih, sumuhun gamparaan ayeuna di hulu nagri, karage abdi-abdi, aya dua hulu diu, geura mangga urang layad, geus jengkar raja jeung patih, barang dongkap ka hulu dayeuh tetela.

1154. Cek ratu alhamdulilah, sugan bae emang patih, aya nu rek nulung tea, alamat impian tadi, tetela ieu sidik,den patih walon sumuhun, mantri-mantri ieu ruang, sing buni sama sekali, sugan bae jadi tumbalna paila.

1155. Lajeng ratu solat toat, neda-neda ka yang widi, mugi dipa-parin rahmat, kitu maksuna jeng gusti, teu alat siang wengi, neneda bari tapakur, supados tepi kamaksud, kocapkeun raden raspati, harita teh ngungkulan Centaka pura.

1156. Ti luhur monteng ka handap, sumiripit ngadalingling, geus ngadampal lemah, satria angkatna ginding, geus nepi sisi negri, rae ningal ka payun, heran salebeting manah, naha nagri mesum teuing, den Lalana harita geus salin rupa.

1157. Jadi jalma jajar pasar, leungit rupi nu sajati da pugub kenging ngahaja, panganggona ruwak-rawik, raden geus angkat deui, ngarandeg di hiji warung, kadinya teh lajeng sindang, di tepas warung ge calik, tukang warung keur ngagoleber henteu hudang.

1158. Saur den Jayalalana, abdi menta sangu bibi, tukang warung teh ngajawab, naha ujang urang mendi, kapan di dieu nagri kamana-manaa geus masbur, ayeuna taya nu dahar, mani aya dua saksi, malah-malah ratu oge tara tuang.

1159. Saur den Jayalalana, nagri naon ieu bibi, nu ditanya ngawalonan, nagara Centakapuri, Den Lalana imut manis, lajeng ti warung teh lungsur, ka alun-alun geus dongkap, calik handapeun caringin, ningal jalmi leumpang rarampeolan.

1160. Teu lami aya nu dongkap, nu ngaliwat dua mantri, nyampeurkeun ka den Lalana, ka raden tuluy mariksa, urang mana silaing, keur naon di dieu diuk, raden Lalana ngajawab, abdi seja bae ulih, hayang terang abdi teh di kangjeng raja.

1161. Siga naon ari raja, mantri gumujeng ngagikgik, na ilaing urang

mana, jeung saha ari silaing, rupa nu jagjag teuing, kawas anu manggih nyatu, den Lalanaa cedok nyembah, unjukan bae ka mantri, nun sumuhun ti gunung abdi gamparan.

1162. Wanta seueur kakaian, daun pucuk sareng beuti, anu ku abdi didahar, ari saur eta mantri, nam atuh ayeuna indit, mun hayang panggih jeung ratu, urang ngadeuheusan ka patya, raden harita geus ngiring, hanteu lami ka pasèban enggeus dongkap.

1163. Raden Patih teh kasampak, nuju calik dina korsi, cong nyembah mantri unjukan, sim abdi ngujukeun jalmi, sangemna teh ka abdi, hoyong tepang rupi ratu, bari unjuk ka den putra, raden patih seug ngalahir, ark naon silaing nu matak datang.

1164. Den Lalana lajeng nyembah, abdi mah urang sisi teu acan terng di raja, bade bubujeng sim abdi, raden patih ngalahirmanis, hayu atuh jeung aing, ayeuna urang ka ratu, geus ngiring raden Lalana, beuteung ngabeledeh buncir, enggeus dongkap ka payuneun raja.

1165. Prabu anom kaget manah, aya naon emang patih, den patih nyembah unjukan, ngunjukeun sahiji jalmi, ieu bantun sim abdi, piunjukna kaulanun, maksadna hoyong bubujang, di dieu di kangjeng gusti, gek calik di latar payun, ku sang raja dipariksa, rek naon datang ka kami, patih raja sami pada kasamaran.

**Pupuh Asmarandana**

1166. Den Lalana matur ta'dim, kula nun dawuh gamparan, seja dumeuheus, abdi teh hoyong bubujang ka raja, cek ratu bodo pisan, mending aya di gunung, loba oge dangdaunan.

1167. Aya di dieu mah watir, moal baranghakan, sabab taya pikeun mere, den Lalana ngajawabna, teu sawios abdi mah, najan dugi kana umur, abdi pach digamparan.

1168. Sang ratu ngalahir manis, hade manch mun iklas mah, di dieu cicing di dewek, jeung saha sia nya ngaran, den putra ngawalonan, katelahna anu nyebut abdi Jamburaya.

1169. Gancangna anu ditulis, Jamburaya geus ngabujang, di paseban kulem na teh, dipernahkeun ku sang raja, ngajag parabot kareta, bubujangna siga suhud, kumawulana ka raja.

1170. Subuh-subuh enggeus tangi, teras sasapu di latar, beresih langkung bareres, geus rada beurnag meueusan, nyiraman kekembangan, ngaremploh kembang aralus, meja korsi dielapan.

1171. Lampu lumur bareresih, ratu pramaswari gugha, euleuh eneng eta jalma, nu kamari bubujang, hideungna kaliwat langkung, bet nyaho tata di menak.

1172. Sing emang sasaur sing gasik, geroan si Jamburaya, ku kakang rek diperesen seug disaur ku pawarnag, Jamburaya sia geuwat, ka dieu sing buru-buru, disaru ku kangjeng raja.

1173. Jamburaya lumpat gaasik, ngadeuheusan ka sang raja, ku ratu seug diperesen, dipaparin raksukan, aing mere Jamburaya, kop keur manch tah baju, Jamburaya cedok nyembah.

1174. Nampina bari ngadegdeg, pek geura pake ku sia, walonna henteu werat, abdi mah saumur, nembean mendak ayeuna.

1175. Raksukan teh sae teuing, moal dianggo ayeuna, rek didamel jimat bae, saur ratu pake siah, keur digawe lumayan, eta ganti bajau butut, keun bae eta lebat mah.

1176. Engke ge dibere deui, cik ka ditu ayeuna mah, Jamburaya nyembah leos, enggeus asup ka kamarna, gumujeng dina manah, kira lamina saminggu, Jamburaya ngabujangna.

1177. Lajeng ngadeuheus ka gusti, cong nyembah bari unjukan, saur raja aya naon, matak nagdeuheus ka urang, Jamburaya cong nyembah, kaulanun kangjeng ratu, manawi widi gamparan.

1178. Hoyong terang sisi nagri, abdi can terang dipasar, sumawona toko-toko, eta teh siga ku maha, saur ratu percumah, taya nu dagang jeung warung, keur naon make ka pasar.

1179. Jamburaya nyaur deui, sanes rek nyiar dagangan, hoyong terang bae yaktos, dawuhan raja pek henam, hade tapi tong lila, Jamburaya lajeng mundur, ka kampung ider-ideran.

1180. Ningal jalmi matak watir, gawena wungkul maroyan, di buruan ting galoler, tinggaresoy kantun tulang, sawaarehna ngajaropak, laleus teu kuat nangtung, den putra watireun pisan.

1181. Lajeng nyandak cupu manik, torojol buta kaluar, denawa denewi tembong, sami naros ka dunungan, duh aya naon agan, numawi nyaur rusuh, prabu anom seug ngandika.

1182. Maneh denawa denewi geura indit geuwat-geuwat, ulah henteu saban poe, jugjug nagri Lokagiwa, ayeuna di dieu jalma, sakabeh pada ngaruyung, tina euweuh kadaharna.

1183. Maneh kudu tujuh balik, sapoena ulah salah, kudu maralaingan pare, ka nagara Lokagiwa, ayeuna keur dibuat, pek teundeun di alun-alun, jeung maneh ulah katara.

1184. Ulah katembong ku jalmi, nam ayeuna geura mangkat, denawa denewi leos, Raden Jamburaya mulang, jol ka latar paseban, sang ratu lajeng ngaadawuh, manggih naon Jamburaya.

1185. Jamburayaa nembal ajrih, aduh gusti kitu kutan, ku maha rakyat sakabeh, ripuheun kabina-bina, kumargi henteu dahar, pami abdi gusti gaduh, dikersakeun gagaha rongkah.

1186. Tinangtos kabedah nagri, ngabelaan rerencangan, ku tina matak hawatos, ratu geus waspada manah, sarehna disindiran, ngariut halisna kerung, mesem nguping Jamburaya.

1187. Kocap denawa denewi, langkung gancang di jalannaa, lampahna teu kacarios, ka Lokagiwa geus dongkap, karaget jalma-jalma, nu di sawah sami kabur, nu di buat jejeritan.

1188. Denawa denewi singkil, tengah sawah cikih cikah, pada nyaralayan pare, ku awi tali rancatan, lobana kabina-bina, hiji buta tilu ratus, geus diakut pare tea.

1190. Kacentakapura nepi di jalanna gancang pisan, tapi taya anu nyaho, sasatna teu tembong pisan, ku urang Centaka mah, ngana tembong parena numpuk, di alun-alun geus banyak.

1191. Kitu bae bulak-balik tujuh kali sapoena, buta teh ngakautan pare, di alun-alun ngalayah, geus pinuh ka mana-mana, galujrud mani ngaliud, jalmi-jalmi sami heran.

1192. Dibarung jeung suka ati, nyangka na mah anu daagang, pasedek-pasedek anu nongton, sawareh mah ting karetap, uruy ku pare tea, menak-menk sami gugup, ka alun-alun ngalayad.

1993. Seueur pare kangjeng gusti, ratu heran lajeng jengkar, milu Jamburaya oge, diiringkeun ku den patya kersa bade ngalayad, ka alun-alun geus cunduk ngawingking pare katingal.

1194. Tumpukan teh luhur deui, pare ngalayah ka jalan, gogodeg sang ratu anom hemeng galih seug ngandika, mang patih kuma peta, matak bingung sakalangkung, na ieu pare nu saha.

1195. Ari rek dibagi-bagi, ayeuna ka balad-balad, kula bingung dina hate, sababnaa tacan karuhan, ieu pare tacan sah, saur patih enya kitu, mundur maju hate emang.

**Pupuh Durma**

1196. Lajeng nyembah Jamburaya panakawan, duh gusti piunjuk abdi, Aloh sipat murah, rohma mah kangge manusa, rohim sipat anu gusti kitu gamparan anging kersa Yang Widi.

1197. Ayeuna mah pare ku gamparan bagikeun ka abdi-abdi, hawatos kacida, supados aya tanaga, mun teu kitu matak watir, pami dikisat, mun perang tangtu balai.

1198. Kakupingna ku raja rada kamanah, lajeng barempag jeung patih, paman patih kumaha, prakiraan Jamburaya patih ngajawab, abdi mah ngiringan gusti.

1199. Geus ditakol bende, nitir di paseban, burudul sadaya jalmi, nu leumpang ngarandang, aya nu oray-orayan, ka alun-alun geus nepi, patih pek ayeuna kench jami.

1200. Sadayana empek bae mararawa, tah pare paparin gusti, cekcok jalma-jalma, sakuat-sakuatna mawa, nu ngagusur nu ngajingjing, bari sarurak gujrud awewe lalaki.

1201. Geus dakdikdug nutu rame kacida di lisung geus heurin usik beas dibaheumna ku tina kaliwat lapar, anu ngabubur anu mais, ngejo ngalempah, cenghar deui jalmi-jalmi.

1202. Mani ear kolot budak disarada, ngaguruh anu saleuri catur raja mulang, ti alun-alun tiluan, Jamburaya anu ngiring, sareng den patya catur denawa denewi.

1203. Harita teh ngadeuheus ka den Lalana, nu sanes hanteu ningali, kieu aya saurna, gusti pare atos beak, di Lokagiwa geus bersih, batur uninga, naon deui tugas abdi.

1204. Saur raden maneh teh kapalang bala, lamun pare anggeus ledis, naon bae bawa, jagong ampeu, hui, kacang, kuda, munding reujeung sapi, ku maneh bawa, henam maneh balad deui.

1205. Kacaturkeun di Lokagiw nagara, sami gujrud abdi-abdi, nguningakeun ka raja, kulanun gusti ayeuna, abdi kaget liwat saking bet aya buta ngaranjah pare beresih.

1206. Unggla dinten darongkapna teh ka sawah, ratu nguping kaget galih, patih teu mariksa, buru-buru eta jaga, sing sadia tumbak, bedil ku kabeh bala, podaran bae sakali.

1207. Raden patih mepek balad geus sadia, semu ambek liwat saking, adat barangasan, gede ambek kacida, kami raden barahgeni, teu kocap pisan gancang nyabok jeung nampiling.

1208. Harita teh geus budal dek megat buta diringkeun ku raden patih, nyarumput di sawah, balad teh ngaguruh surak, raden patih lanjang-linjing, ambek ka buta, hayang geura gok papanggih.

1209. Kacaturkeun bapa maling enggeus datang, ka Lokagiwa nagri, balad geus iatna, sumawona raden patya, bedil dipasang ngabaris ku balad-balad, patih matek pedang tamsir.

1210. Patih nyaur geura awaskeun ku sia, tah eta si buta jurig, u dewek dicacag, mun tacan beulah huluna, tacan nyaho ambek aing, ku sia tanggap, ku aing buta disiksik.

1211. Buta dua geus datang ka tengah sawah, ku balad tembong ngadingding, nu tadi diajam, geus beh mah pada lalumpatan, sima marnagpengkeun bedil, ka tengah sawah, raden patih oge ngacir.

1212. Lumpatna teh cilaka meneran ranca, bres ti teuleum ngajumpalit, euleugeug beuheungna, roroesan dina ranca, taya nulung sahiji, jebeng lambeyna, rambisak diajar ceurik.

1213. Ku denawa eta balad dibuburak, tingkoceak ting jalerit, buta dua suka, ningal balad lalumpatan, denawa denewi singkil, newakan domba, kuda munding sareng api.

1214. Diringkusan ditanggung ku eta buta, mawa koja ki denewi, jimat nu baheula, ratus-ratus nu asupna, geus kitu mah tuluy balik, harita datang ka alun-alun geus nepi.

1215. Pada kaget di alun-alun sadaya, disarada kuda munding unjukan ka raja, kieu saurna den patya, ayeuna mangga tinggal, munding jeung domba, pinuh alun-alun heurin.

1216. Barang nguping sang ratu gogodeg heran, na kumaha emang patih, kula kaget pisan, saha atuh nu mawana, kaula mah henteu ngarti, jawab den patya, abdi oge hemeng galih.

1217. Lajeng jengkar sang raja ti padaleman, diiring ku raden patih, malah Jamburaya, dicandak ku kangjeng raja, teu lami parantos sumping, harenag manah, ngahuleng heran jeng gusti.

1218. Saongjongan kangjeng ratu teu ngandika, mang patih kumaha pesta, naha dibagikeun deui, kula teh susah, ieu buburak sina nyingkir.

1219. Jamburaya lajeng unjukan, ka raja, saaena mah kangjeng gusti ieu sadayana, bagikeun deui ka balad, anggur sina diparcuncit, lebar temenan, ieu mah kapan rejeki.

1220. Aya sangu tangtos kedah jeung laukna, milamanu nyentak bengis, sia Jamburaya, ngan muru bae gampangna, bahlana henteu dipikir, matak cilaka, Jamburayaa nyembah seuri.

1221. Ulah mangmang gamparan, ke diahirna, paduna kumaha abdi, najan jeung rajana, abdi nu sanggup ngawalan, mung perang abdi mah alim, kuma gamaran abdi mah sieun dipeuncit.

1222. Saur raja tugenah pikiran sia, aing oge atuh wani, ari ngawalan omong mah, aringis soteh mun perang, Jamburaya seuri nyengir, ari gamapran, aya ratu sieun mati.

1223. Prantos kitu harita lajeng marulang, ka lebet enggal sarumping, ratu ngamanahan, ku bawaning sanget heran, ngagebeg lebeting panggalih, duh palangsiang, Jamburaya nu keur nyangling.

1224. Lajeng bae ngalahir ka raden patya, boa-boa emang patih, urang teh kalinglap, kapungkur aya impenan, nu nulung eta pinasti, raja satria, nu kasep sareng manis.

**Pupuh Dangdanggula**

1125. Mangga manah ku patih sing lantip, totondena hulu buta dua, kapungkur geuning tos yaktos, nu ragrag ka alun-alun,tur katiir ku jamparing, ayeuna nu datang te, Jamburaya cunduk, meureu eta susurupan, mangga manah, sanggeus Jamburaya cicing, loba nya kadaharan.

1226. Walon patih boa yaktos gusti, ayeunaa parios nu enya, bilih urang kabobodo, matak isin sakalangkung, keur bodo katambih-tambih, kumaha upamaa enya, urang teh kapalsu, wirangna kabina-bina, mangsa aloh, kumaha akalna gusti, bongan ku anjeunna.

1227. Ayeuna mah sae sauir gusti, Jamburaya pariksa nu enya, atuh itu geuning keur sare, lajeng ku raja disaur, cik atuh saur mang patih, ctaa siJamburaya, ku patih disaur, ka dieu ki Jamburaya, kudu marek, maneh ayeuna ka gusti, enggalna ngadeuheusan.

1228. Kanjeng gusti ngadawuhan manis, Jamburaya kaula rek nanya kudu jawab anu yaktos, ulah rek sumput salindung, kaula bareto ngimpi, baris aya nu nulungan, satria pinunjul, prabu anom ti Tunjungbang, nu nulungan kana kasusah geus pasti, boa mah anjeunna.

1229. Jamburaya cedok nyembah tadim, lepat pisan abdi mah gamparan, abdi mah jalmi bodo, namung terang ratu Tunjung, satria kalangkung sakti, malahan meueusan, di jaman kapungkur, saur sang raja Centaka, sukur pisan pek teang, jeung emang patih, pek tuduhkeun ayana.

1230. Jamburaya lajeng nyaur deui, hoyong pendak kepadah peureum heula, engke katingal kulan, lebet impenan kulanun, raja peureum areng patih, harita teh Jamburaya, ngagedog sakujur, leungit rupa Jamburaya, timbul raden nu kasep Jaya Raspati, parabu anom Tunjungbang.

1231. Lajeng nyaur ka raja jeung patih, mangga gusti ayeuna mah gugaah, barang bray beunta teh kaget, ningal cahaya nu mancur, raja ragrag tina korsi, sareng patih kapiuhan, dihandap ngudupung, tina serab sareng reuwas, tampi raos, kalangkung banget kaisin, tilas ngahina basa.

1232. Barang emut patih raja nangis, diluuhan ku Jayalalana, raden putra nyaur alon, eta kakang ulah kitu, naha kawas murangkalih, anggur mah urang barempug, nyarios nu estu anu janten kasesahan, mangga daar, rayi ayeuna rek nguping, patih raja munjungan.

1233. Aduh gusti na kacida teuing, ka abdi teh na malsu kacida,a rumaos abdi mah bodo, nyanggakeun badan sakujur, tilas abdi kumawani, kumawerat kumalancang, nyanggakeun bebendu, nyaur alon den Lalana, pasal eta, kakang ulah sumpeg galih, pun rayi sawangsulna.

1234. Kedah malum wirah kumawani, ka salira kakang ngaheur-euyan, rayi rumaos lulucon, urang sami adu malum, raja patih bingah galih, lajeng linggih satata, na korsi ngariung, sukan-sukan barang tuang, raja putri ningal kaget nya panggalih, enggal bae nya munjungan.

1235. Gusti ulah bendu nya panggalih, tilas lancang kumawantun nitah, walon raden teu sawios, ulah janten rengat kalbu, sawangsulna tuang rayi, mugi dihapunten pisan, sang centaka imut, sadaya baringah manah, raden putra, nyaur semu manis, rayi pasihan terang.

1236. Naon kawit margi dinagri, kakirangan sepi kadaharan, ratu centaka ngawalon, kieu kawitna kapungkur, eta Lokagiwa nagri, sayaktosna tatalukan, barang ama pupus, aneh bet hayang malikan, ka Centakan, ayeuna hayang ngalindih, sasat menta nagara.

1237. Den Lalana nyaur semu lirih, ayeuna mah raka tong salempang, rayi nu sanggem sayaktos, anu baris motong hulu, raja Lokagiwa julig, ayeuna panenna beak ku urang diakut, eta rayi nu nitahna, maling munding, kuda domba sareng sapi, miwarang panakawan.

1238. Namina denawa denewi, pami raka hoyong aruninga, mangga urang saur bae, lajeng raden nepak cupu, nyaur denawa denewi, torojol buta nu dua, di latar narangtung, gedena kabina-bina, moal asup mun lebet ka sri manganti, nu ningal ka sarima.

1239. Prameswari ratu sareng patih, tinkaleper ngahodhod, reujeung ngesang, kasima mani ngadegdeg ratu nyaur semu paur, aduh ampun engal rayi, kakang teu kiat ningalna, simpen deui atuh denawa denewi musna, asup deui, kana cupu anu tadi, nu ningal kantun reuwas.

1240. Ratu nyaur lebeting pangalih estu nyata raden teh digjaya, impenan teh geuning yaktos, baladna oge kaget kitu, matak gila nu ningali, meureunan buta siluman, datangna jeung suwung, mani teu katingal pisan, na di mana, cicingna eta raksesi, kitu manah sang raja.

1241. Milamanu nyaur langkung manis, sawadina piunjuk pun kakang, ayeuna lokagiwa teh, waktos bage gaduh mantu, baris pesta rame leuwih, ngarendengkeun putra, sekarningsih Ayu, ka putra ratu Campala, nu wasta Raden Brahma nu manis, satria gagah rongkah.

1242. Den Lalanaa ngagebeg panggalih, nguping saur sang ratu Cempala, bubuhan ramana tulen, harita emut ka ibu, manah nganggres lajeng nangis, satria medal cisoca, banget kalbu ngungun jeung ibu hoyong patepang, kapiraray dina lebeting galih, nu sakitu nyaahna.

1243. Manah raden estu sedih kingkin, rusras seueur anu kamutan, ras emut ka papasten, ras emut ka ibu ngangluh, emut ka ramana sedih, asa nyapirakeun pisan, ka anjeuna estu, nangis bawaning nalangsa, geus kumejot, hoyong enggal deui panggih, ayeuna rek kumaha.

1244. Kangjeng rama harianeun, teuing, nu dienod wungkul kakang Brahma, manah raden mani ranyod, nahan napsu bati lesu, hoyong gurudug nepungan, ibuna kokolebatan, nyeri nyuksruk sungsum, aduhibu ieu putra naha ibu, henteu imut ka sim abdi, Den Lalana lumenyap.

1245. Manah nyongsrong hoyong enggal panggih, ka ibuna geus hoyong, patepang, mani geus katingal bae, raden ngaos ashadu, alabalaha ilalah, bet naha kapati-pati, raden calik emut tumaros, raja Centaka, na kunaon, rayi anu mawi nagis, akang teh reuwas pisan.

1246. Walon raden ku nalangsa rayi, naha emut ka rahayat kakang, katingal waktos bareto, ti watir sakalangkung, kitu anu mawi nagis, rasiahna teu dipedar, yasa ngandung semu, naros deui Den Lalanaa, kinten di Lokagiwa nagri, sabaraha deui lamina.

1247. Bade pesta ngarendengkeun putri, milama nu lajeng ngawalonan, parantos caket wartos, dikinten aya saminggu, moal lepat pesta pasti, ngahuleng raden Lalana, ku hoyong gera jug, nongton anu bade pesta, meureun resep, ramena kaliwat saking, anu anom bingbang manah.

Hatur punten ka sadaya ka nu sepuh ka nu anom, sakur nu ngaos kana ieu wawacan bilih aya kalepatanana nyuhunkeun dihampura oge.

# BAB III
# ALIH BAHASA

## 3.1 Teknik Penerjemahan

Menurut Catford (1965) alih bahasa atau penerjemahan adalah penggantian bahasa sumber (BSU) dengan naskah bahasa sasaran (BSA) yang berpadanan. Sehubungan dengan pernyataan tersebut, alih bahasa mengandung arti menuturkan kembali isi teks bahasa sumber ke dalam teks bahasa sasaran menurut bentuk penuturan penerjemah.

Perihal alih bahasa Naskah Wawacan Jayalalana (WJ) dikerjakan melalui tahap-tahap sebagai berikut. Pertama, teks bahasa sumber dibaca untuk memahami maksudnya. Kedua, teks bahasa sumber dialihbahasakan (perpada) ke dalam teks bahasa sasaran dengan menuturkan kembali isi/maksud teks bahasa sumber dengan mencari padanannya dalam bahasa sasaran tanpa menghilangkan makna yang sesungguhnya. Ketiga, penyuntingan dengan menyusun kembali hasil pada tahap kedua menurut struktur bahasa dan ejaan bahasa sasaran bahasa Indonesia.

Penerjemahan karya sastra daerah ke dalam bahasa Indonesia bertujuan agar warisan kekayaan budaya dan rohani daerah benar-benar menjadi milik nasional (Ajip Rosidi, 1977;180). Sejalan dengan tujuan tersebut, maka penerjemahan naskah wawacan Jayalalana (WJ) diharapkan dapat mengenai sasarannya.

## 3.2 Terjemahan Naskah Wawacan Jayalalana

### Pupuh Asmarandana

001. Sebagai penghibur hati yang sedang susah karena cinta, penghibur hati yang sedang gembira, mudah-mudahan menjadi 'parah', menghindari langkah yang salah, keluar dari kesusahan, mengusir nafsu yang tidak baik, terputus oleh laku pencegah.

002. Daripada diam melamun, lebih baik membuka-buka kertas, bernyanyi menjadikan tidak mubazir, mencari-cari dalam layang, semoga jadi manfaat, segala kesulitan terputus sama sekali tidakada hasil, silakan.

003. Bismilah memulai ditulis, ada sebuah negara, negeri besar serta ramai, namanya negeri Cempala, yang memerintah negara, termashur keberaniannya, namanya Jayasumerat.

004. Ratu yang adil dan bijaksana, kepada orang kecil sangat sayang, raja sedang muda-mudanya, mempunyai istri dua, putri yang sangat cantik, sikapnya baik dan anggun, tidak ada kekurangan.

005. Kepada istri muda sama-sama baiknya, tidak pernah ada pertengkaran, mustika wanita asli, lucu selamanya, saleh serta setia, yang tua namanya dikenal Sariratna.

006. Yang muda neng Wulansari, keturunan jin, keturunan yang memegang kerajaan, pimpinan negeri Cempala, sampai pada suatu saat, ratu pada istrinya berkata, diiringi dengan genangan air mata.

007. Duh, buah hati yang cantik, nyawa kakak selamanya, kakak tetap dalam hati, tetap ingin punya anak, yang tampan serta pemberani, istrinya menjawab sambil tersenyum, saya pun demikian.

008. Saya memohon bantuan siang malam, memohon kepada Allah, ingin segera teralami, sesekali saya kepada anak, puasa mengurangi segalanya agar maksud terlaksana, mudah-mudahan hasil dikabulkan, setiap Jum'at juga nadar.

009. Bakti kepada Tuhan Yang Maha Suci, sedekah kepada semua fakir, hanya tetap tidak habis ihtiar, selama belum terlaksana, akhirnya mulai saat ini istri ratu, maksud keinginannya dikabulkan.

010. Tak lama dua putri, sedang ngidam badannya lemas lesu yang sedang hamil, lebih bahagia hati raja, dianggap barang yang dijaga keselamatannya, diasuh oleh dukun pintar, oleh ajar 'gunawiesa'.

011. Kita cepatkan dikarang tembangkan, kedua istri raja, tujuh bulan sedang hamil, sang raja terus memerintah, kepada mantri yang cekatan, mengumpulkan dukun yang tinggi ilmunya, paraji yang bijaksana.

012. Dibawa ke dalam negeri, dibangunan tempat berkumpulnya orang-orang sudah ada, peraji berjajar, dihadapi oleh sang raja, duduk menghormat lebih hormat, tepat ada enam puluh, berkatalah ratu.

013. He, semua dukun peraji, kalian harus berjaga-jaga, siang malam di kaputren, awas jangan sampai terlambat, jampi dan syarat untuk menghindari bahaya, adat istiadat, nenek moyang, katanya memberi tahu.

014. Kita tinggalkan raja putri, dikisahkan salah satu jin, jin Sumluk namanya itu, ahli tenung yang menyakitkan, sudah tahu saat itu, dari awan yang melintang sudah turun, menuju putri yang paling muda.

**Pupuh Sinom**

015. Dikisahkan Neng Sariwulan, setelah dimasuki jin, tiada tenaga sedikitpun, kemudian lesu sekali, siang malam hanya menangis, sebab oleh setan ditenung, jabang bayi berganti rupa, yang mau tampan, sudah ditutup oleh setan di dalam perut.

016. Diketahui oleh sang raja, melihat istri gelisah berguling-guling, menangis tiada putusnya, bingung hati sang raja, kepada yang menjaga berkata, he semua dukun, kalian kurang hati-hati, menjaga tuan putri, sebab buktinya tidak ada tumbal yang ampuh.

017. Ayo, segera usahakan, masa tidak ada yang ampuh, dukun beranak kaget, mendengar perkataan jeng gusti, sibuk bersiap-siap mengucapkan jampi yang ampuh dengan sekuat tenaga, tuan putri dijampi-jampi, tak lama kemudian tuan putri bangun, setan yang ada di perut kepanasan.

018. Jampi pemunah terasa panas, seakan dibakar oleh jin, dari perut keluar, kemudian kabur ke angkasa, dikisahkan sekarang putri, saat itu juga sadar, sembuh seperti sedia kala, kangjeng gusti hatinya bahagia, he dukun beranak sekarang saya bersaksi.

019. Oleh karena tuan putri sembuh, saya akan membagi uang, tapi mulai dari sekarang, harus lebih hati-hati, menjaga siang malam, sampai pada waktu melahirkan, awas jangan sembarangan, takut kena lagi, para dukun menjawab mengiyakan.

020. Dukun beranak sama, menerima hadiah dari raja gusti, semuanya berbahagia, juga lebih hati-hati, menjaga istri raja, siang malam sama-sama menjaga, bergiliran tiada putusnya, ketemu minggu berganti bulan, sampailah pada yang hamil sembilan bulan.

